lagi pula Bibi akan pergi.

Kebetulan dipanggil,
syukur Ahmad pun diundang,

*teu kacatur di jalanna,
dua emban enggeus nepi.*

*Jeung nyi randa enggeus tepung,
kasondong randa keur calik,
nyi randa Ahmad sumingkar,
seug nyai randa gumati,
mayunan ka piwarangan,
nyi emban barang ningali.*

*Ka raden Ahmad nu mashur,
nyi emban gebeg ningali,
hookeun mani meh ngacay,
sakalangkung sakit ati,
matak serab titingalan,
cahya den Ahmad raspati.*

*Ari ras ka anu ngutus,
gebeg reuwas emban risi,
pek bae emban carita,
bibi ieu jisim kuring,
di utus ku eneng putri,
bibi ayeuna diangkir.*

*Sareng Ahmad kantun,
neng putri palay ningali,
lebah lawang luar tunda,
kitu wangkid eneng putri,
nyai randa matur mangga,
eukeur mah bibi rek indit.*

*Kabujeng aya panyaur,
sukur jeung Ahmad diangkir,*

ayo Raden Ahmad,
kita menemui Tuan Putri,
baiklah kata Raden Ahmad,
tanpa berlama-lama.

Sudah berangkat dari Karang
Kamulyan,
tidak diceritakan di perjalanannya,
setelah tiba di pintu,
di pintu luar gerbang,
Raden Ahmad ditinggalkan,
diam sendiri di luar.

Randa dan Sumingkar berjalan terus,
menghadap Raden Putri,
setelah melewati pintu ketujuh,
sudah tampak Nyi Putri,
melambaikan tangan kepada Nyi
Randa,
Nyi Randa lalu duduk.

Dengan Sumingkar duduk tertunduk,
Nyi Putri lalu berkata,
Bibi mengenai masalah itu,
biarlah nanti saja,
tentu tidak akan salah menghitung,
Bibi keperluan yang sebenarnya.

Saya mendengar kabar,
selentingan terbawa angin,
katanya Bibi mempunyai anak,
seorang laki-laki,
Nyi Randa lalu menyembah,
benar sekali Gusti.

*hayu atuh raden Ahmad,
urang ngadeuheus ka putri,
raden Ahmad matur mangga,
teu lila waktuna deui.*

*Ti karang kamulyan geus jung,
di jalanna teu kawarti,
enggeus dongkap kana lawang,
dina lawang luar kori,
raden Ahmad seug ditunda,
sorangan di luar cicing.*

*Randa jeung sumingkar tuluy,
ngadeuheus ka raden putri,
geus ngaliwat tujuh lawang,
nyi putri enggeus ningali,
gugupay ka nyai randa,
nyai randa enggeus calik.*

*Jeung sumingkar mando tungkul,
nyi putri lajeng ngalahir,
bibu perkara repotan,
tunda bae engke deui,
da moal lali itungan,
ari perluna mah bibi.*

*Sareh kula kenging dangu,
selenting bawaning angin,
pajar bibi gaduh putra,
sartana eta lalaki,
nyai randa matur nyembah,
sumuhun parios gusti.*

Syukur kata Tuan Putri,
telah ada teman pria,
Randa menyembah lagi,
Bibi kemari lagi lusa,
hanya yang bernama Ahmad,
saya ingin tahu Bibi.

Segeralah Bibi pulang,
suruh putra Bibi masuk,
Nyi Randa berkata baiklah,
pergi dan menyembah Raden Putri,
setelah keluar dari keputren,
bertemu dengan Ahmad.

Nyi Randa berkata kepada Ahmad,
Raden dipanggil Putri,
sekarang harus menghadap,
Tuan Putri ingin bertemu,
Raden Ahmad berkata baiklah,
Nyi Randa segera pulang.

Raden Ahmad pergi ke depan,
tiba di depan pintu gerbang,
datanglah prajurit yang menjaga,
bertanya dengan bengis,
dari mana kamu,
hai laki-laki.

Raden Ahmad menjawab,
betul sekali saya laki-laki,
saya putra Nyi Randa,
pengurus kebun Nyi Putri,
dipanggil oleh Tuan Putri,
disuruh masuk ke puri.

*Dawuhan neng putri sukur,
batur lalaki sayagi,
randa teh haturan nyembah,
bibi pageto ka dieu deui,
ngan ari nu ngaran Ahmad,
hayang nyaho kula bibi.*

*Ari bibi geura wangsul,
putra bibi masing calik,
nyi randa matur sumangga,
nyembah indit payuneun raden putri,
geus ka luar ti kaputren,
jeung Ahmad enggeus papanggih.*

*Nyi randa ka Ahmad nyaur,
raden disaur ku putri,
ayeuna kudu deuheusan,
neng putri palay ningali,
raden Ahmad matur mangga,
nyi randa engalna mulih.*

*Den Ahmad angkat ka payun,
geus dongkap ka lawang kori,
reb perjurit nu ngajaga,
nanya barina jeung bengis,
kuwe orang dari mana,
orang bagus laki-laki.*

*Raden Ahmad seug ngajawab,
iya betul saya laki,
saya anak nyai randa,
karandan kembang nyi putri,
dipanggil sama jeng tuan,
disuruh masuk di puri.*

Bolehkah saya masuk,
 harus bayar seratus ringgit,
 kalau tidak mampu membayar,
 lebih baik kamu pulang,
 cepat kamu jangan lama-lama,
 Ahmad Raspati termenung.

Perkiraannya tidaklah begitu,
 di depan pintu gerbang,
 saya tidak membawa,
 Ahmad melamun dan menangis,
 bercampur malu,
 berpikir cara untuk meloloskan diri.

Lalu teringat kepada Syekh Jagung,
 teringat akan nasihatnya,
 secepatnya Raden Ahmad,
 mengusap pipi dua kali,
 keluarlah uang dinar,
 prajurit bengong melihat.

Serta tepat seratus,
 dari situ terus pergi lagi,
 tampak lagi penjaga pintu,
 penjaga pintu minta uang lagi,
 Raden Ahmad segera,
 mengusap pipinya tiga kali.

Berhamburan uang seratus,
 penjaga pintu tampak bengong,
 berkata dalam hatinya,
 seumur hidup baru menemukan,
 ada tubuh yang mengeluarkan uang,
 sungguh kesatria yang benar-benar
 sakti.

*Boleh guwe mau masuk,
 mesti bayar seratus ringgit,
 kalau tidak kuat bayar,
 lupegih kamu balik lagi,
 lekas kuwe jangan lama,
 ngahuleng Ahmad raspati.*

*Sugan teh henteu kitu,
 di pasti pamuka kori,
 kula sadut teu mawa,
 ngahuleng den Ahmad nangis,
 wirang pabaur jeung era,
 mikir pikeun lulus diri.*

*Pitulung ras ka seh jagung,
 piwurukna seug kaeling,
 saenggalna raden Ahmad,
 ngusap pipi tilu kali,
 bijil duit uwang dnar,
 perjurit bengong ningali.*

*Sarta geus jejeg saratus,
 ti dinya raden angkat deui,
 beh deui n jaga lawang,
 menta deu uwang pamuka kori,
 enggalna deui den Ahmad,
 ngusap pipi tilu kali.*

*Murubut uang saratus,
 tukang kori bengong deui,
 nyaur sajeroning manah,
 saumur kakara manggih,
 aya bahan ngising uwang,
 satria digjaya leuwih.*

Pantas saja tidak ada yang mampu,
mencari pria sejati,
diceritakan lagi Raden Ahmad,
telah melewati tiga pintu,
Raden Ahmad segera,
menuju prajurit keempat.

Ketika tiba di pintu ketiga,
sama seperti sebelumnya,
dari sana menuju yang keempat,
kelima, juga keenam,
setelah sampai ke pintu ketujuh,
tepat menjadi tujuh ratus ringgit.

Raden Ahmad sudah tiba,
di dalam keputren putri,
duduk di samping pintu,
beralaskan lantai bata,
diketahui oleh seorang dayang,
segera memberi tahu Tuan Putri,

Duh Gusti tamu,
yang dipanggil Gusti,
yang bernama Raden Ahmad
putra Nyi Randa Sumingkar,
mana dayang kata Nyi Putri,
saya ingin tahu.

Ada di depan kata dayang,
segera Putri Siti Bagdad,
pergi melihat Raden Ahmad,
ketika jelas terlihat,
berdebar hati Siti Bagdad,
Putri memandang dengan terpesona.

*Paingan taya nu mampu,
neangan lanang sajati,
kocap deui raden Ahmad,
tilu lawang eta geus nyingkir,
engal deui raden Ahmad,
aya opat parajurit.*

*Dongkap ka lawang katilu,
nya kitu deui dimisti,
ti dinya beh nu kaopat,
kalima kagenep deui,
geus dongkap ka tujuh lawang,
jejeg tujuh ratus ringgit.*

*Raden Ahmad enggeus cunduk,
ka jero kaputren putri,
geus calik di emper lawang,
di hambalan bata ubin,
ka pendak ku hiji emban,
gasik unjukan ka gusti.*

*Nun gusti ngunjukeun tamu,
anu disaur ku gusti,
nu jenengan raden Ahmad,
anak nyi randa Sumingkar,
cek nyi putri mana emban,
kami hayang terang teuing.
Cek emban tuh nu di payun,
enggal Siti Bagdad putri,
angkat ngalongok den Ahmad,
barang beh sidik ningali,
ranjug manah Siti Bagdad,
putri hookeun ningali.*

Sementara waktu tak berkata-kata,
Putri berlinang air mata,
dalam hatinya berkata,
sungguh tidak disangka,
ada orang,
yang begitu menarik sekali.

Tampan tiada duanya,
pantas saja setiap wanita,
bila seperti ini ketampanannya,
menjadi merana,
seperti saya sekarang,
terbukti bukan hanya kabar angin.

Melihat hidung ingin mencium,
melihat bibir ingin mencubit,
melihat paha ingin mengasah,
diasah oleh pahaku,
aduh siapakah yang tampan ini,
sangat menggodanya mata.

Cahayanya demikian bersinar,
seakan menyinari keraton di Mesir,
Raden Ahmad bersila dan tunduk,
tampak malu,
setelah begitu lama belum ditanya,
Nyi Putri hanya memandangi.

PUPUH ASMARANDANA

Selanjutnya Raden Putri,
berkata kepada Raden Ahmad,
Kanda duduklah di sini,
di tempat tidur kerajaan,
dengan penuh hormat Ahmad berkata,

*Sajongjongan hanteu nyaur,
cikaseer putri bijil,
nyaur salebeting manah,
aduh hanteu nyana teuing,
bet aya potongan jalma,
mana lucu-lucu teuing.*

*Kasep meakeun batur,
pantes oge para istri,
mun kieu potonganana,
pantes rek jadi kasakit,
jadi aing teh ayeuna,
geus bukti teu kabar yakin.*

*Nenjo irung hayang nyium,
nenjo biwir hayang nyiwit,
nenjo pingping hayang ngasah,
diasah ku pingping aing,
aduh teja sulaksana,
katon tinawati becik.*

*Kantun cahyana pinunjul,
pinunjul katon di Mesir,
raden Ahmad tungkul sila,
sakalangkung tina isin,
geus lami tacan mariksa,
bet neutaup bae nyi putri.*

*Ti dinya teh raden putri,
lajeng nyaur ka den Ahmad,
enggang ka dieu calik teh,
kana ranjang panglinggihan,
geus ti ajrih saur Ahmad,*

seumur hidup hamba,
tidak pernah duduk di kursi kerajaan.

Tempatnya di atas lampit,
saya orang hina,
kata Raden Putri,
manusia tidaklah berbeda,
sama-sama cucu nabi Adam,
memang betul saya anak penghulu,
yakni cucu sultan.

Yang berpangkat hanyalah ayah dan kakek,
kalaupun saya berpangkat,
tidak ada salahnya berteman,
tanpa terhalang oleh pangkat,
dan sesungguhnya pangkat,
kewajiban dari yang di atas,
adalah rukun dengan orang kecil.

Saya adalah Tuan Putri,
Tuan Putri adalah saya,
begitu pula dengan Kanda,
jangan hanya karena putra randa,
tidak mau berteman,
sambil menuntun Raden Ahmad,
dan mencolek pipinya.

Tersenyum sambil berkata,
minuman dan pipa disuguhkan,
seperangkat untuk menginang pun
tersedia semua,

*jisim abdi mah saumur,
tara diuk dina ranjang,*

*Panganehna dina lampit,
jisim abdi jalma hina,
saur raden putri ayu the,
karana teu beda jalma,
tunggal seuweu putu adam,
bener kuring anak pangulu,
seuweu putu mah sulton.*

*Nu pangkat bapa jeung aki,
sanajan mun kuring pangkat,
akur mah taya sawios,
teu halangan sabab pangkat,
sareng deui mungguh pangkat,
kawajiban nu ti luhur,
nya akur ka nu ti handap.*

*Kaula kalawan gusti,
gusti kalawan kaula,
sakitu deui engkang teh,
ulah kena anak randa,
henteu kersa diakuran,
den Ahmad bari dituyun,
bari ditoel pipina.*

*Mesem barina ngalahir,
sor leueuteun sareng hoga,
lemareun sayagi kabeh,
sareng deui Siti Bagdad,*

Siti Bagdad pun,
memandang terus kepada Ahmad,
Kanda tinggallah di sini,
ditinggal pergi sebentar.

Saya hendak ke belakang,
Raden Ahmad mempersilakan,
tidak lama kemudian Raden Putri,
tiba di hadapan penjaga pintu,
penjaga pintu ditanya,
pria yang masuk tadi,
putra randa bernama Ahmad.

Apakah pembayaran uangnya sesuai,
semua penjaga pintu berkata,
cocok semuanya,
Nyi Putri bertanya lagi,
di manakah menyimpan uangnya,
hanya di sana tuan Putri,
dari tubuhnya keluar uang.

Putri Siti Bagdad berkata,
sambil tersenyum dalam hati,
merasa heran mendengar cerita,
sudahlah jangan dibicarakan,
pria kaya itu,
bukankah kami terkenal,
putri Mesir Binantara.

Memang benar itu,
yang dicari oleh saya,
perhatikan saja nanti,
ketika pulang,

*ka Ahmad teu weleh ningal,
enggang di dieu dikantun,
sakedap dikantun linggih.*

*Sim kuring arek ka cai,
raden Ahmad matur mangga,
teu lami raden putri teh,
geus sumping ka jaga lawang,
jaga lawang dipariksa,
tadi lalaki nu asup,
anak randa ngaran Ahmad.*

*Cocog mayarna teh duit,
pada matur jaga lawang,
sadaya cocog sakabeh,
nyi putri deui mariksa,
dimana neundeun uwang,
ngan lebah dinya nun,
tina tinimbangan bijil uwang.*

*Saur Siti Bagdad putri,
mesem lebet Siti Bagdad,
aneh ngupingkeun carios,
enggeus montong dibicara,
eta lalaki digjaya,
kapan kami enggeus mashur,
putri Mesir binantara.*

*Enya eta pisan pasti,
anu diarah ku urang,
intip-intip bae engke,
ku maneh watuna mulang,*

seandainya tidak memenuhi
permintaan,
tentu saja orang tersebut,
kalah kaya oleh saya.

Nyi Putri segera kembali,
tiba di hadapan Raden Ahmad,
niat Raden Putri berubah,
ingin mencelakakan tamu,
membawa beraneka macam makanan,
anggur yang diberi racun,
serbuk besi bercampur rujak.

Meja telah disediakan,
makanan sudah disiapkan,
tidak lama kemudian,
di atas meja telah siap,
tersedia makanan,
Raden Putri lalu berkata,
kepada Raden Ahmad.

Kata Raden Putri,
kepada Raden Ahmad,
alasan Kanda diundang,
karena hendak dijamu oleh saya,
mari kita makan,
saya ingin syukuran,
Kanda telah datang ke Karandan.

Jangan malu-malu,
benar demi Tuhan,
saya telah bersusah payah,
bila sampai tidak dicicipi,
alangkah kecewanya saya,

*lamun teu bukti pamenta,
eta jalma geus tinangtu,
eleh digjaya ku urang.*

*Eneng puti enggal mulih,
sumping ka payuneun den Ahmad,
manah raden putri serong,
ka semah rek masang cidra,
nyandak warna katuangan,
anggur dibarung racun,
daun beusi campur rujak.*

*Pasang meja geus sayagi,
katuangan geus sadiya,
henteu lami waktuna teh,
dina meja enggeus masang,
geus sadiya katuangan,
raden putri lajeng nyaur,
mayunan ka raden Ahmad.*

*Ari saur raden putri,
nya eta ka raden Ahmad,
enggang mawi diangkir teh,
ku kuring rek disuguhan,
mangga urang barangtuang,
jisim kuring arek kaul,
enggang sumping ka karandan.*

*Poma ulah aya isin,
asing bangsa kerna allah,
kerah-kerih beunang hese,
upama hanteu dituang,
pisakumahaunteuing nya awak,*

silakan Kanda duduk,
di atas kursi goyang.

Bersama-sama dengan saya,
Raden Ahmad mengikutinya,
segera dari tempat tidur menuju,
kursi yang telah disediakan,
lalu Raden Ahmad minum,
anggur beracun,
dibiarkan oleh Putri.

Anggur yang telah dicampur besi,
diberikan kepada Raden Ahmad,
singkat cerita Raden Ahmad,
mengambil gelas lalu minum,
ketika tersisa setengahnya,
gelas jatuh Raden pun limbung,
lalu muntah-muntah.

Raden Ahmad pingsan,
tergolek di atas meja,
ketika muntah ada yang keluar,
yakni kepala burung,
diambil oleh Raden Putri,
sambil berkata dalam hati,
inilah azimat si Ahmad.

Kepala burung sangat bagus,
bercahaya bagaikan emas,
kepala burung tersebut segera,
dimakan oleh Siti Bagdad,
ketika masuk ke dalam mulut,
kepala burung tidaklah hilang,
dan dapat menjadi uang.

*mangga engkang geura lungguh,
kana luhur korsi goyang.*

*Berjamaah jeung sim kuring,
raden Ahmad matur mangga,
enggal ti ranjang mios,
kana korsi enggeus lenggah,
pek den Ahmad barangtuang,
anggur dibarung racun,
ku putri pek dipairan.*

*Anggur nu didaru beusi,
disanggakeun ka den Ahmad,
enggalna raden Ahmad teh,
nyandak lumur pek dituang,
sakari geus satengahna,
lumur ragrag raden lanjung,
golokgok ongkekna budal.*

*Raden Ahmad hanteu eling,
ngalenggerek dina meja,
aya nu bijil keur ongkek,
eta hulu manuk tea,
ku raden putri dicandak,
nyaur sajeroning kalbu,
nya ieu jimat si Ahmad.*

*Hulu manuk alus teuing,
hibar ruhay ciga emas,
enggalna hulu manuk teh,
dituang ku Siti Bagdad,
barang sup kana bahamna,
tampa musna hulu manuk,
ngamakan di uwang-uwang.*

Perlahan Raden Ahmad sadar,
dengan berat menarik napas,
sungguh kasihan sekali,
dari sana menuju Siti Bagdad,
tak lama kemudian Siti Bagdad,
membawa obat berupa sebuah jeruk,
dan minyak wijen.

Lalu diobati sekali,
ampuh sekali obat penawar racun,
tidak lama kemudian Raden Ahmad,
terbangun dan sadar,
tampak lelah,
letih, lupa, dan limbung,
tak berdaya.

Setelah itu Raden Putri,
berkata kepada Raden Ahmad,
silahkan saja pulang,
saya sangat khawatir,
karena belum mendapat izin dari ayah,
ada pria tentu saja,
ditangkap dan dibawa.

Oleh karena sekarang sudah malam,
silakan Kanda pulang,
tidak baik berlama-lama Kanda,
Raden Ahmad kecewa,
hatinya merasa terhina,
tidak disangka ternyata Putri berpura-
pura,
Raden lalu pergi.

*Tonggoy den Ahmad teu eling,
ngahanju bari ngarenghap,
sakalangkung matak hawatos,
ti dinya ka sisi Bagdad,
teu lami den Siti Bagdad,
nyandak landong hiji jeruk,
sareng minyak wijen ubar.*

*Seug dilandongan sakali,
matihna ubar baruang,
teu lami raden Ahmad teh,
lilir gugah enggeus waras,
sakalangkung tina lesan,
lesu lupa sareng lanjung,
taya tangan pangawasa.*

*Sanggeus kitu raden putri,
nundung harita ka Ahmad,
mangga geura mulih bae,
sim kuring rempan kacida,
karana teu idin rama,
aya lalaki geus tangtu,
ditangkep tangtu dibandang.*

*Karana ieu geus wengi,
mangga engkang geura mulang,
teu sae lami-lami engkang teh,
raden Ahmad ngalimba,
ngangres manah kaniyaya,
teu nyana putri teh palsu,
den jut bae iyang,*

Sempoyongan sambil menangis,
pergi dari keputren,
seperi orang gila,
begitu tega melukai hati,
orang yang tidak berdosa,
sujud kepada yang Mahakuasa,
merasa penasaran.

Mudah-mudahan Yang Mahakuasa,
daripada menyakiti,
lebih baik disakiti,
diceritakan Raden Ahmad,
tiba di depan pintu,
ceritanya penjaga pintu,
minta uang.

Raden Ahmad segera,
mengusap kedua pipinya,
tak ada uang sepeser pun,
kembali kedua pipinya diusap,
hingga dua tiga empat kali,
namun sayang sekali,
sama sekali tidak keluar uang.

Raden Ahmad termenung sambil
menangis,
alangkah celaknya saya,
dari sana Raden Ahmad pergi,
berjalan di pinggir tembok,
tidak menemukan jalan,
berkata dalam hati,
apakah kepala burung tidak ada
khasiatnya lagi.

*Jumarigjeun bari nangis,
angkat ti jero kaputren,
gandrung-gandrung kapingrangrung,
tegesna nalangsa manah,
ka nu teu puguh dosana,
sujud ka yang maha luhur,
mendak kana penasaran.*

*Muga-muga ka yang widi,
tinimbang jeung ngadosaan,
kajeun didosaan bae,
kocapkeun raden Ahmad,
enggeus dongkap kana lawang,
kacaturkeun jaga pintu,
menta duit jaga lawang.*

*Den Ahmad teu lami deui,
ngusap pipi duanana,
uwang teu aya sapeser,
diusap deui pipina,
sampe dua tilu opat,
nepi ka hanteuna luput,
hanteu bijil pisan uwang.*

*Ngahuleng den Ahmad nangis,
duh diri aing cilaka,
ti dinya raden teh mios,
leumpang sisi kuta,
neangan jalan teu aya,
nyaur sajeroning kalbu,
naha hulu manuk teh camal.*

Raden duduk sambil menangis,
bingung mencari jalan,
melihat ke barat dan timur,
diceritakan ada seorang dayang,
merasa kasihan terhadap Raden
Ahmad,
cepat-cepat dikejar oleh dayang.

PUPUH MIJIL

Raden Ahmad melihat dayang,
tampak begitu gembira,
kemarilah kamu dayang,
bagaimanakah saya sekarang,
tolonglah,
ke mana harus pulang.

Dayang berkata kepada Raden
Ahmad,
aduh Raden,
tentu saja Raden bingung,
karena tadi saya melihat,
jelas sekali melihat,
Raden diracun.

Ketika sedang dicelakakan oleh Putri,
saya melihatnya sendiri,
waktu Raden muntah,
ada yang keluar dari mulut,
berupa kepala burung.

Raden Ahmad mendengarkan,
percaya terhadap ucapannya,
sekarang kata dayang,

*Raden calik bari nangis,
bingung ka mana nya jalan,
luak-lieuk ngulon ngaler,
kocap aya hiji emban,
hawatos ka raden Ahmad,
geuwat ku emban diburu.*

*Raden Ahmad ka emban ningali,
sakalangkung atoh,
cing ka dieu emban maneh,
kumaha ayeuna kami,
tulungan prihatin,
kamana nya wangsul.*

*Nyai emban ka Ahmad ngalahir,
deudeuh teuing enung,
paingan raden ngangluh bae,
karana sim abdi tadi,
geus sidik ningali,
raden teh diracun.*

*Eukeur waktu dicidra kaputri,
hanteu nginjeum panon,
raden teh basa keur ongkek,
tina baham aya nu bijil,
rupi hulu manuk.*

*Raden Ahmad nguping,
ngandel kana omong,
ayeuna mah cek emban teh,*

lewat sini saja pulangnya,
tetapi hati-hatilah,
nanti di sana.

Ada saluran air,
terus ke barat,
keluar dari barat tembok yang
membentang,
tapi hati-hati,
dijaga prajurit,
di kiri kanan.

Singkat cerita Raden Ahmad bersiap-
siap,
pergi dari sana,
masuk ke dalam saluran air,
diceritakan keluar dari puri,
dijaga prajurit,
setiap saat.

Serta berdampingan dengan sungai,
sungai yang dalam,
siapa saja yang keluar,
karena berdampingan dengan sungai,
dari sana terpeleset,
tentu terjerembap.

Terjatuh dan hanyut,
singkat cerita,
kita jelang saja cerita,
saat itu pukul tujuh malam,
Raden Ahmad keluar,
tetapi tersesat.

*ka dieu bae nya mulih,
tapi masing gumati,
engke teh di ditu.*

*Aya ieu bongborotan cai,
terusna ka kulon,
jol ti kulon kuta bentang,
tapi masing ati-ati,
dijaga perjurit,
ti kenca katuhu.*

*Saenggalna reden Ahmad singkil,
jung ti dinya mios,
sup ka bongborotan cai,
catur saluareun puri,
dijaga perjurit,
saban siang dalu.*

*Sarta eta nyandingkeun cai,
wahangan nya jero,
anu bijil saha bae,
karana nyandingkeun cai,
ti dinya perjurit,
geus tangtu tibegrus.*

*Tikecemplung sarta palid,
gancangna carios,
bujeng enggal perkawis teh,
jam pitu harita wengi,
raden Ahmad bijil,
tatapina linglung.*

Tidak jelas terlihat barat dan timur,
 Raden Ahmad terbengong-bengong,
 dikisahkan penjaga tadi,
 mempertajam penglihatannya,
 samar-samar terlihat,
 prajurit gugup dan memasang telinga.

Diteriaki pencuri,
 Ahmad dikerumuni orang,
 pedang tombak bedil semuanya,
 sudah tidak ada jarak lagi,
 dihantamkan,
 Ahmad dipukuli.

Dari depan dari belakang dari
 samping,
 memukuli,
 Raden Ahmad tidak berdaya,
 sudah lelah dari sebelumnya,
 ditambah dengan musibah,
 ambruk dan tersungkurlah dia.

Sakitnya setengah mati,
 kasihan sekali,
 duh seandainya kelihatan,
 tentu saja tidak berani melihatnya,
 kasihan sekali,
 Raden tercebur.

Ke sungai yang dalam dan deras
 airnya,
 terbawa hanyut,
 dari sana semua prajurit,
 setelah kelihatan hanyut,

*Kaler kidul teu puguh ningali,
 raden Ahmad bengong,
 kocapkeun nu gaja teh,
 awas paningal ku misi,
 remeng-remeng katingali,
 gugup perjurit rancung.*

*Pada nyebut nuding tukang
 maling,
 Ahmad pada ngaronom,
 pedang tumbak bedil kabeh,
 geus taya antara deui,
 buk-bek pada nindih,
 Ahmad dikarepuk.*

*Nu titukang ti hareup ti gigir,
 buk-bek pada nenggor,
 tanpa polah raden Ahmad teh,
 eukeur mah leuleus titadi,
 katambah ku balai,
 lenggerek bluk nyuuh.*

*Kapidara geus satengah mati,
 kalangkung hawatos,
 duh upama katingal teh,
 matak teu wantun ningali,
 sakalangkung watir,
 raden tikecemplung.*

*Ka bangawan leuwih jero jeung
 tarik,
 palidna ngaleong,
 ti dinya perjurit sakabeh,
 sanggeus katingali palid,*

prajurit gembira,
sudah pasti hilang.

Mendapat pekerjaan yang
menyenangkan,
diceritakan yang hanyut,
terbawa arus yang deras sekali,
ketika Raden Ahmad sadar,
terdiam di air,
napasnya terengah-engah.

Perlahan-lahan merayap ke atas,
sakit pun tidak dirasa,
tolonglah saya,
kalaulah saya,
diberi,
panjang umur.

Dengan perkenan Tuhan,
memohon keselamatan,
singkat cerita Raden Ahmad ini,
dikabulkan permohonan Raden,
oleh Yang Mahakuasa,
perjalanannya selaras.

Sesungguhnya Tuhan,
kepada orang yang tidak bersalah,
begitu juga kita,
kepada yang baik hati,
selalu ingin mengasihi,
dan berbuat baik.

Perjalanan Raden Ahmad di dalam air,
singkat cerita,
menelusuri pohon pandan sore,

*atoheun prajurit,
geus tinangtu pupus.*

*Meunang gawe suka ati,
kocap anu ngaleong,
tarik ning balai bae,
raden Ahmad barang eling,
cumekleuk di cai,
renghap jeung ngahanju.*

*Mapay areuy ngarayap ka hilir,
tatu teu diraos,
neda pitulung abdi teh,
sakira diri sim abdi,
lamun dipaparin,
abdi panjang umur.*

*Muga-muga sing karna gusti,
neda marga raos,
gancang lampah den Ahmad teh,
paneda raden diasih,
ku nu murbening bumi,
lampahna satuhi.*

*Saenyana mungguhing yang widi
ka nu tara serong,
mungguh diri urang oge,
ari kanu alus ati,
sok hayang miasih,
geugeut lampah sakujur.*

*Raden Ahmad lampahna di cai,
enggalna lalakon,
mapay-mapay pandan sore,*

beras dan ngetek muncul,
lalu keluar dari air,
melalui akar menuju atas.

Setelah duduk bersandar pada kayu,
tak berdaya bersandar,
pada pohon pandan sore,
ketika matahari terbit,
berjemur menghilangkan dingin,
sambil terkantuk-kantuk karena
ngantuk.

Ketika mengingat pertolongan Yang
Mahakuasa,
tidak berdaya,
pasrah,
karena tidak memiliki kehidupan,
hanya kehendak Yang Mahakuasa,
rasa cinta dan kasih Yang Mahaagung.

Masalah dicelakakan oleh Putri,
tidaklah diambil pusing,
diterima dan diakui saja,
sujud syukur kepada Yang Mahakuasa,
singkatnya yang dikisahkan,
bijil diganti pucung.

PUPUH PUCUNG

Tembang pucung mengganti yang
dikisahkan,
yang sedang saling menaksir,
dan berbalas menaksir,
Ada dua putra jin di Jabal Supa.

*beras sareng ngetek bijil,
lajeng hanjat ti cai,
mapay akar ka luhur.*

*Enggeus calik nyarande na kai,
kalangkung ramohpoy,
dina tangkal pandan sore,
barang srangenge bijil,
moyan ubar tiris,
ngalenggut jeung tunduh.*

*Ana eling ras pitulung yang widi,
kalangkung ramohpoy,
narimakeun diri bae,
teu migaduh usik malik,
kersaning yang widi,
rohman rohim nu agung.*

*Perkawis dicidra ku putri,
teu didamel awon,
rumaos diaku bae,
sukur sujud ka yang widi.
gancang nu digurit,
bijil ganti pucung.*

*Tembang pucung ganti anu
kapihatur,
anu eukeur silih pacang,
cung-cang cing-ceng balas
ngeceng,
aya dua putra jin di Jabal Supa.*

Wakil penghulu yang ayahnya jin
telah meninggal,
ada peninggalan ayahnya,
ketika masih hidup,
ternyata peninggalan tersebut ada tiga.

Pertama baju kedua panah yang lebih
mulia,
sedangkan yang ketiga,
adalah berupa telur,
telur tersebut bernama mulung
samjagat.

Telur tersebut berasal dari zaman
dahulu,
Marmaya pemiliknya,
dia pun masih hidup,
siapa yang menggunakan itulah
pemiliknya.

Penyebab pasti kedua jin tersebut,
berada di sana,
sedang memikirkan,
warisan yang belum dapat dimengerti
akal.

Putranya dua sementara warisannya
tiga,
keduanya berebut,
barang tersebut,
keduanya belum dapat dimengerti oleh
akal.

Kata kakaknya topi, kata adiknya
panah yang bagus,
biarlah telur untuk Kakak,

*Geus katir ramana eta jin pupus,
aya titilar ramana,
keur pada ngarawas maneh,
tilu rupa rupana teh eta jimat.*

*Hiji kaos dua panah leuwih
luhung,
ari anu katilu,
nya eta jimat endong,
eta endong ngaranna mulung
samjagat.*

*Eta endong asalna waktu
kapungkur,
nu gaduh marmaya,
aya kenah anjeunna ge,
saha anu make eta anu bogana.*

*Anu matak jin dua eta nu tangtu,
pang aya di dinya,
keur pada nyelongkeun maneh,
ngadon waris tacan kaharti ku
akal.*

*Anak dua ari barang aya tilu,
parebut duaan,
eta barang tacan soleh,
jadi put-pot tacan kaharti ku akal.*

*Cek lanceukna topi si adi panah
alus,
keun endong ku akang,*

sedangkan kata adiknya,
sedangkan baju siapa yang punya.

Tidak jadi kata adiknya saya bingung,
karena Kakak mengambil dua,
seandainya panah dan telur,
saya mendapat panah itu pun tidak
adil.

Sama saja walaupun Kakak menang,
Kakak tidak akan merasa enak,
benar juga kata kakaknya,
jadi kita harus bagaimana Dik.

Menjauhkan diri pun,
malah tidak senang,
jadi sekarang Dik,
mendapat warisan bukannya senang
melainkan bingung.

Akhirnya kakak beradik termenung,
setiap hari,
begitu saja tidak berubah,
bagai tidak ada jalan keluarnya.

Kedua jin melihat kiri kanan,
hatinya sudah bingung,
ketika melihat ke barat,
menemukan manusia sedang berjemur.

*ari carek adina teh,
ari kaos eta saha anu boga.*

*Cek adina hanteu jadi urang
bingung,
ari akang dua,
upama panah jeung endong,
kuring panah jadi eta hanteu
ngeunah.*

*Najan engkang ngelehan maneh
nya kitu,
hanteu ngeunah di akang,
bener ceuk lanceukna yaktos,
cing kumaha rai atuh ieu urang.*

*Jauh-jauh nyingkirkeun maneh
nya kitu,
anggur kurang senang,
ari ayeuna teh rai,
lain senang anggur kusut ngatur
warisan.*

*Antukna mah raka rai ting
haruleng,
saban isuk saban sore,
kitu bae hanteu geseh,
paripaos teu aya monyet
hideungna.*

*Rurut-reret jin dua ngetan jeung
ngidul,
geus bingung manahna,
barang ngareret ka kulon,
beh mendakan jalma anu eukeur
moyan.*

Yakni Raden Ahmad,
berjemur sambil mengantuk,
terperanjat yang sedang duduk,
berkata adiknya kepada kakaknya.

Kakak lihatlah ada orang di sana,
sepertinya manusia,
biasanya manusia,
serba bisa dalam berbagai hal.

Ayo kita datangilah orang tersebut,
coba saja kata kakaknya,
ayo kita hampiri saja,
diceritakan kedua jin mendatangnya.

Tibalah kedua jin di hadapan Ahmad
yang termasyhur,
Ahmad terkejut melihatnya,
segera putra jin bertanya,
siapa dan dari manakah kamu.

Lalu menjawab pertanyaan tersebut,
saya adalah ulama,
bangsa apakah ulama itu,
bangsa jin atautkah manusia.

Raden Ahmad mengatakan yang
sebenarnya,
sebetulnya saya bukan,

*Enya eta raden Ahmad nu
ngajentul,
moyan jeung nundutan,
ngabenggang calik nu lesan,
cek adina karana sasauran.*

*Itu enggang aya jalma nu
ngajentul,
sigana urang amnusa,
lamun urang manusa teh,
sok binangkit kana sagala aturan.*

*Hayu enggang urang teang jalma
itu,
cek rakana coba,
cing urang sampeurkeun bae,
kacaturkeun jin dua nyampeur-
keun Ahmad.*

*Enggeus dongkap jin dua ka
Ahmad nu mashur,
kaget Ahmad ningal,
gancangna putra jin naros,
saha tea anjeun teh anu ti mana.*

*Seug sumeja kaula narosan
tangtu,
lenggahing ajengan,
bangsa naon ajengan teh,
bangsa ejin atawa bangsa
manusa.*

*Raden Ahmad ngalahir anu
saestu,
sayaktosna kula sanes,*

bangsa jin,
sesungguhnya saya manusia.

Kenapa Anda bertanya seperti itu,
karena Kakak,
benar-benar belum mengerti,
dan belum mengenal Anda.

Cepat kedua jin berkata sambil
menunduk,
saya dan,
mengapa saya bertanya,
syukur Kakak adalah manusia.

Sementara saya adalah jin dari tempat
jauh,
tempat tinggal di Jabal Kop,
saya datang kemari,
ingin menyelesaikan urusan warisan.

Itulah yang belum ditemukan,
ini memiliki peninggalan,
panah baju dan yang ketiga telur,
saya mengambil baju dan panah untuk
siapa.

Itulah yang membuat saya bingung,
sementara adik saya mengambil dua,
saya merasa tidak enak,
bagaimanakah seharusnya bila ingin
adil.

*bangsa kajinan teh,
estu kula putra bangsa
kamanusan.*

*Nakumaha agus mana naros kitu,
karana pun kakang,
rangah-reungeuh tacan ngarti,
tina nembe sareng agus tacan
kenal.*

*Gancang matur jin dua mani
tarungkul,
kuring sarengna,
nu matak kitu naros teh,
sukur pisan engkang bangsa
kamanusan.*

*Ari kuring bangsa jin tempat teh
jauh,
lembur ti Jabalkop,
manawi dongkap kuring teh,
hayang sirna nguruskeun ieu
warisan.*

*Jisim eta teh tacan katimu,
ieu gaduh titlar,
panah kaos tilu endong,
kuring kaos ari panah milik saha.*

*Tah sakitu numawi sim kuring
bingung,
ari pun adi dua,
sim kuring teu ngeunah keneh,
hayang adil kumaha
pilereseunana.*

Saya ingin minta tolong,
dan meminta,
mudah-mudahan ulama,
berkenan dimintai pertolongan.

Raden Ahmad berkata sambil
tersenyum,
insya Allah,
hanya saya ingin bertanya,
warisan baju telur dan panah.

Keampuannya harus disebutkan oleh
kalian,
supaya benar-benar dapat,
ditentukan pemiliknya,
menurut Kakak ketiga barang ini.

Belum jelas pemiliknya,
nanti kalau sudah tahu,
keampuhan barang ini,
tentu ada keyakinan.

Kedua jin mengatakan keampuhan
barang itu,
menurutnya,
keampuhan telur tersebut,
bila menginginkan apa pun akan
dikabulkan.

Sementara baju keampuannya bisa
terbang,
terbang di angkasa,

*Jisim kuring sumeja neda
pitulung,
sareng ngahukuman,
muga-muga ajengan teh,
aya manah kersa diteda
kamandang.*

*Raden Ahmad ngajawab barina
imut,
insya allah pisan,
amung kula arek naros,
ieu jimat kaos endong sareng
panah.*

*Karamatna ka sampean kudu
sebut,
supaya kaala puguh,
netepkeun milik teh,
raos akang ieu anu tilu jimat.*

*Tacan puguh milikna ieu nu
tangtu,
mangke lamun geus terang,
ieu karamat jimat teh,
tangtu eta anu kayakinan tanpa.*

*Jeung putra jin sakabeh jimat
ditutur,
ari manahna,
saupama eta endong,
saupama mundut naon bae
katekanan.*

*Ari kaos karamatna bisa ngapung,
ngambah madia gantang,*

sedangkan keistimewaan panah,
kalau dilepas tidak akan sukar
mengambilnya.

Dengan lambaian tangan pun pasti
datang,
Raden Ahmad berkata,
baiklah sekarang,
akan mengatur keadilan tentang
warisan ini.

Telur baju panah kumpulkan di sini,
saya yang memegang,
segera diserahkan,
perhatikan ucapan saya kata Ahmad.

Panah ini akan dilepaskan ke atas,
pada saat jatuh,
ambillah oleh kalian,
siapa yang paling dulu
mendapatkannya.

Itulah pemilikinya,
sekarang perhatikan,
terdengar oleh kedua jin,
senang sekali mereka.

Singkatnya panah telah dicabut,
Ahmad menarik anak panah,
melesatlah anak panah ke barat,
Raden Ahmad memakai baju.

*ari karamatna panah teh,
mun dilepas jadi moal susah
nyandak.*

*Digupay ge nyampeurkeun eta
geustangtu,
den Ahmad ngandika,
seug ayeuna kula teh,
rek nguruskeun ngadilkeun ieu
warisan.*

*Endong kaos panah ka dieu sing
kumpul,
kaula nyekelan,
gancangna geus pasrah bae,
carek Ahmad regepkeun mongan
kula.*

*Ieu panah baris dilepas ka luhur,
dimana ragrag,
coba buru ku maraneh,
saha-saha anu nyokot
pangheulana.*

*Enya eta anu boga milik tangtu,
awaskeun ayeuna,
kakuping kadua jin teh,
imu suka kana manahna.*

*Saenggalna jamparing enggeus
dicabut,
Ahmad mentang panah,
sijer jamparing teh ngulon,
raden Ahmad nganggo kaos nipak
kasang.*

Ketika kedua jin saling mengejar
 Ahmad melesat,
 terbang ke angkasa,
 lambaian tangan Raden memanggil
 anak panah,
 anak panah tersebut kembali
 mendekati Ahmad.

Lalu diambil dan Ahmad berada di
 atas,
 terbang ke angkasa,
 melayang-layang,
 ke atas dan ke bawah.

Dari bawah semakin tidak terlihat,
 Ahmad pun menghilang,
 diceritakan kedua jin tadi,
 ketika sampai tidak menemukan apa-
 apa.

PUPUH SINOM

Kedua jin tersebut terheran-heran,
 ketika akan mengambil anak panah,
 terlihat panah tersebut,
 panah terpental kembali,
 dan dipegang oleh Ahmad,
 kemudian Raden Ahmad kabur,
 melihat hal itu kedua jin kaget,
 Dik celakalah kita,
 semua warisan diambil oleh Raden
 Ahmad.

*Geus tingbalap jin dua Ahmad
 belesur,
 ngapung ngawang-ngawang,
 panah digupay ku raden,
 balik deui panah nyampeurkeun
 ka Ahmad.*

*Top dicandak Ahmad geus aya di
 luhur,
 kamadia gantang,
 basa madia satengahe,
 basa gantang sami ka luhur ka
 handap.*

*Teu katingal ku nu tihandap ka
 luhur,
 Ahmad tama musnah,
 kacaturkeun dua jin teh,
 barang dongkap nu anom tanpa
 karuhan.*

*Hookeun eta jin dua,
 barang dek nyokot jamparing,
 geus katingal eta panah,
 panah ngejat ulang deui,
 sarta ku Ahmad kacang king,
 raden Ahmad tuluy mabur,
 kaget dua jin ningalan,
 aduh cilaka urang rai,
 kabeh jimat dicandak ku raden
 Ahmad.*

Tak disangka begitu tajam
penglihatannya,
tepatnya lebih cekatan,
itulah akal manusia,
betul kata adiknya jin,
kakaknya berkata lagi,
sekarang harus bagaimana,
kalau sudah begini jadinya,
berkatalah adiknya jin,
tidak apa-apa mungkin bukan milik
kita.

Menjadi milik orang yang
mengaturnya,
kita pulang saja,
baiklah kata adiknya,
sama-sama bersyukur,
tidak dimiliki,
seumur hidup,
singkat cerita kedua jin tersebut,
sudah pulang,
dalam sekejap sudah tiba di Jabal Kop.

Dikisahkan kedua jin tersebut,
sudah pulang,
setelah mereka sampai,
mereka turun kembali,
menuju keputren putri,
Siti Bagdad yang dituju,
setelah sampai di keputren,
hilir mudik di samping rumah,
waktunya pukul tujuh.

Diceritakan Putri Siti Bagdad,
sedang berada di dalam puri,

*Teu nyana telik pangindra,
tegesna leuwih binangkit,
mungguhing akal manusa,
leres cek adina ejin,
rakana ngalahir deui,
cik kumaha rai atuh,
ari geus kieu petana,
sok matur adina jin teh,
teu kumaha atuh lain miik urang.*

*Milikna nu ngahukuman,
urang balik bae rai,
sumangga sauradina,
sarua sukurna teuing,
balikanan kapimilik,
nu pepek saumur-umur,
enggalna eta jin dua,
geus pada mis marulih,
ngan sakilat geus dongkap ka jabal
kap.*

*Sigeugkeun eta jin dua,
geus pada mios marulih,
saeunggeusing ejin marulang,
anjeunna seug lungsur deui,
ngabujeng ka kaputren putri,
Siti Bagdad nu dijugjug,
geus sumping kana kaputren,
kulinting di pipir bumi,
waktuna teh jam pitu harieum
raray.*

*Kocap putri Siti Bagdad,
keur aya di jero puri,*

dikelilingi para dayang,
kegiatan Nyai Putri,
membicarakan Ahmad Raspati,
Putri bercerita,
he dayang saya yang tahu,
Ahmad yang tadi,
jelas sekali jatuh cinta.

Dan tampan tiada duanya,
tidak akan ditemukan di sini,
hanya ada satu hal,
ketika diajak nikah,
malu oleh bupati,
mungkin kata orang-orang,
kata orang yang menginginkan aku,
ingin mencari yang lebih,
ternyata mendapatkan anak janda.

Jadi menantu tukang bunga,
saya sangat malu,
apalagi sekarang,
lebih baik mati,
tadinya saya,
yang tampan hanyalah Sultan Agung,
ternyata masih ada lagi,
ada lagi yang menandingi,
ketampanannya seperti raja.

Sementara Ahmad,
tinggi ramping dan tampan,
ingin sekali menciumnya,
lebih baik mati,
barangkali tidak ada lagi,

*dideuheusan ku para emban,
damelna teh nyai putri,
keur ngupat Ahmad raspati,
ngupatna putri dicatur,
he emban kami nu terang,
eta Ahmad nu tadi,
bet bogoh mah sakalangkung nyolok
pisan.*

*Jeung kasepna leuwih nengang,
di urang mah hamo manggih,
ngan aya saperkara,
ari rek ditarik kawin,
era ku para bopati,
meureun pibasaean batur,
omong nu hayang ka urang,
pipilih nyiar nu leuwih,
koceplak mah meunang somah anak
randa.*

*Jadi mantu tukang kembang,
era temen diri kami,
mana ayeuna mah,
sukur-sukur oge mati,
kami mah eukeur satadi,
nu kasep ngan Sultan Agung,
kari-kari aya deui,
bet aya deui nu nanding,
kasepna teh tajoh-tajoh salira raja.*

*Ari eta kai Ahmad,
keur lempay kasep jalantir,
wani hayang kop nyiuman,
mana sukur oge mati,
sugan hanteu aya deui,*

sungguh menggundahkan kalbu,
 dan ketika akan pulang,
 menanyakan jalan yang tadi,
 dikatakan oleh dayang yakni melalui
 saluran air.

Siti Bagdad berkata lagi,
 tentu saja mati,
 kalau ditanya oleh Randa,
 dari dulu juga sudah pulang,
 dayang berkata lagi,
 seandainya,
 bagaimana bila Ahmad,
 kembali lagi ke sini,
 bagaimanakah sikap Tuan Putri.

Siti Bagdad berkata lagi,
 kalau datang lagi,
 katakan saja sungguh sakti,
 kepalang malu,
 begitu kata Putri,
 Raden Ahmad sudah berada di depan,
 ketika Tuan Putri melihat,
 kaget sambil berkata,
 Raden Ahmad dipersilakan duduk.

Para dayang sangat kaget,
 ada yang malu ada pula yang tertawa,
 yang malu menggerutu,
 yang tertawa merasa aneh,
 merasa ajaib karena datang,
 tanpa melewati pintu,
 hanya ketika sudah berada di tengah-
 tengah,

*matak ngabingangekeun kalbu,
 jeung eta waktuna mulang,
 kamana jalanna tadi,
 carek emban nya eta
 bongborotan.*

*Nyaur deui Siti Bagdad,
 lah geus tangtu bae mati,
 mun katanyaan ku randa,
 bareto ge balik deui,
 nyi emban haturan deui,
 lalamunan kalanun,
 kumaha lamun den Ahmad,
 mun ka dieu dongkap deui,
 pikersaeun agan putri teh
 kumaha.*

*Nyaur deui Siti Bagdad,
 saupamana dongkap deui,
 diduduh bae digjaya,
 kapalang lanang jati,
 kitu kasauran putri,
 den Ahmad enggeus di payun,
 barang ret putri ningali,
 kaget barina ngalahir,
 raden Ahmad dicalikeun kana
 goyang.*

*Emban-emban kaget pisan,
 aya nu isin nu seuri,
 kaisinanana ngupat,
 kaseurianana gaib,
 panggaibna eta sumping,
 hanteu kana lawang pintu,
 ngan enggeus aya di tengah,*

Nyi Putri berkata,
Kang Ahmad selamat datang
selamat datang.

Apakah Bibi sehat-sehat saja,
dan Kak Ahmad datang lagi,
Den Ahmad menyapa kembali,
berkat doa Tuan Putri,
dan Kanda pun,
ingin berterima kasih kepada Tuan
Putri,
karena Tuan Putri yang baik,
mengasihani saya,
diri hamba merasa dikasihani.

Oleh karena itulah Kanda,
menemui Nyai,
hendak meminta makanan,
Siti Bagdad senang sekali,
insya Allah syukur sekali,
gembira sekali dengan adanya
permintaan tersebut,
apa saja yang diinginkan,
asal mampu,
hanya saja kalau Kanda minta ikan
mentah.

Tentu sangat sulit bagi saya,
tersenyum Raden mendengarnya,
betul sekali,
bagi saya hal itu,
saya sangat tidak berani,
dilarang Batara Guru,
dilarang oleh dewa,
itulah larangannya,
jangan sampai dilanggar.

*nyai putri mando ngalahir,
enggang Ahmad haturan kuring
haturan.*

*Kumaha embi teh damang,
sareng enggang dongkap deui,
den Ahmad haturan mando,
berkah du'a agan putri,
sinarengan enggang nyai,
ka agan gadu pihatur,
bongan agan anu haat,
mikawelas ka simkuring,
jisim kuring raraoseun ka pasihan.*

*Anu mawi diri enggang,
ngadeuheus deui ka nyai,
dek nyhunkeun barang teda,
Siti Bagdad suka ati,
insya allah sukur teuing,
atoh pisan ku pamundut,
naon bae sakapalay,
sipat asah mah sawawi,
namung enggang lamun mundut lauk
atah.*

*Tinangtu kuring teh sesah,
mesem raden Ahmad nguping,
nun sumuhun leres pisan,
menggah eta mah di kuring,
hanteu wantu pisan abdi,
larangan batara guru,
cilimit larangan dewa,
kitu carek saupami,
wiwilangan carek dalang
mandalungan.*

Cepat-cepat Raden Siti Bagdad,
 menyediakan makanan,
 berikut minumannya,
 sirop bir dan air manis,
 beraneka macam minuman,
 gansi beremut dan anggur,
 gelasnyapun sudah berjejer,
 gelas putih hijau kuning,
 setelah tersedia Raden Putri
 menghadapinya.

Silakan makan Kanda,
 saya akan menyertainya,
 terima kasih kata Raden Ahmad,
 dan tangan yang dari sebelah kiri,
 memukul telur nayur leutik,
endog-endog jaluk tunduh,
 tolong sireplah Siti Bagdad,
 tidak berapa lama,
 permohonan Raden Ahmad
 dikabulkan.

Tidak lama kemudian,
 datanglah sirep ganda wengi,
 jelasnya ganda adalah bunga,
 sedangkan wengi adalah aroma wangi,
 harus bunga yang keluar,
 tercium oleh Tuan Putri,
 Tuan Putri tertidur
 terkulai tidur di kursi,
 Raden Ahmad memukul telur untuk
 meminta.

Cepatlah telurku meminta,
 minta racun yang ampuh,
 tidak lama keluar dari tempat telur,

*Enggal raden Siti Bagdad,
 masang katuangan gasik,
 sarawuh inum-inuman,
 sirop bir jeung air amnis,
 inuman geus warni-warni,
 gansi beremut sareng anggur,
 lumurna enggeus ngajajar,
 lumur bodas hejo kuning,
 geus sayagi raden putri seug
 mayunan.*

*Mangga engkang geura tuang,
 jisim kuring seja ngiring,
 den Ahmad matur sumangga,
 jeung tangan anu ti kiri,
 nepak endong nyaur leutik,
 endong-endong jaluk tunduh,
 pang nyirepkeun Siti Bagdad,
 teu lami waktuna deui,
 sakersana raden Ahmad
 titekanan.*

*Teu lami eta waktuna,
 datang sirep ganda wengi,
 tegesna ganda teh kembang,
 kayaning wengi teh seungit,
 seungit kemang anu bujil,
 ku raden putri kaambung,
 den putri enggeus nundutan,
 nyangkere kulemna korsi,
 raden Ahmad nepak endong
 menta-menta.*

*Geuwat endong aing menta,
 menta baruang nu matih,
 teu lami jol tina kasang,*

yang berupa serbuk besi,
sudah dipegang oleh Ahmad,
ditaburkan ke dalam gelas,
gelas yang berisi minuman,
sejak itulah Raden berpura-pura,
tergolek sambil menghilangkan sirep

Lebih rapih tidak seperti sedang
berpura-pura,
tidak lama kemudian Tuan Putri
bangun,
ketika melihat Raden Ahmad,
terlihat tidur di atas kursi,
dibangunkan oleh Raden Putri,
silakan Kak Ahmad,
bukankah ingin makan,
Raden Ahmad bangun dengan penuh
nikmat,
Raden Putri membawa gelas
minuman.

Belum habis yang makan,
karena ampuhnya serbuk besi,
gelas jatuh di meja,
Raden Putri pingsan,
akibat racun yang ampuh,
tidak lama keluar kepala burung,
dari mulut Siti Bagdad,
terlihat oleh Raden Ahmad,
lalu diambil dan segera dimakan.

Ketika masuk ke dalam mulut,
menghilang pergi,
sedangkan Tuan Putri,

*anu rupa daru beusi,
ku Ahmad enggeus kacangking,
diawurkeun kana lumur,
lumur anu aya inuman,
ti dinya raden api-api,
seug nyangkere bari muka sirep
tea.*

*Langkung rapih hanteu jiga,
teu lami den putri tanghi,
barang ngareret ka Ahmad,
katingal kulemna korsi,
digugahkeun ku raden putri,
enggang Ahmad mangga atuh,
kapan palay barang tuang,
den Ahmad gugah jeung manis,
raden putri nyandak lumur barang
tuang.*

*Tacan seep anu tuang,
ku matihna daru beusi,
lumur ragrag kana meja,
raden putri hanteu eling,
bawaning baruang matih,
teu lami jol hulu manuk,
tina baham Siti Bagdad,
ku den Ahmad katingali,
top dicandak tuluy dituang
sapisan.*

*Barang sup kana bahamna,
hulu manuk tanpa lebih,
ngamakan di awang-awang,*

tersungkur pingsan di atas meja,
Raden Ahmad tersenyum simpul,
eh Raden Siti Bagdad,
sekarang saya,
menginginkan Raden sambil menepuk
tempat telur.

Tepatnya ke tempat telur,
telur-telur minta obat,
tidak lama keluarlah obat yang ampuh,
berupa jeruk nipis,
dan minyak wijen,
segera oleh Raden Ahmad,
Raden Putri diobati.

PUPUH KINANTI

Ketika sadar Tuan Putri pening,
seperti lupa dan menangis,
badan lesu dan pucat,
akibat makan sebuk besi,
serta hatinya merasa,
merasa malu oleh Ahmad.

Nyi Putri merasa malu,
Kanda inilah saya,
saya merasa telah berdosa,
telah mencelakakan Kanda tadi,
sekarang ketahuilah,
oleh Kanda yang baik hati.

Sudah ada dua puluh lima raja,
yang melamar saya,
tidak diterima oleh ayahanda,

*ari eta eneng putri,
nyuuuh dina meja teu eling,
raden Ahmad mesem imut,
aeh agan Siti Bagdad,
ayeuna teh jisim abdi,
seja raden bari pepak kana
kasang.*

*Nya eta kana kakandi,
endong-endong jaluk ubar,
teu lami jol ubar matih,
rupana teh jeruk mipis,
sareng minyak wijen deui,
enggalna ku raden Ahmad,
dilandongan raden putri,
hanteu lami raden putri enggeus
waras.*

*Ras eling den putri lulun,
semu lupa reujeung nangis,
lesu raga reujeung pias,
urut tuang daru beusi,
sarta manahna rumasa,
ku Ahmad ngaraos isin.*

*Nyi putri ngaraos isin,
nun engkang diri sim kuring,
rumaos kuring teh dosa,
nu cidra ka engkang tadi,
ayeuna hatur uninga,
ka engkang nu sae galih.*

*Geus aya salawe ratu,
anu ngalamar ka abdi,
ku ama hanteu ditampi,*

saya belum ingin,
saya tidak merasa ingin karena,
saya mengharapkan sesuatu.

Bila keinginan terlaksana,
mencari pria sejati,
tidak peduli ningrat atau rakyat biasa,
asal cocok dengan saya
sekarang saya telah menemukan,
Kanda yang baik hati.

Saya berserah diri,
hingga kini saya,
bila Kak Ahmad pergi,
tidak akan tinggal diam melainkan ikut
serta,
Kanda suka ataupun tidak,
terimalah dengan sepenuh hati.

Seraya berkata demikian,
Putri kepada Ahmad Raspati,
sambil menerapkan ilmu,
maklum wanita serba bisa
ilmu Si Bondara,
yang dapat mengganggu pikiran.

Dan ilmu guntur,
yang dapat meruntuhkan hati,
ketiga ilmu arjuna kelar,
yang membuat hati berbunga-bunga,
kasmara menjadikan kemarahan,
berbalik sayang kepada saya.

Hilanglah kemarahan,
Raden Ahmad lalu berkata,
Kanda mengucapkan terima kasih,

*tina tacan purun abdi,
nu mawi teu purun tea mah,
sabab aya nu dipamrih.*

*Numawi pareng nya maksud,
neangan lanang sajati,
taya menak taya somah,
anu surup sareng ati,
ayeuna sim kuring mendak,
enggang anu sae galih.*

*Nyanggakeun diri sagujur,
hingga ayeuna sim abdi,
upama kang Ahmad angkat,
moal kantun bade ngiring,
enggang teh suka teu suka,
diteda sukana galih.*

*Papada miunjuk kitu,
putri ka Ahmad raspati,
bari nerapkeun asihan,
kawantu putri binangkit,
asihan si borandara,
anu matak goyang pikir.*

*Sareng asihan guntur,
anu matak luntur galih,
katilu arjuna kelar,
anu matak kelar galih,
kasmara mangkak amarah,
malik asih ka awaking.*

*Leungit bagedad-bagedud,
raden Ahmad seug ngalahir,
pun enggang teh nuhun pisan,*

berbaik hati kepada yang miskin,
hanya Kanda merasa,
mengharapkan yang tidak mungkin.

Orang hina mengganjai gunung,
jauh sekali naik ke langit,
rotan yang demikian keras,
dipakai untuk mengikat nyamuk,
lalat menangkap kelapa,
Cimande diisi lautan.

Terima kasih atas kasih sayang Nyai,
tetapi saya orang miskin,
bahkan anak rakyat jelata,
bertumpangan tongkat dan paha,
dikatakan perak tetaplah baja;
berbeda dengan besi.

Dijadikan cangkul tidaklah bagus,
apalagi dibuat golok,
dihiasi dengan besi.
daripada mencintai saya,
lebih pantas Nyi Ulanyar,
yang akan menjadi istri saya.

Tuan Putri berlari memeluknya,
teganya menolak mentah-mentah,
seraya menggigit bibirnya,
aduh kenapa Kak Ahmad,
diciumi oleh Raden Putri,
setelah mencium lalu berkata,
betapa sedih sekali.

Mentang-mentang sama orang jelek,
membuat sakit pikiran saya,
kenapa begitu tega,

*kingkin galih kanu miskin,
mung rumaos engkang mah,
piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir.*

*Nyahina nandean gunung,
jauh tanjakan ka langit,
wilayak hoe bubuan,
dipake ngeuradan reungit,
laleur newakan kalapa,
cimande eusi jaladri.*

*Pangasih nyai teh nuhun,
imung abdi anak miskin,
tanpa raos anak somah,
tumarumpang iteuk pingping,
diperak-perak da waja,
lain cara pada beusi.*

*Dijieun pacul teu ujur,
dijieun bedog ngajedig,
dipamoran waja akas,
tibatana sasono abdi,
pantes oge nyi ulanjar,
pikeun pamajikan abdi.*

*Nyi putri ngarontok gabrug,
bet nampik teh jongok teuing,
bari digegel lambeyna,
aduh naha engkang Ahmad,
diciuman ku den putri,
geus nyiuman pok ngandika,
mana kaniyaya teuing.*

*Abong ka nu goreng patut,
matak nyeri pikir abdi,
naha bet sapadamayan,*

Raden Ahmad lalu berkata,
tidak ada maksud untuk menolak,
tidak berani berbuat seperti itu pada
Tuan Putri.

Hal seperti itu hanya dalam ucapan,
namun seandainya,
Nyi Putri mendesak bertanya,
sesungguhnya kepada saya,
Kanda benar-benar,
cinta atau tidak kepada saya.

Janganlah Kanda berdusta,
Kanda ditanya yang sesungguhnya,
jawablah Kanda,
Raden Ahmad lalu berkata,
Duh Dinda pujaan Kanda,
Dinda buah hati Kanda.

Sesungguhnya memang jatuh cinta,
hanya malu masa ningrat dengan saya,
bahkan mungkin keterlaluan,
begitu menurut saya,
pala kecut garam asin,
yang kecut dan asin sama saja.

Jadi sama-sama menggiurkan,
mempunyai pikiran yang sama,
Nyi Putri berkata lagi,
sekarang saya,
akan meminta sesuatu,
kalau memang Kanda benar-benar
kepada saya.

Meskipun itu rahasia,
diminta pun pasti keluar,

*raden Ahmad seug ngalahir,
taya panginten nampik mah,
teu wantun cacad ka gusti.*

*Kitu soteh nya piunjuk,
akur dina saupami,
nyi putri nyered narosna,
sayaktosna ka sim abdi,
enggang teh sing bilang terang,
bogohna teu ka abdi.*

*Muga enggang ulah palsu,
ditaros enggang nu yakin,
mangga enggang masing terang,
raden Ahmad seug ngalahir,
duh nyai pujining enggang,
buah ati enggang nyai.*

*Ari bogoh saklangkung,
ngan isisn menak jeung kuring,
malah pikir pala cuta,
kitu silokana abdi,
pala haseum jute uyah,
nu haseum jeung pangset sami.*

*Jadi sami pada uruy,
sarua uruyana pikir,
nyi putri deui ngandika,
cing ayeuna jisim abdi,
adek nyieun panajogean,
mun yaktos enggang ka abdi.*

*Sanajan rusiah kitu,
dipenta geus tangtu bijil,*

kalau ditanya oleh orang yang
disukainya,
pasti menjawab,
Raden Ahmad lalu berkata,
sebenarnya Kanda datang,
tujuh pintu tidak dilewati,
yang membuat Kanda ke angkasa.

Penyebab dapat terbang,
Kanda memiliki azimat dari jin,
pertama baju kedua tempat telur,
Siti Bagdad tersenyum mendengarkan,
saya ingin sekali,
mengetahui angkasa raya.

Seumur hidup,
bagaimanakah rasanya,
mengembara di langit,
kalauizinkan saya,
ingin menyertai Kanda,
baiklah kata Raden Ahmad.

Singkat cerita,
Raden Ahmad berkata kepada Putri,
telur dipegangnya,
sedangkan baju diberikan kepada
Putri,
dipakai oleh Siti Bagdad,
setelah itu Raden Putri keluar dari
puri.

Waktu itu pukul tujuh,
keduanya keluar dari puri,
terang bulan,
Raden menepuk-nepuk tempat telur,

*mun ditaros kunu suka,

sarua ngalamsari,
raden Ahmad seug ngandika,
sapurwa engkang nya sumping,
lawang tujuh teu diambah,
ka luhur engkang nya margi.*

*Anu matak bisa ngapung,
engkang gaduh jiman ejin,
hiji kaos dua kasang,
Siti Bagdad mesem nguping,
hayang teuing kuring mah,
terang di gandawiati.*

*Saumur gumelar hirup,
kumaha rasana teuing,
ngambah madia gantang,
sim abdi manawi kening,
hoyong nyarengan ka engkang,
saur raden Ahmad sawawi.*

*Enggalna anu dicatur,
den Ahmad ngatur ka rai,
endong teh pek disorendang,
ari kaos sok ka putri,
dianggo ku Siti Bagdad,
geus lungsur raden ti puri.*

*Waktu harita jam tujuh,
geus pada lungsur ka puri
caang bulan opat belas,
raden nepak kana kakandi,*

he telur wulung sun jagat,
minta terbang seperti paksi.

Tak berapa lama kemudian dikabulkan,
melesat di atas bumi,
Raden Ahmad lalu melihat,
kepada Putri Siti Bagdad,
nikmat seperti memiliki sayap,
melambai-lambai di atas bumi.

Siti Bagdad terlihat,
mengenakan baju dengan cermat,
ketika melihat tangan kanan,
melihat tangan kiri,
merasa seperti bersayap,
Nyi Putri pun mengepakkannya.

Dari sana melesat terbang,
bertemu dengan Raden lalu tersenyum,
rasanya seperti garuda,
serta tidak merasa takut,
azimat baju dan telur,
Raden Putri lalu berkata.

Kepada Raden Ahmad yang
termasyhur,
Kanda ayo kita tamasya,
bersanding bergandengan tangan,
yang tampan dengan yang cantik,
dan pergi dengan nyaman,
sudah jauh dari negeri Mesir.

Ketika menunduk untuk melihat ke
bawah,
terlihat ada lautan,

*he endong wulung sun jagat,
menta mabur kaya paksi.*

*Teu lami Ahmad dikabul,
biyur ka luhureun bumi,
raden Ahmad seug ningalan,
ka neng Siti Bagdad putri,
raos asa gaduh jangjang,
gugupay ti luhur bumi.*

*Siti Bagdad sakalangkung,
nganggo kaosna tarapti,
barang ret ka tangan kiwa,
ret deui ka tangan kiri,
raosna gaduh jangjang,
kikiplik bae nyi putri.*

*Ti dinya belesur ngapung,
gok jeung raden pada seuri,
rumaos jadi galudra,
sarta pikiran teu risi,
karamat kaos jeung kasang,
raden putri seug ngalahir.*

*Ka raden Ahmad nu mashur,
mangga engkang maju pelesir,
ngarendeng pacantel tangan,
nu kasep sareng nu geulis,
jeung angkat pada lugina,
geus tebih ti nagri Mesir.*

*Barang ret ka handap tungkul,
laut sidik katingali,*

tidak ketinggalan pulau-pulau,
membuat senang yang melihat,
seperti berada dalam mimpi,
Putri melihat-lihat kembali.

Tersebutlah ada sebuah pulau yang
indah,
yaitu pulau Majeti,
Raden Putri lalu berkata,
ayo kita turun Kanda Dipati,
itu ada pulau yang indah,
di sana ada sahabat saya.

Tanpa banyak cerita,
diikuti saja Nyi Putri,
Raden telah turun,
memasuki puri keraton,
saat itu hari Jumat,
masuk ke dalam puri.

Raden sudah turun,
memasuki puri keraton,
pada waktu hari Jumat,
keraton tampak sepi,
halaman begitu nyaman,
senang sekali Putri melihatnya.

PUPUH ASMARANDANA

Tersebutlah raja Majeti,
yang berkuasa di sana,
raja wanita yang sangat terkenal,
bernama Dewi Soja,
raja wanita binatangara,

*pulo-pulo katingalan,
matak kelar nu ningali,
raos keur dina impian,
ret deui putri ningali.*

*Kocap aya pulo lucu,
nya eta pulo majeti,
raden putri seug ngandika,
mangga lungsur kang dipati,
itu aya pulo endah,
di dinya eta sobat kuring.*

*Den Ahmad teu panjang catur,
diturut bae nyi putri,
raden geus lungsur ka handap,
ka jero kadaton puri,
harita poe jumaah,
asup kana jero puri.*

*Raden geus pada lalungsur,
ka jero kadaton puri,
eukeur waktu poe jumaah,
kadaton kalangkung resmi,
palataran ku ngarareunah,
kasmaran putri ningali.*

*Kocap ratuna majeti,
anu ngaraton di dinya,
raja istri langkung kahot,
kakasihna dewi Soja,
ratu istri binatangara,*

ratu jin yang sangat terkenal,
putra Nabi Sulaeman.

Yang menjadi patih jin,
Sadat Putu Sadat Putra,
dan yang menjadi penghulu,
bernama Wesi Umarmaya,
saudara Amirhamjah,
pada saat itu sedang kosong,
semua jin sedang tidak ada.

Semua jin mengikuti kakak jin,
bersama-sama ke Jabal Kupo,
ternyata kosong semua,
Kuraesin jin asmaya,
penguasa ada di Jabal Kupo,
demikian ceritanya,
dikisahkan lagi Raden Ahmad.

Dan Putri Siti Bagdad,
berkeliling di sana,
Raden Ahmad lalu bertanya,
Raden Siti Bagdad,
bukankah negara ini,
tempat yang sangat indah,
tetapi tidak ada penghuninya.

Putri Siti Bagdad berkata,
benar pertanyaan Kanda,
negeri yang begini indah,
mengapa tempat ini,
bisa seperti ini,
Adik merasa sangat heran,
ke manakah penghuninya.

*raja jin kalangkung punjul,
putra Nabi Sulaeman.*

*Anu jadi papatih jin,
sadat putu sadat putra,
sareng nu jadi pangulu teh,
gurit wesi umarmaya,
saderekna Amirhamjah,
mangsa harita keur suwung,
sakabeh jin keur teu aya.*

*Sakabeh jin ngiring raka jin,
jumaah ka jabal kupo,
numawi suwung sakabeh,
Kuraesin jin asmaya,
nu boga di jabal kupo,
sakitu anu kacatur,
kocap deu raden Ahmad.*

*Sareng Siti Bagdad putri,
pelesir di padaleman,
raden Ahmad seug marios,
naha agan Siti bagdad,
kapan ieu teh nagara,
sareng kalangenan lucu,
namung teu aya jalmana.*

*Matur Siti Bagdad putri,
sumuhun parios engkang,
nagri kawit tina sae,
naha ieu padaleman,
bet sakieu sayagina,
rai heran liwat langkung,
naha kamana jalmana.*

Mungkin negeri ini,
tidak ditempati,
dikatakan tidak dihuni,
ternyata segala macam ada,
mungkin saat ini,
rajanya sedang pergi,
ayo kita masuk saja.

Ketika masuk ke dalam puri,
seperti layaknya sebuah tempat
tinggal,
Raden Ahmad sangat kaget
tempat tinggal yang nyaman,
Raden Siti Bagdad duduk,
membawa bantal yang bagus,
tidur terlentang.

Pakaian tersingkap sedikit,
payudara putri terlihat,
tampak pula betisnya,
yang kuning langsung,
Putri tampak sengaja,
Raden Ahmad berdebar-debar,
hatinya tidak menentu.

Diberi senyuman oleh Raden Putri,
Raden Ahmad semakin menjadi-jadi,
hatinya sudah bimbang,
digoda oleh Siti Bagdad,
hampir saja tidak mampu beristigfar,
karena terlalu bernafsu,
Siti Bagdad lalu dipeluk.

Raden Putri lalu dicumbu,
diciumi,
hanya satu hal saja,

*Tayohan ieu nagara,
jadi geus teu didayeuhan,
disebutkeun tari kolot,
da ieu sayagi pisan,
ngan ieu teh sugan waktu,
pamulusan ratu kabur,
cing mangga urang asupan.*

*Barang ka jero puri,
biasa di padaleman,
den Ahmad teu weleh kaget,
panglinggihan maligena,
geus calik den Siti Bagdad,
jeung nyandak bantal nu alus,
golepak kulem nangkarak.*

*Raksukan lugay saeutik,
pinareup putri katingal,
sareng katingali bitisna teh,
jiga humut jambe mayang,
putri satengah ngahaja,
raden Ahmad enggeus ratug,
manahna teh tutunggulan.*

*Diimutan ku den putri,
beuki wuwuh raden Ahmad,
manahna geus luas-leos,
digoda ku Siti Bagdad,
meh hanteu kuat istipar,
bakating ku bedas napsu,
seug dirontog Siti Bagdad.*

*Seug digales raden putri,
digalemoh diciuman,
namung saperkawis bae,*

di keraton Mesir,
mati pun ada yang menemukan,
ditangisi Bibi Randa,
sekarang saya jauh,
seperti kata pepatah.

Ke sini hutan ke sana jurang,
jauh ke mana-mana,
tidak ada siapa-siapa,
jauh dari ayah dan ibu,
Raden Ahmad menjadi,
teringat kepada saudaranya,
semakin teririslah hatinya.

Air sungai air curian,
air mengalir ke kuburan,
bagaimana caranya untuk kembali,
beginilah rasanya mengembara,
bingung juga susah,
bingung karena pikiran tidak menentu,
sekarang saya ikhlas.

Lebih baik saya mati,
daripada harus sengsara,
lalu Raden pergi dari sana,
menemukan linggis dan golok,
perlengkapan jin yang ada di tempat
itu,
dibawa pergi oleh Raden.
keluar dari tempat tersebut.

Menemukan pohon kayu,
rindang dan indah sekali,
dahannya mengarah ke barat dan
utara,

*tiap di Mesir karaton,
paeh aya nu manggihan,
bibi randa nyeungceurikan,
ayeuna diri teh jauh,
carek sisindiran tea mah.*

*Lieuk leuweung lieuk lamping,
jauh ka sintung kalapa,
lieuk deungeun lieuk lain,
jauh ka indung ka bapa,
kawuwuhan raden Ahmad,
kasaderekna ras emut,
geus beuki mangpaung manah.*

*Cai mulang cai maling,
cai ngocor ka astana,
kuma mulang rek balik teh,
ngumbara kieu rasana,
bingung kawuwuhan susah,
bingung pikir hanteu puguh,
nya ayeuna aing ikhlas.*

*Leuwih hade diri mati,
tinimbang nalangsa badan,
ti dinya raden teh mios,
beh manggih linggis jeung bedog,
parabotna jin di dinya,
dicandak ku raden tuluy,
saluareun padaleman.*

*Beh manggihan tangkal kai,
ngarumpuyuk alus pisan,
dahan nu ngolun nu ngaler,*

Raden membuat sebuah ruangan,
asyik menggali sendirian,
kedalamannya sudah mencapai dua
sikut,
hati Raden sudah ikhlas.

Kalaupun saya mati,
saya tidak penasaran,
bila sudah mengubur diri,
dari situ Raden bersila,
di dalam ruangan tersebut,
mengubur diri hingga,
tinggal leher ke kepala.

Tinggallah kepalanya,
mata Ahmad melirik ke kiri dan
kanan,
badannya diam,
dikisahkan di atas Ahmad,
ada kayu yang ditempati,
ditempati sepasang burung,
bernama burung surabaya.

Burung berwarna putih,
telah hinggap dan menetap,
siang malam tidak pernah pergi,
seumur hidup di sana,
tidak berpindah-pindah,
kalaupun terbang jauh,
pasti kembali lagi ke sana.

Tapi hanya sepasang,
betina dan jantan,
pada saat itu
burung betina bertanya,

*pek raden nyieun ruangan,
ngadeluk ngali sorangan,
jerona geus dua siku,*

raden manahna geus ikhlas.

*Papada aing teh mati,
diri hanteu panasaran,
ari geus ngaruang maneh,
ti dinya raden teh sila,
di jero eta ruangan,
ngaruang anjeunna putus,
kari satengah tenggekna.*

*Kantun mastaka nu kari,
gular giler soca Ahmad,
sidakep ningal karo,
kocap saluhureun Ahmad,
aya kai ngaluhuan,
dieunteupan dua manuk,
ngaran manuk surabaya.*

*Rupana manuk teh putih,
geus matuh ana eunteupna,
beurang peuting tara geseh,
saumur-umur di dinya,
tara ingkah balilahan,
sanajan hiberna jauh,
ari balik mah ka dinya.*

*Tapi ngan sajodo pasti,
awewe jeung lalakina,
mangsa harita eta teh,
manuk awewena nanya,*

ada apa dengan kita,
seperti tidak ada pohon kayu lain,
siang malam hingga di sini.

Kita tinggal menetap,
dari dulu tidak pernah berpindah,
tidak seperti yang lainnya,
tak menetap seperti kita,
burung jantan menjawab,
jangan bicara terlalu keras,
nanti terdengar oleh manusia.

Kata nenek tidak akan Kek,
pada saat ini,
semuanya sedang tidak ada,
begitu pula kaum manusia,
bahkan juga semua jin,
kakek lalu berkata,
itulah sebabnya.

menetap tinggal di sini,
kita ini suruhan,
raja kita,
Kangjeng Nabi Sulaeman,
tangga kayu ini,
kayu ini,
kalau kamu ingin tahu.

Pemilik semua pohon kayu,
begitu juga yang memelihara,
semua jin bodoh,
begitu juga rajanya,
padahal anaknya di sini,

*aki naha ari urang,
kawas euweuh deui kayu,
beurang peuting eueunteupan.*

*Matuh bae urang cicing,
ti baheula hanteu lunta,
teu cara nu sejen-sejen,
hanteu matuh cara urang,
manuk lalakina ngajawab,
ulah bedas teuing nyaur,
bisi kadenge ku jalma.*

*Carek nini moal aki,
samangsa dawuh ayeuna,
keur pada suwung sakabeh,
sumawona bangsa manusa,
sahinggana jin sadaya,
aki tuluy bae nyaur,
tah kitu kula sababna.*

*Anu matak matuh cicing,
ieu urang piwarangan,
enya ku gusti urang teh,
kangjeng Nabi Sulaeman,
ieu tangga kayu urang,
ari ieu tea kayu,
bisi maneh tacan terang.*

*Samaruk sagala kai,
sumawona kana miara,
tina bodo jin sakabeh,
boro nu jadi rajana,
kapan di dieu putrana,*

namun tidak mengetahui,
nama pohon kayu kastubaya.

Di seluruh Pulau Majeti,
hanya satu yang tahu,
akan kayu kastubaya ini,
Raden Penghulu Marmaya,
serta yang tahu asal-usulnya,
karena dia pemilik buku,
buku mengenai segala sesuatu.

Begitulah asal-usulnya Nek,
yang menjadi raja adalah anaknya,
tidak ada yang tahu,
asal pohon kayu ini,
berasal dari Kakek Sawarga,
batang yang menghadap ke selatan,
kalau ditebang sudah tentu.

Menjadi kuda hijau samparani,
dapat terbang ke angkasa,
sedangkan dahan yang kecil itu,
kalau ditebas sudah tentu,
menjadi pecut kilat,
bila dipakai memukul,
gunung hancur sungai pun surut.

Kulitnya pun sudah pasti,
menjadi pelana,
dan kuda ini pun,
sudah memiliki nama sendiri,
namanya Kastubaya,

*tatapina hanteu weruh,
ngaran kayu kastubaya.*

*Sanagri pulo majeti,
ngan cumah hiji nu terang,
kana kai kastubaya teh,
raden pangulu marmaya,
sarta nu terang asalna,
sababba nu kagungan buku,
buku sagala perkara.*

*Tah kitu asalna nini,
nu jadi raja putrana,
euweuh pisan anu nyaho,
ieu teh kai asalna,
asal aki sawarga,
ieu kai anu ngidul,
mun dituar tangtu pisan.*

*Kuda hejo samparani,
bisa ngambah media gantang,
itu dahan nu leutik teh,
mun ditilas tangtu pisan,
jadi cameti pun kilat,
upami dipake mabuk,
gunung urug sagara saat.*

*Kulitna ieu geus pasti,
jadi sebrak jadi sela,
jeung dewi ieu kuda teh,
geus boga ngaran sorangan,
ngaranapun kastubaya,*

kudanya pun mega mendung,
mendepak dan menendang keras
sekali.

Jadi kuda prajurit,
nah itulah asalna nenek,
jadi begitu asalna,
lalu kata nenek,
kenapa bodoh sekali,
kaum jin belum mengetahui,
ketika sedang berbicara.

Terdengar oleh Raden Ahmad,
gembira hatinya,
Raden kaget,
telah mendapat lailatulqadar,
terlihat oleh dua ekor burung,
burung tersebut terkejut sambil
terbang
Raden Ahmad melihat-lihat.

Bangun sambil mengangkat tanah,
telah keluar dari ruangan,
dan tidak susah mencari golok,
sudah tersedia di sana,
lalu pohon ditebang,
yang mengarah ke selatan,
telah berubah menjadi kuda.

Kuda hijau semprani,
sudah tersedia dengan pelananya,
yang kecil pun lalu ditebas,

*kudanapun mega mendung,
nonjok nyepak sewangkara.*

*Jadi kuda pelajurit,
tah kitu nini asalna,
ari cek omongan nini teh,
kutan teh kitu asalna,
naha atuh bodo pisan,
urang jin tacan weruh,
barang eukeur sasauran.*

*Ku raden Ahmad kakuping,
beyar galih mamanaan,
raden barina ngorejat,
geus kenging laelatur kodar,
ku dua manuk katingal,
kaget bari hiber manuk,
raden Ahmad teh ningalan.*

*Gugah bari ngangkat bumi,
geus bijil tina ruangan,
jeung teu hese nyiar bedog,
geus sadiya di dinya,
tuluy kai teh dituar,
nya eta nu condong ngidul,
gendrang enggeus jadi kuda.*

*Kuda hejo samparani,
geus sadia jeung selana,
jebrud nu leutik dikadek,*

berubah menjadi pecut kilat,
ditunggangi oleh Raden Ahmad,
meringkik senang,
meringkik keras.

Lalu bergerak menuju puri,
didepak-depak tempat tersebut,
semua pot berserakan,
maju dan berputar di dalam negara,
dipecut oleh Raden Ahmad,
kuda melesat terbang,
keluar dari dalam negara.

PUPUH PANGKUR

Sudah berada di angkasa,
Raden Ahmad tampak gembira,
dan semakin senang hatinya,
tunda dulu Raden Ahmad,
diganti dengan cerita raja,
menceritakan Dewi,
raja negara Majeti.

Telah datang dari Jabal Kupo,
pulang salat Jumat diikuti oleh para
jin,
beribu-ribu jin sahabatnya,
terdengar mereka membaca doa,
yang dibaca naktuna dinur dan kalayu,
sebagian membaca salawat,
membaca beraneka macam tasbih.

*jeger jadi pecut kilat,
ku raden Ahmad dipancal,
hohoang jeung suka kalbu,
hohoang jadi adean.*

*Seug maju ka lebah puri,
kalangenan disepakan,
paburantak sakabeh pot,
maju muter jero nagara,
dipecut ku raden Ahmad,
belesur kuda teh ngapung,
mungkur ti jero nagara.*

*Geus ngambah media gantang,
raden Ahmad sakalangkung suka
galih,
sareng tambah seger kalbu,
sok ditunda raden Ahmad,
ganti deui raja nu kapicatur,
nyarioskeun dewi,
ratu nagara majeti.*

*Geus sumping ti jabal kupa,
mulih jumaah diiringkeun ku para
jin,
balad jin mangrebu-rebu,
geus raong nu babacaan,
nu diamalkeun naktuna dinur
jeung kulayu,
sawareh maca solawat,
maca tasbeh warni-warni.*

Dikisahkan Dewi Soja,
ketika sampai di keraton,
tempat tinggalnya berantakan,
pot-pot keramik berserakan,
bunga-bunga bertebaran,
ketika memasuki keraton
tampak bantal dan guling.

Kamar tidur berantakan,
tempat tidur seperti diacak tidak
menentu,
hati Raden Ayu mangkel sekali,
siapakah orangnya,
yang berani merusak keraton,
dan menemukan sanggul,
tampak memakai bunga.

Siti Bagdad semakin pusing,
seperti ada yang membawa wanita,
dan berzina di keraton,
Ratu Dewi Soja,
memanggil kedua patihnya lalu
muncul,
Sadat Putu dan Sadat Putra,
Raden Patih terkejut lalu berzikir
sambil menunduk,
saya merasa telah pergi,
orang yang bercinta di sini.

Dan tempat ini pun rusak,
juga sepertinya kuda,
telah merusak di luar keraton,
Dewi Soja lalu berkata,
Patih cepatlah temukan,

*Kacaturkeun dewi Soja,
barang sumping ka kadaton galih,
kalangenan kabeh busuk,
pot gedah pating jaropak,
kekembangan paburantak
amburadul,
sup ka jero padaleman,
beh bantal sareng guguling.*

*Pajuaran paburantak,
ranjang kantil kawas diacak
pabuis,
bendu manah raden ayu,
saha ieu teh jalmana,
anu wani ngaruksak kadaton,
jeung bet mendak sobrah,
make kembang katingali.*

*Tambah pusing siti bagdad,
kawas-kawas lari ieu mamawa
istri,
ngadon jina di kadaton,
eta ratu dewi Soja,
nyaur dua patih enggeus jebul,
Sadat Putu Sadat Putra,
raden patih kaget dikir bari
tungkul,
raos abdi ieu lanyap,
nu ngadon ngalambangari.*

*Sareng kalangenan ruksak,
sareng kawas ieu kuda pasti,
ngaruksak luar kadaton,
dewi Soja seug nimbalan,
geuwat patih masing katimu,*

orang yang merusak,
manusia atau jin.

Harus bisa ditangkap Patih,
semua jin diperintahkan pergi,
cepat-cepatlah Patih.
segera Patih Sadat Putra,
memanggil dan mengumpulkan semua
jin,
segera saja disuruh,
he seluruh prajurit jin.

Coba lihatlah tempat ini hancur,
seluruh tempat di keraton puri,
ada yang merusak,
cari dan tangkap orangnya,
harus sampai dapat dan bunuhlah,
kurang ajar sekali orang itu,
atau mungkin sudah bosan hidup.

Semua jin pergi,
semua jin mencari orang,
sebagian melesat terbang,
begitu pula Sadat Putra,
tidak ketinggalan Sadat Putu,
waktunya tidak lama,
semua jin yang ke atas.

Raden Ahmad telah ditemukan,
oleh prajurit tersebut di angkasa,
telah dikepong oleh semuanya,

*etah jalma nu ngaruksak,
manusa atawa ejin.*

*Patih kudu bae beunang,
sakabeh jin parentahkeun masing
indit,
geuwat patih buru-buru,
enggal patih Sadat Putra,
sakabeh jin disaur kabeh geus
kumpul,
gancang bae ditimbangan,
he sakabeh balad ejin.*

*Coba taksir ieu ruksak,
kalangenan sakabeh kadaton puri,
bet aya nu ngabubusuk,
teangan tangkep jalmana,
masing beunang sarta tuluy
bunuh,
aya jalma kurang ajar,
atawa boseneun hirup.*

*Sakabeh jin pada mangkat,
ting baliyur sakabeh jin neangan
jalma,
sawareh belesur ngapung,
kitu deui Sadat Putra,
hanteu angkat kitu deui jeung
rama sadat putu,
teu lami deui waktuna,
nu ka luhur sakabeh jin.*

*Geus kapendak raden Ahmad,
ku perjurit eta di gandawiati,
geus pada dikepong bakul,*

dikepung bagai buaya yang sedang
membuka mulut,
Raden Ahmad melihat beribu-ribu
prajurit,
yang membuat dia dapat melihat jin,
karena azimat dari samprani.

Akuilah namamu mumpung masih
hidup,
jin atau manusia,
dan sebutkanlah siapa namamu,
dan kamu berasal dari mana,
serta kenapa berani-berani.

Merusak tempat tinggal,
serta kamu berani masuk ke dalam
puri,
apa sebabnya kamu berbuat begitu,
kemudian Raden Ahmad berkata,
nama saya Raden Ahmad anak Jemur,
asal dari negara Syam,
yang sedang berada di Majeti.

Dan saya adalah manusia,
sebetulnya memang saya,
yang masuk ke keraton,
dan merusak tempat tersebut,
yang membuat keraton luar rusak,
kuda berhenti tanpa dapat ditahan,
akibatnya masuk ke dalam puri.

*dikepung bakul buaya manghap,
raden Ahmad ningali perjurit
mangrebu-rebu,
nu matak kana jin awas,
karamat pun samparani.*

*Aku ngaran meungpeung hirup,
bangsa jin atawa manusa,
reujeung saha ngaran teh kudu
disebut,
jeung urang mana sampean,
reujeung naha wani-wani.*

*Bet ngaruksak kalangenan,
sarta maneh wani asup ka jero
puri,
naon sabab maneh kitu,
raden Ahmad seug ngandika,
ngaran kami raden Ahmad putra
jemur,
nya lembur ti nagara sam,
eukeur sabab ka majeti.*

*Jeung kami bangsa manusa,
saenyana terang bae diri kami,
anu asup ka kadaton,
jeung ngaruksak kalangenan,
anu matak ngaruksak luar
kadaton,
kuda merod teu katahan,
nu matak asup ka puri.*

Dikira negara ini,
tidak ada manusia atau jinnya,
karena tidak ada yang menunggui,
seperti tidak ada yang sakti,
dikira negara tersebut tidak ada
rajanya,
kenapa begitu sikapmu,
minta pertimbangan dari para jin.

Segala kesalahan dan akibatnya,
para jin menjawab dengan lebih
berani,
tentu saja kamu sekarang,
tidak akan dipertimbangkan oleh
kami,
hukum kami setiap merusak keraton,
karena telah rusak,
kamu tidak bisa menghindar.

Mau lari ke mana,
lihatlah tentara jin kami,
kamu sudah dikepung,
lalu Raden Ahmad berkata,
insya Allah kalau kamu tidak ada
pertimbangan,
saya memang sendiri,
tetapi berani mati.

Mati pun tidak penasaran,
hukum kami sekarang anti-
peperangan,
meskipun yang berdosa seperti itu,
atau bertobat atas dosanya,
perlu juga dipertimbangkan dosa
seperti itu,

*Sugan teh eta nagara,
hanteu aya jalmana atawa ejin,
bongan euweuh anu tunggu,
kawas nu kurang digjaya,
sugan tea eta nagara euweuh
ratu,
naha bet kitu lalampahan,
menta timbangan para ejin.*

*Kasalahan wireh sabab,
para ejin ngajawab jeung leuwih
wani,
ayeuna maneh geus tangtu,
kami moal aya timbang,
hukum kami tiap ngaruksak
kadaton,
adilna da geus ruksak,
maneh moal bisa ngingkir.*

*Rek ngejat-ngejat ka mana,
coba tenjo balad kami para ejin,
maneh geus dikepung bakul,
raden Ahmad seug ngandika,
insaaloh maneh taya timbang kitu,
memang kami ngan sorangan,
lilah dunya tegang pati.*

*Paeh moal penasaran,
hukum kami ayeuna ngamusuh
jurit,
sanajan nu dosa kitu,
atawa tobat pangdosa,
perlu oge tinimbangan dosa kitu,*

kamu minta pertimbangan,
saya berani melawan jin.

Serta saya tidak takut,
silakan sore ataupun besok tetap
berani,
para jin berkumpul,
kudanya sudah ditangkap,
sudah berkerumun lalu ingat akan
pecutnya,
semua jin dipukul,
berjatuhan pingsan.

Begitu pula kuda tersebut,
mendepak dan menjatuhkan para jin,
dipecut oleh Ahmad,
prajurit berjatuhan,
karena nafsu Raden Ahmad tidak
berhenti,
bagai tawon yaang menyerang,
datang dari depan dan dari samping.

Raden Ahmad berperang,
para jin dihantam dengan pecut,
yang dari belakang dan dari depan,
seperti hujan saja,
para jin sudah tidak tahan dengan
pecut,
semua jin kesakitan,
terjungkal ke tanah semuanya.

Diketahui oleh Sadat Putra,
terkejut melihat para jin berjatuhan,

*maneh dek menta timbangan,
kami wani ngalawan ejin.*

*Sarta kami henteu serab,
coba tingal sore wani isuk wani,
para jin rob kabeh kumpul.
kudana geus pada newak,
enggeus reuteum den ras kana
pecut,
kabeh jin dibabuk mulang,
murubut pada teu eling.*

*Kitu deui eta kuda,
nonjok nyepak digebrigkeun para
ejin,
ku Ahmad dituyun pecut,
perjurit murubut murag,
raden Ahmad taya elatna keur
napsu,
hingga nyiruan keur nyerang,
rob ti payun rob ti gigir.*

*Raden Ahmad seot perang,
para ejin disabetan ku cameti,
nu ti payun nu ti pungkur,
geus mani cara hujan,
para ejin geus teu tahan kana
pecut,
kabeh jin geus kapidara,
ting jarungkel kana bumi.*

*Kapendak ku Sadat Putra,
pada kaget ningal murubut para
jin,*

Sadat Putu menanyakan musuh,
cepatlah beri tahu,
mengenai para jin yang berjatuhan,
semua jin menjawab,
terutama jin yang masih sadar.

Aduh Tuan ampuni saya,
teman-teman disiksa hingga pingsan,
beribu teman pun diterjang,
pantas saja berani merusak,
tempat tinggal dan keraton diporak
porandakan,
manusia mencari musuh,
sekarang telah terbukti.

Orang yang merusak,
bernama Ahmad menunggang kuda
semprani,
repot sekali para jin dipecut,
tiada ampunnya,
sekarang pun di angkasa sedang
menantang musuh,
sedang murka,
benar-benar pantang menyerah.

Raden Sadat Putra kaget,
cepat sediakan dan pasang jin,
pedang tumbak sudah tersedia,
mengambil senjatanya masing-masing,
tentara jin sudah berkumpul
semuanya,
diikuti oleh Sadat Putra,
tentara jin sudah pergi semuanya.

*Sadat putu nanya musuh,
cing urang geuwat bejaan,
ayana para jin mani murubut,
sadayana jin ngajawab,
sakur jin nu pada eling.*

*Aduh juragan abdi tobat,
batur-batur kapidara hanteu
eling,
batur sarebu ditempuh,
paingan wani ngaruksak,
kalangemnan jeung kadaton
dibuburak,
manusa neangan lawan,
ayeuna parantos bukti.
Jalmana anu ngaruksak,
ngaran Ahmad tumpak kuda
samparani,
para jin ripuh dipecut,
taya munyanga pulia,
ayeuna ge keur di luhur nangtang
musuh,
ketak ludira sondari,
keur meujeuhna patang giri.*

*Kaget raden Sadat Putra,
sing sadia geuwat pasang ejin,
pedang tumbak parantos pupuh,
geus bungbeng nyandak
pakarang,
geus sadia balad jin kabeh geus
kumpul,
digiring ku Sadat Putra,
geus breng deui balad jin.*

Senjatanya mengkilap,
diceritakan telah bertemu dengan
musuh,
lalu dikepung kembali,
bagai buaya sedang membuka mulut,
senjata berupa pedang tampak
mengkilap,
Raden Ahmad sekarang,
tidak mundur dari musuh perang.

PUPUH DURMA

Hati Raden Ahmad merasa ngeri,
melihat senjata prajurit,
berkilauan membuat silau,
hatinya sudah ikhlas,
bagaimana nanti saja,
apalagi negara ini,
banyak sekali tentara jinnya.

Sekarang saya sedang,
mempertaruhkan nyawa,
serta tentu peperangan ini,
kalau saya menang,
saya di sini berperang,
kalau para jin kalah,
saya percaya,
beruntung dalam pertempuran ini.

Tiba-tiba datang dari kanan dan kiri,
dari depan dan belakang,
berseliweran senjatanya,
tangan kiri pun memegang juga,

*Pakarang pating gurilap,
kacaturkeun jeung musuh geus
patepung deui,
rob deui dikepung bakul,
kepung bakul buaya mangap,
pakarangna pating gurilap pedang
wungkul.
raden Ahmad ayeuna eta,
teu mundur ka musuh jurit.*

*Raden Ahmad ngaraos gimir
manahna,
ningali pakarang perjurit
tinggurilap matak serab,
parendena enggeus iklas,
kuma behna bae diri,
jeung deui ieu nagara,
sugih balad sartana jin.*

*Nya ayeuna aing teh nangtukeun
nyawa,
sarta tangtu perang jurit,
saupama aing meunang,
aing di dieu perang,
mun eleh para jin,
diri percaya,
milik bakal perang jurit.*

*Eukeur kitu rob ti kanan rob ti
kiwa,
ti payun ti pungkur deui,
tingkuciwek pakarangna,
tangan kiri pada aya,*

semua prajurit jin,
 tangan kanannya,
 memegang senjata.

Raden Ahmad lalu menarik pecut
 kilat,
 para jin dicambuknya,
 karena yang tampak,
 jelas berjatuhan,
 para jin telah berjatuhan,
 berikut senjatanya,
 terpotong tidak ada yang utuh.

Yang datang dari samping pun
 dicambuk kembali,
 semprani pun mendepak,
 datang dari atas dihantam,
 muncul dari bawah didepak,
 berjatuhan lagi para jin.

Ribuan jin menderita karena tidak
 tahan,
 semuanya pingsan,
 Patih Sadat Putra terkejut,
 segera memanggil adiknya,
 kita celaka Dik,
 tentara tidak tahan,
 prajurit sudah berjatuhan.

Dik mari kita hadapi berdua,
 segera Patih Sadat Putra,
 pergi bagai kilat,
 menyambit Den Ahmad,
 dengan pecut besi kuning,

*sadayana balad jin,
 tangan jeung kiwa,
 ketak ludira sondari.*

*Raden Ahmad seug narik cameti
 kilat,
 jebrod digitik para ejin,
 sababna nu katingal,
 sartana ku kolewang,
 geus murubut para jin,
 jeung pakarangna,
 parotong taya nu mahi.*

*Jol ti gigir dipecut dibabuk
 mulang,
 sebrut nyepak samparani,
 jol ti luhur ditinggang,
 jol ti handap disepak,
 geus murubut para perajurit jin.*

*Kapidara reburebu jin teu kuat.
 sakabeh pada teu eling,
 kaget patih Sadat putra,
 enggal nyaur ka raina,
 duh cilaka urang rai,
 balad teu kuat,
 geus murubut palajurit.*

*Coba rai urang sorang ku duaan,
 enggal sadat putra patih,
 hiyeng cara kilat,
 nyabet ngagitik ka Ahmad,
 ku cameti beusi kuning,*

Raden Ahmad,
tersungkur tak sadarkan diri.

Raden Ahmad berkata lagi kepada
musuh,
kalau tidak tepat perkiraan saya,
percuma disebutkan,
rasakan pembalasanku,
panah coba lihatlah.

Kata Raden sudah pasti ini,
mengena pada leher,
terpenggal hingga putus,
cobalah tebak,
alasan kami ditutup muka.

Raden Ahmad segera menebaknya,
kamu raja jin,
makanya ditutup seperti itu,
pelit wajah terhadap saya,
karena matamu besar.

Keduanya hidungmu tentu putus,
itulah tebakanku,
Ratu Majeti berkata,
kalau begitu kamu tidak tahu,
bahkan juga sombong.

Diberi dua yang seperti kamu pun
tidak apa-apa,
Raden Ahmad panas hatinya,
hidup pun kepalang tanggung,

*raden Ahmad,
nyuuuh pisan hanteu eling.*

*Raden Ahmad ngalahir deui ka
musuh,
mun teu meneran paneguh kami,
percumah jadi kasebut,
rasakeun pamales kami,
gondewa kami cing tenjo.*

*Saur raden sidadali ieu tangtu,
ninggang kana beuheung pasti,
nugel jangga tangtu rampung,
coba geura teguh kami,
sebut sababna teregos.*

*Raden Ahmad enggalna seug
neguh musuh,
eta maneh ratu ejin,
nu matak dibabad kitu,
koret ku beungeut ka aing,
mata maneh teh bolotot.*

*Kaduana irung maneh tangtu
rampung,
sakitu panyebut kami,
sang ratu majeti nyaur,
mun kitu maneh pangarti,
kajaba mun olo-olo.*

*Dirangkep pantar maneh teh
sapuluk,
raden Ahmad ngerik galih,
kapalang aing nyahirup,*

kalau saja saya akan kalah,
lebih baik mati saja.

Pecut kilat ditarik lalu maju,
begitu pula dengan Ratu Majeti,
sesumbar sambil memukul,
dan menarik pecut rukmin,
saling membanting pecut keduanya.

Kebetulan keduanya sama-sama
terjatuh,
Raden Ahmad terguling,
Ratu Majeti tersungkur,
sama-sama terpuruk,
ketika keduanya sama-sama
sempoyongan.

Segera keduanya berdiri tegap
kembali,
Dewi Soja mengambil panah,
he musuh rasakan ini,
tahanlah senjata dadali,
keburu datang yang memisahkan.

Diceritakan Wesi Umar Maya Sela
Umyung,
penghulu negeri Majeti,
he sadarlah kalian,
ingatlah ini uwa,
kalau benar-benar musuh Nyai.

Kalau musuh Nyai sesuai dengan yang
di buku,
dalam duplikat Majeti,
pada suatu saat nanti

*sakira aing teu meunang,
leuwih hade anggur maot.*

*Pecut kilat ditarik sor maju,
kitu deui sang majeti,
susumbar bari ngagebug,
jeung narik cameti rukmin,
silih bobot sami awor.*

*Kaleresan sami duanana rubuh,
raden Ahmad teh ngaguling,
raja Majeti ngudupung,
geus sami kasoran jurit,
barang ras sami ngoloyong.*

*Enggal lulun sami duanana
lungguh,
dewi Soja kop jamparing,
he rasakeun sia musuh,
tahan senjata dadali,
kabujeng nu misah geus jol.*

*Gurit Wesi Umar Maya sela
umyung,
pangulu nagri Majeti,
bupu emas mangke sing eling,
mangga eling ieu uwa,
musuh nyai lamun yaktos.*

*Musuh nyai mun bener reujeung
dina buku,
carek duplikat Majeti,
jaganing pagetona tangtu,*

ada pertanda yang pasti,
kalau Kastubaya dipotong.

Tentu Nyai akan mempunyai suami
yang sakti,
yang jadi penyebabnya jelas sekali,
yakni dari perang pupuh,
musuh tersebut tentu,
calon jodoh yang pasti.

Bahkan nanti menurut buku tersebut,
nama suami Nyai,
Raden Ahmad putra Jemur,
kalau tidak salah,
anak raja keraton Syam.

Raden Ahmad terkulai ketika
mendengarnya,
sambil bersalaman,
menangis sambil berkata,
Uwa inilah saya,
yang disebutkan tadi memang benar.

Ananda merasa bertemu dengan nenek
moyang,
Umar Maya gembira,
memangnya kenapa,
Uwa tidak salah Nyai,
cepatlah terima dia sebagai kekasih.

Kemudian Dewi Soja membuka cadar,
bercahaya wajah putri,
sambil tersenyum manis,

*aya totonden pasti,
lamun Kastubaya potong.*

*Nyai tangtu bakal gaduh raka
punjul,
nu jadi lantaran sidik,
margi tina perang pupuh,
eta musuh tangtu nyai,
pasti bakal kapijodo.*

*Samalahan engke dina buk
disebut,
jenengan caroge nyai,
raden Ahmad putra jemur,
lamun hanteu salah jinis,
putra raja Sam karaton.*

*Raden Ahmad barang ngadangu
rumpuyuk,
bari munjungan sakali,
nangis barina jeung nyaur,
uwa mun sumuhun abdi,
sapanyebut leres yaktos.*

*Tuang putra asa tepung jeung
karuhun,
Umar Maya suka galih,
lakadalah kumaha kitu,
hanteu salah uwa nyai,
geura seug aku kabogoh.*

*Dewi Soja lajengna ngabuka
cindung,
baranyay pameunteu putri,
bari imut ngagelenyu,*

seperti bidadari yang baru lahir,
alangkah bangganya keraton ini.

Buah dadanya terlihat sedikit,
berwarna kuning langsung,
tidak lama kemudian ditutup,
Putri mengusap keringat,
karena kegerahan sekali.

Raden Ahmad sangat kaget ,
melihat Putri Majeti,
berkata di depan penghulu,
Saya tidak menyangka Uwa,
Raja Majeti ternyata perempuan.

Kalau tahu perempuan ketika sedang
bertarung,
Ananda merasa risi,
risi oleh satu dua alasan,
karena ternyata perempuan,
saya bertarung dengan perempuan.

Keduanya tidak akan ada nafsu
berperang,
saya merasa malu,
oleh semua sesepuh,
karena berperang dengan perempuan,
saya malu oleh yang manis.

PUPUH DANGDANGGULA

Umar Maya penghulu Majeti,
lalu berkata kepada Dewi Soja,
Nyai Keraton sekarang,

*siga widadari lahir,
dewata bagjaning katon.*

*Pinareupna diligay saeutik ayu,
siga cengker gading kuning,
teu lami deui dilingkup,
ngilangkeun karinget putri,
bakating hareudang asa.*

*Raden Ahmad hookeun kaliwat
langkung,
ningali putri Majeti,
nyaur payuneun pangulu,
uwa teu nyana sib abdi,
ratu Majeti teh wadon.*

*Lamun enya istri mah eta keur
pupuh,
putra teh kantenan miris,
miris kudua kutilu,
saperkawis margi istri,
abdi diadu jeung wadon.*

*Kaduana mowal aya napsu
nguwung,
sami raos jisim abdi,
ku sadaya-daya sepuh,
kusabab perang jeung istri,
ku nu manis isin kulo.*

*Umar Maya pangulu Majeti,
seug ngandika ka sang dewi Soja,
ayeuna teh nyai karaton,*

bersalamanlah dengan Kanda,
sudahlah jangan bertarung,
terimalah Ahmad sebagai kekasih,
Dewi Soja berkata,
mengenai perkataan Uwa,
mengikuti saja hanya ada satu hal,
dengan Raden Ahmad yang tampan.

Meskipun saya suka,
siapa tahu dia tidak suka,
penghulu Marmaya berkata,
kalau tidak senang kepada Nyi Ratu,
berperanglah melawan Uwa,
dahulu pun Uwa,
bekas serdadu
dahulu si negeri Arab
dipercaya oleh Raja Baginda Amir,
menjadi senapati perang.

Ayo Raden Ahmad berkatalah,
menurut Uwa,
kalau tidak menginginkan yang cantik,
selain gagah juga sintal,
apalagi anak nabi,
cantik dan menjadi ratu,
bodoh sekali kalau tidak bersedia,
perawan bukan janda,
masih baru,
terdengar oleh Dewi Soja.

Lalu Uwa yang bernama Wesi
dipukul,
Uwa jangan mempermalukan,

*ka engkangna geura munjung,
meugeus ulah perang tanding,
Ahmad geura aku raka,
dewi Soja matur,
perkara dawuhan uwa,
ngiring pisan tapi aya saperkawis,
di nu kasep raden Ahmad.*

*Suka oge ari jisim abdi,
namung itu biheung hanteu suka,
pangulu Marmaya walon,
mun teu daek ka nyi ratu,
jeung uwa lawanna jurit,
da uwa ge baheula mah,
ruruntuk sardadu,
baheula di dagri Arab,
dipercaya ku raja Bagenda Amir,
jadi sena pati laga.*

*Coba raden Ahmad geura muni,
coba-coba cek pikir uwa mah,
mun teu daek kanu moher,
keur mohor gandang nya
nyemplu,
turug-turug putra nabi,
tur geulis jadi raja,
bodo mun teu purun,
tur parawan lain randa,
weuteuh kenah hampaan minyak
kaliki,
kakuping ku dewi Soja.*

*Seug diteunggeul uwa gurit wesi,
ari uwa ku sok matak era,*

seperti pedagang saja,
menawarkan barang serendah-
rendahnya,
terus menerus ditawarkan,
seperti barang rongsokan,
tidak laku satu minggu,
terpaksa tidak laku,
tidak akan busuk didiamkan setahun
lagi pun,
Raden Marmaya tertawa.

Raden Ahmad berkata kepada Putri,
Duh Nyai Kanda akan memberi tahu,
agar lebih jelas,
yang pasti menurut Kanda,
dijadikan suami oleh Nyai,
masuk ke dalam peribahasa
seakan mendapat durian jatuh,
Kanda mendapat kebahagiaan,
tidak ada lagi kebahagiaan yang lain,
jelasnya mendapat anugerah.

Tentu panjang kalau diceritakan,
perjalanan Kanda yang prihatin,
begitu pula Kanda,
nanti akan diminta,
sekarang saya,
kalau memang benar Tuan Putri
senang,
silakan terima saja,
Ratu Ayu Dewi Soja,
ketika dengan jelas mendengar,
lalu menyalami Ahmad.

*bet kawas nu dagang bae,
nawarkeun teh ngarurutuh,
dihaben diibring-ibring,
kawas ka barang radigan,
teu payu saminggu,
wayahna jomblo sebarang,
moal buruk diingekun satauan
deui,
raden Marmaya nyakakak.*

*Raden Ahmad haturan ka putri,
aduh nyai engkang unjuk uninga,
supados pada waspaos,
pikir engkang anu tangtu,
diangken raka ku nyai,
asup kana paribasa,
kagunturan madu,
aya bagja diri engkang,
taya dewi bagja pikeun ngaupami,
tegesna kasinugrahan.*

*Tangtu panjang upama digurit,
lampah engkang nu kaprihatinan,
kitu dewi engkang oge,
di payun tangtu diunjuk,
ayeuna diri simkuring,
lamun enya gusti suka,
mangga geura aku,
ratu ayu dewi Soja,
barang nguping tegesna sidik,
cedok munjungan ka Ahmad.*

Saling memaafkan,
 setelah perang besar,
 sudah seperti sediakala,
 segera Dewi Soja berkata,
 Silakan Kanda kita duduk-duduk dulu,
 di dalam keraton,
 silakan Uwa,
 Umar Maya berkata baiklah,
 singkat cerita,
 mereka pergi ke keraton.

Umar Maya beserta Ahmad dan Putri,
 telah duduk di keraton,
 semua patih dan menteri,
 sangat gembira,
 para jin ramai berkata,
 sekarang kita,
 memiliki raja yang sakti,
 sudah tiba waktunya,
 kangjeng gusti menemukan jodohnya,
 sudah memiliki tanpa diceritakan.

Tidak lama disediakan hidangan,
 para raja memasang makanan,
 telah rapih di atas meja,
 banyak buah-buahan,
 waktunya tidak lama,
 lalu semuanya makan,
 sambil bercengkerama,
 membicarakan kisah peperangan,

*Sami pada silih hampura deui,
 urut perang baratayuda,
 geus pada sawios-wios,
 enggal dewi Soja matur,
 mangga engkang urang linggih,
 ka jero padaleman,
 uwa mangga atuh,
 Umar Maya matur mangga,
 enggalna ieu carita bujeng nu
 gasik,
 jung mangkat ka padaleman.*

*Umar Maya Ahmad sareng putri,
 enggeus lengga di padaleman,
 papatih mantri sakabeh,
 sami suka liwat langkung,
 rame sasauran para jin,
 ayeuna ieu urang,
 boga raja punjul,
 geus nepi kana mangsana,
 tepung duriatna teh kangjeng
 gusti,
 geus gaduh tanpa carita.*

*Hanteu lami susuguh tarapti,
 para raja masang katuangan,
 dina meja geus ngaberes,
 bubuahanana ngahiud,
 teu lami waktuna deui,
 lajeng barang tuang sadaya,
 bari gunem catur,
 nyarios lalakon perang,*

dari awal hingga selesai,
yang membuat berpisah dengan
kakaknya.

Umar Maya sedih mendengarkannya,
segera menghibur hati,
biarlah karena akan menjadi
pengantin;
selain itu Marmaya,
membawa tempat telur,
ingat seperti Uwa dahulu,
kiai penghulu,
sambil membuka almanak,
sejarah suami ratu Majeti kuat,
hikayatnya pun sangat aneh.

Singkatnya suami ratu Majeti,
seandainya keberatan,
itu sudah tentu,
ke bawah dan ke atas,
yang ke bawah menjadi ihis,
yang ke atas menjadi uang,
saya akan beruntung,
begitu menurut Umar Maya,
karena hikayatnya seperti itu,
dalam hati Umar Maya.

Kuda kastubaya samprani,
menggoyangkan sendiri dan meringkik
keras,
berteriak mengeluarkan suara keras
sekali,
Raden Ahmad siuman dan bangun,
cepat dipegang,

*tina awit dumugi dongkap ka
ahir,
tutugna pisah jeung raka.*

*Umar Maya nguping ngerih galih,
gancang dililipur manah,
kajeun da bakal panganten,
Marmaya bari dikitu,
kebu beureum jeung nyoren kandi,
emut cara uwa baheula,
kiai pangulu,
barina muka almendak,
sajarahna kuat raka sang Majeti,
hikayatna aheng pisan.*

*Saenggalna raka sang Majeti,
saupama lamun kabeuratan,
eta geus tinangtu bae,
ka handap sareng ka luhur,
nu ka handap jadi ihis,
nu kaluhur jadi uwang,
aing bakal untung,
kitu manah Umar Maya,
wireh eta hikayatna cara tadi,
dina manah Umar Maya.*

*Kastubaya kuda samprani awas,
digibrigkeun nyora tarik,
dengke ngabijilkeun petak,
raden Ahmad seug eling gugah,
geuwat sakilat dicangking,*

Raden Sadat Putra,
sudah menyerang kembali.

Raden Ahmad bersiap-siap dan
mengawasi dengan cermat,
ketika Patih Sadat,
memukul Raden Ahmad,
disambut dengan pecut kilat,
beradu dengan pecut besi,
Ahmad bersiap-siap,
patih jin dihantam kembali.

Hanya sekali saja langsung jatuh ke
bawah,
Sadat Putra datang lagi,
menumbak Raden Ahmad,
Raden tidak menghindar,
secepat kilat ditarik,
oleh Raden Ahmad,
patih jin dihantamnya.

Hanya sekali saja langsung jatuh ke
bawah,
ketika sampai di tanah,
Sadat Putra pingsan,
tidak lama kemudian siuman dan
bangun,
ketika melihat ke samping,
Raden Sadat Putra,
ditemukan oleh Sadat Putu.

Ketika akan memukul kembali
lawannya,
oleh Sadat Putu dihalangi,

*den Sadat Putra,
geus seot ngagitik deui.*

*Raden Ahmad taki-taki awas
ningal,
barang jebrod Sadat patih,
neunggeul ka raden Ahmad,
ditigas cameti kilat,
buk-bek jeung cameti beusi,
Ahmad malesan,
jebet patih jin digitik.*

*Ngan sakali koleang ragrag ka
handap,
Sadat Putra datang deui,
jebet numbak ka den Ahmad,
raden hanteu ngejat,
enggal sakilat ditarik,
ku raden Ahmad,
jebet patih jin digitik.*

*Ngan sakali koleang ragrag ka
handap,
barang gubrag kana bumi,
Sadat Putra kapidara,
teu lila ras eling gugah,
barang ngareret ka gigir,
den Sadat Putra,
ku sadat Putu kapanggih.*

*Barang seat rek ngagitik deui
lawan,
ku Sadat Putu dipahing,*

sambil dipotong duluan,
nanti dulu Dik,
awas jangan maju lagi,
Kanda,
bukan kalah melainkan masih berani.

Tetapi lihatlah tentara sangat tersiksa,
menjadi cacat karena pecutan,
seumur hidup Kanda baru,
naas dapat dibalas oleh musuh,
betul kata jin adiknya,
lalu bagaimana,
dengan kita sekarang.

Sekarang lebih baik kita beri tahu,
Seri Maharaja Putri,
segera saja kedua patih tersebut
berangkat,
menemui raja putri,
lalu Dewi Soja,
telah melihat kedua patih.

Eh Ki Patih apakah musuh berhasil
ditangkap,
cepat duduk kakak beradik itu,
kedua patih lalu berkata,
saya menyampaikan berita,
bahwa orang tersebut,
telah ditemukan,
tetapi di angkasa raya.

Bukan jin melainkan manusia,
ditemukan oleh saya,
sedang menunggang kuda,

*bari dipegatan,
mangke rai heulaanan,
poma ulah maju dewi,
sanajan akang,
lain kawon masih wani.*

*Coba tingal itu balad ripuh pisan,
pada cacad ku cameti,
saumur kakang kakara,
kabales ku musuh naas,
leres cek adina ejin,
atuh kumaha,
ayeuna urang teh rai.*

*Ayeuna mah saena urang
unjukan,
ka Seri Maharaja putri,
enggalna dua patih enggeus
angkat,
ngadeuheus ka raja putri,
seug Dewi Soja,
geus ningal kadua patih.*

*Eh ki patih kumaha musuh teh
beunang,
enggal calik raka rai,
dua patih seug unjukan,
sim abdi unjuk uninga,
perkawis eta nu julig,
kapendak pisan,
tapi digandawiaati.*

*Sanes ejin jalmana urang manusa,
kapendak ku jisim abdi,
eukeur ngajajar kuda,*

di atas awan,
menunggang kuda semprani,
namun tidak berhasil,
ditangkap oleh saya,

Jangankan kuat malah jin yang
hancur,
dihantam dengan pecut kulit,
bahkan saya sendiri,
yang ikut menangkap merasa tidak
tahan,
dipukul pecut yang sangat keras,
setengah mati saya.

Badan rasanya tidak karuan ketika
siuman,
sekarang saya,
memberitahukan apa adanya,
karena saya tidak berhasil,
saya pasrah atas,
kebodohan ini,
semuanya terserah Gusti.

Dewi Soja marah sekali,
kamu memang benar patih,
kamu tidak mampu melawan,
karena ratunya tidak peduli,
akhirnya kembali kepada diri sendiri,
memang,
benar kata Ratu Putri.

Akan tetapi, daripada harus keluar
dari pertempuran,
lebih baik kehilangan nyawa,

*di luhur madia gantang,
tumpak kuda samparani,
amung hanteu kiat,
ditangkep ku jisim abdi.*

*Batan kuat anggur para jin nu
ruksak,
dibabuk cameti kulit,
samalahan abdi pisan,
milu nangkep hanteu kiat,
sampe nunggeul ku cameti matih
pecutna,
sim abdi satengah mati.*

*Barang eling sim abdi asa
pasingsal,
ayeuna teh jisim abdi,
sadaya-daya nguninga,
wireh abdi hanteu kiat,
sadaya nyanggakeun diri,
dikabodoan,
sadaya nyanggakeun gusti.*

*Dewi Soja midanget patih jeung
marah,
enya bener maneh patih,
geus teu kuat maneh ngalawan,
bubuhan acuh rajana,
tamiang meulit ka bitis,
bubuhanana,
bener aceuk raja putri.*

*Tatapina tinimbang ngejat ti
medan,
anggur lebih tegang pati,*

lalu Dewi Soja berdandan,
menyandang pedang serta gada,
juga pecut rukmin,
berikut senjata,
yang bernama panah dadali.

Sang Putri juga membawa tutup muka,
tutup muka berwarna hijau,
lalu ditutup wajahnya,
dapat melihat dengan jelas,
disertai kuda putih,
kemudian pergi,
perlengkapannya telah tersedia.

Dewi Soja melesat terbang menuju
mega,
telah bertemu dengan musuh perang,
Raden Ahmad sudah siap,
serta bertanya,
siapa yang begitu tersembunyi,
tidak kelihatan muka,
musuh atau bukan.

Dewi Soja menjawab dengan keras,
tidak usah bertanya-tanya,
sayalah raja Jabal Kupo,
yang akan menangkap kamu,
yang tidak tahu sopan santun,
merasa sakti,
naaslah kamu dan saktilah saya.

*rap dangdan sang dewi Soja,
nyungkelang pedang nyandak
gada,
jeung cameti rukmin deui,
rawuh senjata,
nu ngaran panah dadali.*

*Kitu deui sang putri nyandak
duriat,
duriat hejo cawening,
rap dibuded rarayna,
ningal saawas-awasna,
diiring kudua patih,
lajeng bae angkat,
barangna enggeus sayagi.*

*Dewi Soja melesat ka luhur mega,
geus tepung jeung musuh jurit,
den Ahmad enggeus iatna,
sartana bari mariksa,
saha bet dibuni-buni,
teu tembong raray,
musuh atawana lain.*

*Dewi Soja ngajawab barina
keras,
montong sok tatanya teuing,
aing ratu Jabal Kupa,
nu baris nangkep andika,
nu kurang adab plekik,
reueus digjaya,
apes deungeun sakti aing.*

Raden Ahmad menjawab keras sekali,
silakan pukul saya,
saya sudah siap,
mempertaruhkan nyawa,
segera saja Ratu Majeti,
mengangkat tumbak,
Putri memukul dengan tumbak.

*Raden Ahmad ngajawab barina
keras,
geura dek bae ka kami,
diri kami enggeus pasrah,
tegang pati lilah dunya,
enggalna ratu majeti,
seug ngulung tumbak,
jebet putri numbak tarik.*

Raden Ahmad segera menarik pecut
kilat,
tombak ditangkis cemeti
tombak Dewi Soja patah,
berjatuhan ke bawah,
kecewa Ratu Majeti,
kemudian menarik pedang,
secepat kilat hendak membunuh.

*Raden Ahmad enggal narik cameti
kilat,
tumbak ditakis cameti,
rampung tumbak dewi Soja,
bubuk murubut ka handap,
ngenes sang raja majeti,
seug narik pedang,
geus sebrut ngabunuh tarik.*

Pedang putri ditangkis dengan pecut
kilat,
pedang putri pun jatuh,
jatuh ke bawah,
Raden Ahmad mengejar dengan cepat,
putri dicambuknya,
melayang jatuh,
Dewi Soja tak sadarkan diri.

*Pedang putri ditakis cameti kilat,
namru deui pedang putri,
bubuk murubut ka handap,
den Ahmad nyusul malesan,
jebet putri dicameti,
koleang ragrag,
dewi Soja hanteu eling.*

Ketika Dewi Soja yang masih lemah
sampai ke tanah,
berdiri sadar kembali,
ingat pada senjata,
melesat dilepaskan,
panah dadali,
Raden Ahmad,
kebetulan panah mengena.

*Barang tiba dewi Soja kana
lemah,
janggelek ras eling deui,
ras emut kana senjata,
geus biau dilepas,
teu lami panah dadali,
raden Ahmad,
kaleresan ku jamparing.*

Ketika mengenai kaki dari belakang,
 kastubaya tidak sadarkan diri,
 jatuh ke bawah,
 seperti layangan putus,
 ketika sampai ke tanah,
 kaget melihat,
 melihat kuda tak sadarkan diri.

Ternyata kuda tersebut hilang,
 menghilang dari arena peperangan,
 Raden Ahmad kaget,
 takut karena ditinggalkan oleh kuda,
 sementara untuk melihat jin,
 masih jelas,
 azimat dari pecut.

Dewi Soja telah muncul di hadapan
 Ahmad,
 pecut kilat ditarik,
 dicambukkan kepada ratu,
 Raden Ahmad berhasil,
 sempoyongan,
 Putri tak sadarkan diri.

PUPUH MAGATRU

Raden Ahmad sesumbar sambil
 mundur,
 raja jin cepat bangun,
 lawan lagi saya,
 enak sekali saya,
 bertempur di luar keraton.

*Barang jetot kana suku nu ti
 tukang,
 kastubaya les teu eling,
 ngalenggerek ragrag ka handap,
 geus cara langlayangan pegat,
 barang gebut kana bumi,
 kaget ningalan,
 ningal kuda hanteu eling.*

*Barang inget eta kuda tanpa
 musna,
 leungit ti payuneun jurit,
 kaget raden Ahmad,
 keueung katilar ku kuda,
 parendena ningali jin,
 masih awas,
 karamatna eta cameti.*

*Dewi Soja geus jol ti payuneun
 Ahmad,
 narik cametina kilat,
 dibabuk sang raja putri,
 kaleresan ku den Ahmad,
 leng kapidara,
 rumpuyuk putri teu eling.*

*Raden Ahmad susumbar barina
 mundur,
 geura hudang raja ejin,
 coba aing geura tempuh,
 enggeus tamaninah aing,
 perang luareun kadaton.*

Dewi Soja bangun kembali,
 pecut rukmin ditarik,
 Raden Ahmad dicambuk,
 kebetulan mengenai telinga,
 terjungkal Raden Ahmad
 sempoyongan.

Sempoyongan pusing tujuh keliling,
 lalu Dewi Soja berkata,
 sesumbar sambil menunjuk,
 jangan berputar-putar iblis,
 majulah kalau memang jago.

Raden Ahmad berdiri kembali setelah
 sadar,
 bagi laki-laki itu biasa,
 Dewi Soja mencambuk lagi,
 Raden Ahmad dipukul,
 terjungkal lagi Raden Ahmad
 sempoyongan.

Tentara jin berdatangan melihat
 pertarungan,
 berdesakkan melihat,
 saling berdesakkan satu dengan
 lainnya,
 semuanya ingin melihat,
 tentara jin bertepuk tangan.

Raden Ahmad berdiri lagi,
 sambil menyerang dengan cerdiknyanya,
 Nyi Putri dipukul,

*Dewi Soja janggelek deui geus
 lulun,
 cameti rukmin ditarik,
 jebet den Ahmad dibabuk,
 kaleresan kana kuping,
 jungkel den Ahmad ngoloyong.*

*Hanteu eling jumarigjeg muih
 lanjung,
 Dewi Soja seug ngalahir,
 susumbar barina nunjuk,
 montong muih sia iblis,
 hayoh maju ari jago.*

*Raden Ahmad janggelek deui geus
 lulun,
 hayoh jamak aing lalaki,
 dewi Soja mido mecute,
 jebet den Ahmad digitik,
 jungkel deui Ahmad ngoloyong.*

*Balad ejin juljol nanggap anu
 pupuh,
 pagelek-gelek ningali,
 silih sered pada batur,
 pada hayang naringali,
 balad ejin pating kaleprok.*

*Raden Ahmad janggelek deui geus
 lulun,
 bari jeung pinter ngagitik,
 jeger nyi putri dibabuk,*

terjungkal Nyi Putri pingsan,
ayo kata Raden Ahmad.

Setelah sadar Dewi Soja mencambuk
kembali,
kembali Ahmad pingsan,
bangun lagi lalu memecut,
Dewi Soja dihantamnya,
kembali Putri sempoyongan.

Tidak lama kemudian sadar lagi,
keduanya sesumbar,
sama-sama berani maju,
kata Ratu Majeti,
daripada keluar dari peperangan,
lebih baik mati.

Kurang jelas seperti mata yang sedang
pusing,
gajah disebut kerbau,
ternyata lebih benar,
saya,
meskipun muka ditutup.

Raden Ahmad berkata kepada musuh,
seperti apakah raja jin,
Raja Majeti bukalah,
biar saya tahu,
tentu tidak akan dibuka.

Kalau kamu bisa menebak saya,
memang benar prajurit sakti,

*jungkel neng putri teu eling,
saur raden Ahmad hayoh.*

*Dewi Soja eling geus bek deui
mecut,
Ahmad leng deui teu eling,
janggelek deui bek mecut,
dewi Soja bek digitik,
leng deui putri ngoloyong.*

*Hanteu lami ras eling deui geus
lulun,
jeung pada susumbar saur,
sami pala maju giri,
carek sang raja Majeti,
jeung ngejat mah,
anggur maot.*

*Kurang awas kawas mata anu
linglung,
bet gajah disebut munding,
benerna teh nyapanyebut,
enya ieu diri kami,
papada make teregos.*

*Raden Ahmad ngajawab eta ka
musuh,
jiga naon raja ejin,
raja majeti nu pamuk,
supayana terang kami,
moal dibukakeun tangtu.*

*Lamun bisa ka kami maneh nya
neguh,
jadi perjurit kang leuwih,*

sudah tentu akan menang,
tentu saya pun,
akan kalah oleh kamu.

Sekarang ingin segera membuktikan,
Umar Maya berkata kepada Dewi Soja,
Nyi Ratu jangan ditunda lagi,
mumpung belum terlambat,
kalau ingin menikah,
jangan terlalu lama berpacaran,
itu tidak baik,
menikahlah sekarang,
biar saja pestanya nanti,
dahulukan saja ipekah.

Cepatlah dihitung,
Dewi Soja tersenyum sambil berkata,
Raden Ahmad dan yang lainnya,
kenapa begitu Uwa,
tidak baik kalau tidak ada walinya,
terlebih dahulu harus mengundang
wali,
singkat cerita,
Ratu Ayu Dewi Soja,
mengutus raden patih dari kaum jin,
ke negeri Pulau Salaksa.

Serta mengutus dua jin,
ke Jabal Kop menuju Kakak
Kusumah,

*geus tinangtu bakal unggul,
geus tangtu rumasa kami,
ku maneh teh bakal kawon.*

*Ayeuna mah hayang geura bukti,
Umar maya matur ka dewi Soja,
nyi ratu ulah talangke,
carek cacan derana sepuh,
ari arek lakirabi,
ulah lila bobogohan,
pamali sok burung,
ayeuna bae nya nikah,
kajeun teuing pangantenan engke
deui,
heulakeun bae ipekah.*

*Geura bilang meungpeung urang
tertib,
Dewi Soja gumujeng bari
ngandika,
den Ahmad rawuh sakabehm
ari uwa ku sok kitu,
moal hade teu aya wali,
kudu ngangkir wali heula,
enggalna dicatur,
ratu ayu Dewi Soja,
lajeng ngutus raden patih bangsa
ejin,
ka nagri pulo Salaksa.*

*Ngutus deui dua putra ejin,
ka Jabal Kop ka raka Kusumah,*

yang belum menikah,
 keempat jin telah berangkat,
 perjalanan jin cepat sekali,
 sudah tiba,
 dikisahkan di pulau Salak,
 yang berkuasa saudara Ratu Majeti,
 anak Nabi Sulaeman.

Menguasai daratan dan lautan,
 yang ada di dalam samudra,
 semua ikan tunduk semua,
 kepada Raja Wiracana,
 pada saat itu sedang duduk,
 datang utusan ratu,
 dua jin menyerahkan surat,
 yang isinya mengundang wali,
 untuk calon suami yang bernama
 Raden Ahmad,
 anak raja kerajaan Syam.

Saat itu juga jin,
 setelah membaca surat,
 semua patih dan menteri,
 diundang oleh ratu,
 he para menteri sekarang,
 mari kita pergi,
 menghadiri kakak ratu,
 akan menikah sekarang,
 menikah kepada Raden Ahmad
 Raspati,
 anak Seri Maharaja Syam.

*poposan gaduh caroge,
 opat jin engggeus semperung,
 ngan sakilat lampahna jin,
 nu ka ajerak kasala,
 enggeus pada cunduk,
 catur di pulo salak,
 nu jenengan saderekna ratu Majeti,
 putra Nabi Sulaeman.*

*Ngaratuna di darat di cai,
 anu aya di jero sagara,
 warna lauk taluk kabeh,
 ka sang ratu Wirancana,
 harita keur mangsa linggih,
 sumping utusan ti gusti,
 dua jin nyanggakeun surat,
 lebet serat baris ngangkir wali,
 pirakaeun jenenganana raden
 Ahmad,
 putra raja Sam karaton.*

*Enggal bae saharita sang ejin,
 saparantos ngaos surat,
 papatih mantri sakabeh,
 didawuhan ku sang ratu,
 he ayeuna para mantri,
 hayu urang pada miang,
 rehing aceuk ratu,
 bade ayeuna rendengan,
 carogean ka raden Ahmad Raspati,
 putra seri maha raja Sam.*

Saya akan menjadi wali,
dan kita akan,
menolong kakak,
memenuhi undangannya,
baiklah kata para menteri,
setelah berdandan,
ratu pergi tanpa menunda-nunda
lagi,
pada saat itu semuanya pergi.

Para penggawa serta menteri,
semuanya telah keluar,
tak ada yang tertinggal,
bahkan Dewi Kuraesin,
datang dari Ajrak,
tepat waktunya,
semuanya sudah duduk,
Dewi Soja menempatkan mereka di
kursi,
tua muda duduk.

PUPUH SINOM

Berkumpul semuanya,
saudara dan kerabat,
rapi berjejer di kursi,
penghulu dan patih serta menteri,
kemudian Umar Maya berkata,
kepada semua yang hadir,
dikisahkan Raja Wirancana,
berkata kepada Patih Majeti,
Kanda Patih juga Kanda Soja.

*Diri kula bade jadi wali,
sareng urang sae-sae,
pikeun nulung ka aceuk teh,
ngadeudeul sacongo rambut,
matur mangga para mantri,
lajeng dangdan enggeus sadia,
lajeng miang ratu teu ngengkekeun
deui,
jengkar harita sadaya.*

*Para ponggawa sarawuh para mantri,
sadayana enggeus pada budal,
hanteu aya anu kantun,
malah Dewi Kuraesin,
barang sumping ti Ajrak,
sami pada cunduk,
geus pada lenggah sadaya,
dewi Soja ngalinggihkeun kana korsi,
sepuh anom pada lenggah.*

*Ngariung kumpul sadaya,
saderek jeung wargi,
beres dina korsi ngajajar,
pangulu papatih mantri,
Umar Maya seug ngalahir,
ka sadaya anu kumpul,
kocap raja Wirancana,
matur ka patih Majeti,
kakang patih samawon ka aceuk Soja.*

Sekalian adik,
kalau diterima,
hendak melamar,
ini uang dua nampan,
untuk melamar Raden Mayangsari,
seandainya bersedia,
Kakak Sadat Putra sebagai
saudaranya,
terdengar oleh Ratu Majeti,
segera diambil lamaran tersebut.

Lalu diberikan,
lamaran telah diterima,
begitu pula Dewi Mayang,
telah bersedia,
Wirancana pun sama,
saat itu semuanya menyalami mereka,
menyalami Umar Maya,
yakni penghulu Mesir,
setelah bersalaman lalu menjadi wali.

Bertindak wali seperti ini,
Uwa penghulu Majeti,
nikahkan saudara saya,
yang bernama Putri Dewi Soja,
kepada Raden Ahmad Raspati,
maskawinnya dua ribu,
hendak menikahkan,
Dewi Soja dengan Raspati,
berikut dengan talaknya diminta.

Diterima kata Umar Maya,
Usai menjadi wali lalu pindah,

*Tuang rai sakalian,
manawai bahan katampi,
nyanggakeun sembah panglamar,
ieu uwang dua baki,
ngalamar den mayangsari,
manawi purun nya kalbu,
saderekna kakang Sadat Putra,
ka kuping ku sang Majeti,
geuwat bae dicandak eta
panglamar.*

*Sok dipasihkeun ka pateca,
panglamar enggeus katampi,
kitu deui dewi mayang,
enggeus purun reujeung galih,
Wirancana kitu deui,
kabeh saharita munjung,
munjungan ka Umar Maya,
eta pangulu Majeti,
sanggeus munjung tuluy bae
ngawalian.*

*Kieu ngawalianana,
uwa pangulu Majeti,
tikahkeun dulur kaula,
ngaran Dewi Soja putri,
ka raden Ahmad Raspati,
maskawin dua rebu,
geus suka lakianana,
Dewi Soja ka Raspati,
kitu deui sareng talakna diteda.*

*Sawawi cek Umar Maya,
parantos ngawalian nyingkir,*

Raden Ahmad maju,
 untuk mengucapkan nikah,
 lalu Umar Maya berkata,
 ipekahnya dulu,
 segera Ratu Ajrak,
 bernama Dewi Kuraesin,
 mengambil uang satu nampan untuk
 ipekah.

Kuraesin Ajrak berkata,
 Uwa silahkan diterima,
 ini ipekah Raden Ahmad,
 Umar Maya belum menerima,
 masih kurang Nyai,
 masih jauh dari cukup,
 sedangkan seharusnya,
 harus tujuh belas nampan,
 Dewi Soja mendengar kekurangan
 ipekah.

Dewi Soja mengambil uang,
 telah tersedia satu nampan,
 diserahkan kepada Marmaya,
 Wirancana mengambilnya lagi,
 satu nampan lagi dari Majeti,
 telah terkumpul tiga nampan,
 Umar Maya menggelengkan kepala
 belum mau menerima.

Tetap masih kekurangan ipekah,
 tinggal empat belas nampan lagi,
 semuanya termenung,
 mahal sekali ipekahnya,
 paman dulu hanya satu ringgit,

*sor deui raden Ahmad,
 mundut dilapadan kawin,
 Umar Maya seug ngalahir,
 ipekahna heula atuh,
 enggalna sang ratu Ajrak,
 ngaran Dewi Kuraesin,
 nulung uwang sabaki buat ipekah.*

*Saur Kuraesin Ajrak,
 mangga uwa geura tampi,
 ieu ipekah den Ahmad,
 Umar maya tacan nampi,
 masih tanggel ieu nyai,
 tebih kenah kana cukup,
 ari picukupeunana,
 mudu tujuh belas baki,
 Dewi Soja ngupingkeun kurang
 ipekah.*

*Dewi Soja nyandak uwang,
 satalem enggeus sayagi,
 disanggakeun ka marmaya,
 Wirancana nulung deui,
 satalem ngiring Majeti,
 geus tilu talim ngariung,
 Umar Maya gogodeg tacan
 tarima.*

*Masih kenah kurang ipekah,
 kudu opat belas baki,
 pek ngahuleng sadayana,
 ipekah bet mahal teuing,
 kapan memangge saringgit,*

ini sudah lebih dari empat ribu,
dalam satu nampan banyaknya,
tentu seratus lima puluh,
Kuraesin mengambil permata.

Intan merah dan berlian,
satu takaran beras banyaknya,
kalau dihargakan,
empat atau lima ribu lebih,
terimalah Uwa,
masukkan sebagai ipekah,
kalau menurut Ananda,
ini lebih dari tujuh nampan,
Umar Maya menggelengkan kepala
dan berkata.

Permata itu,
tidak termasuk uang,
masih kurang empat belas,
Umar Maya tidak goyah,
akhirnya Dewi Majeti,
dan Kuraesin bingung,
mendengarkan penghulu Marmaya,
kenapa mahal sekali ipekahnya,
Dewi Soja berkata lagi kepada
Marmaya.

Jangan terlalu lama Uwa,
terimalah seadanya,
Umar Maya lalu berkata,
kepada Ratu Majeti,
pendeknya Nyai,
kalau ingin berhasil,
ipekahnya harus ditambah,

*ieu opat rebu punjul,
dina satalim reana,
saratus limapuluh pasti,
Kuraesin nulungan deui permata.*

*Inten mirah jeung berlian,
sakulak lobana pasti,
upami ditanding harga,
opat lima rebu leuwih,
mangga uwa geura tampi,
asup ipekah sakitu,
ari raos kang putra mah,
ieu leuwih tujuh baki,
Umar Maya gogodek ngandika.*

*Perkara eta permata,
hanteu asup kana duit,
kurang keneh opat belas,
Umar Maya galideur galih,
antukna Dewi Majeti,
sareng Kuraesin bingung,
ngupingkeun hakim Marmaya,
ipekah bet mahal teuing,
Dewi Soja matur deui ka
Marmaya.*

*Uwa ulah lila-lila,
sakitu bae seug tampi,
Umar Maya seug ngandika,
eta ka ratu majeti,
pendekna ieu teh nyai,
hayang bae geura lulus,
geura tambahan ipekah,*

harus ada tujuh belas,
begitu pula dengan Raden Ahmad.

Ayo Raden Ahmad,
buktikan ipekahnya,
Raden Ahmad termenung
mendengarnya,
bingung bukan kepalang,
segera Raden Ahmad,
meminta empat belas baki,
segera Ratu Majeti,
menyerahkan empat belas nampun ke
hadapan Ahmad.

Singkatnya Raden Ahmad,
mengusap pipi tiga kali,
meminta uang emas,
semua nampun sudah penuh,
Ratu Majeti terkejut,
Kuraesin dan Wirancana,
terbengong-bengong memandang
Ahmad,
seumur hidup baru menemukan,
ada mulut menyimpan uang emas.

Raden Umar Maya terbahak-bahak,
tertawa gembira,
Raja Wirancana berkata,
Uwa terimalah,
karena sekarang telah terbukti,
sudah terkumpul yang empat belas,
segeralah diterima,

*tujuh belas kudu bukti,
kitu deui perkawisna raden
Ahmad.*

*Hayoh bae raden Ahmad,
geura buktikeun ipekah,
raden teh ngahuleng nguping,
lingsem kawanti-wanti,
enggal bae raden Ahmad,
mundut baki anu opat belas,
enggalna raja Majeti,
opat belas baki sor ka payun
Ahmad.*

*Enggalna raden Ahmad,
ngusap pipi tilu kali,
geus mundut uwang emas,
enggeus pinuh kabeh baki,
kaget sang ratu Majeti,
Kuraesin Wirancana,
hookeun ningal ka Ahmad,
saumur kakara manggih,
aya baham ngitungna teh bet
uwang emas.*

*Den Umar Maya nyakak,
gumujengna suka ati,
saur raja Wirancana,
mangga uwa geura tampi,
sareh ayeuna geus bukti,
nu opat belas geus kumpul,
mangga enggalkeun lampadan,*

Marmaya berkata lagi,
nanti dulu belum waktunya menurut
Uwa.

Kalau dari Raden Ahmad,
sudah terbukti,
tetapi harus dilengkapi,
tiga nampan lagi,
karena uang tersebut,
merupakan pertolongan,
tidak termasuk ke dalam hitungan,
harus tiga nampan lagi,
uang sebanyak itu harus dari Raden
Ahmad.

Termenung semua raja,
terpikir oleh Dewi Soja,
Umar Maya,
mungkin mencari keuntungan,
lalu mengambil uang yang,
empat belas diambil,
berikut permata,
tinggal yang tiga nampan,
yang paling banyak disimpan oleh
Dewi Soja.

Lalu Umar Maya berkata,
kenapa diambil lagi,
kemudian Dewi Soja berkata,
mengenai uang ini,
yang empat belas nampan,
tidak akan saya serahkan,
karena untung sendiri,
saya yang bersusah payah,
cukup tiga saja untuk ipekah.

*Marmaya ngalahir deui,
mangke heula tacan sampe cek
uwa mah.*

*Perkara ti Raden Ahmad,
ieu ayeuna geus bukti,
tapi kudu dijejegan,
ieu tilu baki deui,
duit itu sabab et amah,
hukum pitulung,
teu asup kana bilangan,
kudu tilu baki deui,
nu sakitu uwang mudu ti raden
Ahmad.*

*Ngahuleng sadaya raja,
ku dewi Soja kapikir,
ieu uwa Umar Maya,
ngarah kauntungan badis,
seug dicandak eta duit,
nu opat belas dibantun,
sareng eta permata,
kantun uwang tilu baki,
anu loba disimpen ku dewi Soja.*

*Umar Maya seug ngandika,
naha bet dicandak deui,
dewi Soja seug ngandika,
ieu teh perkara duit,
anu opat belas baki,
kukuring moal kahatur,
bet untung teuing sorangan,
hese cape mah sim kuring,
ipekah mah tilu baki oge cukup.*

Kalau tidak mau,
menerima uang tiga nampan,
saya akan menikah di Ajrak saja,
di Ajrak pun ada penghulu,
pasti akan diterima,
tiga nampan pun boleh juga,
Raden Umar Maya terkejut,
jangan begitu Nyai tidak baik,
yang tujuh belas sudah diserahkan
kepada Uwa.

Ambil sajalah,
baiklah kita setuju,
Dewi Soja lalu berkata,
kalau tidak mau,
itu pun akan diambil lagi,
saya tidak merasa susah,
akan menikah di Ajrak saja.

Penghulu Mesir segera,
mengambil tiga nampan uang,
takut oleh Dewi Soja,
sambil mengambil,
tersenyum dan berkata,
tambah lagi,
tidak kata Dewi Soja,
uang tidak akan kembali lagi,
mau syukur tidak pun tak apa-apa.

Penghulu Marmaya berkata,
si kera ternyata sangat pintar,
Uwa sangat keterlaluan,
Tiga pun tak apalah,

*Upama hanteu kersa,
nampi uwang tilu baki,
dek kawin bae ka Ajrak,
di Ajrak ge aya hakim,
da moal burung ditampi,
tilu baki oge lulus,
ngorejat den Umar Maya,
ulah kitu eneng pamali,
anu tujuh belas geus pasrah ka
uwa.*

*Cokot deui hiyap bawa,
keun urang luluskeun kawin,
dewi Soja seug ngandika,
upami hanteu kersa,
eta oge dibantu deui,
da abdi mah hanteu susah,
ari kawin rek ngadon bae ka
Ajrak.*

*Panghulu Mar Maya enggal,
nyandak uwang tilu baki,
sieun ku sang Dewi Soja,
barina dicandak deui,
Marmaya imut ngalahir,
pek tambahan deui atuh,
carek Dewi Soja moal,
uwang moal balik deui,
kersa sukur hanteu kajeun da teu
susah.*

*Carek panghulu Marmaya,
si begog teh pinter teuing,
atuh uwa kaliwatan,
tilu oge kajeun teuing,*

lalu Raden Raspati,
dinikahkan oleh penghulu,
seterusnya tidak diceritakan,
singkat cerita,
berdentum meriam pertanda
pernikahan selamat.

*pek bae raden raspati,
dilapadan ku panghulu,
kadituna teu dicatur,
bujeng cariosna nu gasik,
jegur mariyem kasmaran salamet
nikah.*

PUPUH ASMARANDANA

Setelah Raden Raspati menikah,
Wirancana pun,
menikahi Raden Mayangsari,
usai pernikahan,
sudah berjejer makanan,
semuanya berkumpul,
sama-sama berkumpul pesta.

*Sanggeus kawin den raspati,
sor deui den Wirancana,
ngawin mayangsari raden,
sanggeus parantosan nikah,
sor dahareun geus ngajajar,
beunang ngambeng ngaliud,
der sami hajat riungan.*

Lalu Dewi Soja berkata,
saya ingin mengabarkan,
serta mohon disaksikan,
oleh semua yang hadir,
saya hendak memberi hadiah,
kepada para ahli kubur,
semoga diberi rahmat.

*Dewi Soja seug ngalahir,
kaula unjuk uninga,
sarengna neda panaksen,
ka sadaya anu mayunan,
kaula niat hadiah,
ka nu sakur ahli kubur,
muga diparinan rohmat.*

Mudah-mudahan yang di alam kubur,
diberi tempat yang terang,
sedangkan untuk kita,
semoga selamat semuanya,
memberi selamat kepada yang
menikah,
mudah-mudahan berbahagia,
serta panjang jodohnya.

*Dalem kubur mugi-mugi,
diparinan caang padang,
lahirna ieu urang teh,
muga salamet sadaya,
nyalametkeun anu nikah,
pamugi sing lambat-lambat,
diteda panjang duriat.*

Masalah yang kedua,
 sekaligus mengangkat raja,
 yang menjadi prabu anom,
 sekarang adalah Raden Ahmad,
 negara ini diserahkan,
 semua yang hadir,
 sama-sama ikut menyaksikan.

Begitu pula para jin,
 sama-sama bergembira semuanya,
 setelah selesai mengijabkabulkan,
 lalu Umar Maya berdoa,
 tidak lama kemudian berdoanya
 selesai,
 selanjutnya makan bersama,
 bergembira semuanya.

Kemudian Umar Maya berkata,
 sambil tetap makan,
 semuanya sekarang,
 bila telah selesai makan,
 segeralah semuanya pergi,
 jangan ketinggalan mangkuk dan
 piring,
 perlengkapan makannya pun milik
 yang punya pesta.

Dan harus segera pulang,
 kita harus merasakan,
 kepada pengantin baru,
 kalau kita kan sudah,
 diundang lagi oleh raja,
 sudah tentu untuk berkumpul,
 di mana pesta numbatan.

*Kapindo perkawis deui,
 sakalian ngangkat raja,
 nu jadi perbu anom,
 ayeuna teh raden Ahmad,
 masrahkeun ieu nagara,
 sakabeh nu hadir kitu,
 samia pada nyaksian.*

*Sumawona para ejin,
 sami suka sadayana,
 ngijabkeun enggeus parantos,
 lajeng Umar Maya ngadu'a,
 teu lami ngadu'a tamat,
 lajeng barang tuang ngariung,
 sami suka sadayana.*

*Umar Maya seug ngalahir,
 barina jeung barang tuang,
 ayeuna ieu sakabeh,
 dimana geus barangtuang,
 sadaya geura merekat,
 piring pinggan ulah kantun,
 wadahna ge da tunggal hajat,*

*Sareng mudu geuwat baralik,
 kudu ngarasakeun urang mah,
 anu eukeur pangantenan,
 da enggeus meureun urang mah,
 diondang deui ku raja,
 ngariung deui geus tangtu,
 dimana hajat numatan.*

Uang yang lima nampun,
kalau tidak disedekahkan,
kepada semua orang yang hadir,
nantinya akan menjadi nanah,
atau menjadi radang,
seterusnya menjadi bisul,
semuanya pun tertawa.

Dewi Soja tertawa gembira,
bersama dengan Raja Ajrak,
saling tersenyum,
kata Dewi Soja,
jangan takut,
uang tidak akan,
uang tersebut menjadi berentus
bernanah.

Kalaupun menjadi perlente,
digunakan untuk jajan ke pasar,
Marmaya tersenyum dan menjawab,
bisa habis bila digunakan untuk jajan,
akan dimakan kelelawar,
dibesokkan tentu akan hilang,
maklum uang jadi-jadian.

Kalau tidak dipestakan sudah tentu,
nanti akan ada ekornya,
bernama raja monyet,
yang demikian itu cuma,
mengingatkan kepada yang muda,
tidak umum kata Dewi Soja,
mungkin ekornya dengan Uwa.

*Duit anu lima baki,
lamun teu dipake sinkoh,
kanu ngariung sakabeh,
engkena sok jadi cenang,
atawana jadi radang,
saterusna jadi bisul,
ger gumujeng sadayana.*

*Dewi Soja suka seuri,
sinarengan ratu Ajrak,
gumujeng pating garael,
ari saur Dewi Soja,
nakusok tutunggakan,
uwang moal hanteu umum,
eta duit mata cenang.*

*Rajeun oge matak ginding,
dipake jajan ka pasar,
Marmaya emut ngawalon,
sok beak pake jajan mah,
sok dihakan kalonglongan,
diisukeun leungit tangtu,
wantu duit kajadian.*

*Lamun henteu dihajatkeun pasti,
mangkena teh sok buntutan,
ngaran jadi ratu monyet,
sakitu soteh uwa mah,
ningetan kanu ngarora,
ceuk Dewi Soja teu umum,
buntutan meureun jeung uwa.*

Marmaya tertawa kecil,
tersedak karena akan berbicara,
mentang-mentang kamu perempuan,
bisa-bisanya mengejek,
tidak bisa diakali,
seperti umumnya yang diceritakan,
harta susah diambilnya.

Singkat cerita,
cepat disimpan,
kita kejar ceritanya, usai pesta,
semua membubarkan diri,
Umar Maya telah pergi.

Malam tiba siang pun menjelang,
Kuraesin Wirancana,
sama-sama pamit akan pergi,
kakak saya akan pulang,
karena pestanya sudah selesai,
Nyi Mayang akan dibawa,
begitu juga Kuraesin.

Mohon diri dari Majeti,
Dewi Soja mempersilakan,
Kakak sering-sering saja,
mari kata Kuraesin,
tidak lama waktunya,
pergi dengan Wirancana,
secepat kilat sudah datang.

Dewi Kuraesin,
telah sampai di Jabal Kupa,
dan Wirancana pergi,
menuju Pulau Salaka,
sudah menjadi pengantin,
dikisahkan lagi yang ditinggal,
Dewi Soja dengan Ahmad.

*Marmaya seuri ngikikik,
kasedekeun ku bicara,
bet abong maneh awewe,
eleh ngecek kalah ngecap,
hanteu beunang diakalan,
ilahar ceuk nu dicatur,
dunya hese diarahna.*

*Gancangna anu digurit,
gancang ula diampihan, dibujeng
bae lalakon, parantos hajat
riungan, sami bubar marerekat,
Umar Maya enggeus mundur.*

*Reup peuting geus beurang deui,
Kuraesin Wirancana,
sami haturan rek mios,
aceuk kuring amit mulang,
da hajat geus parantosan,
nyi mayang bade dibantun,
Kuraesin kitu pisan.*

*Amit mulih ti Majeti,
dewi Soja hatur mangga,
ngan aceuk sing mindeng bae,
Kuraesin matur mangga,
teu lami deui waktuna,
jengkar sareng Wirancana,
ngan sakilat pada datang.*

*Menggah dewi Kuraesin,
geus sumping ka Jabal Kupa,
sareng Wirancana mios,
sumping ka Pulo Salaka,
enggeus pada pangantenan,
kocap deui nu kapungkur,
dewi Soja sareng Ahmad.*

Sama-sama terlena,
 sungguh manis dan nikmat,
 dimisalkan pala,
 pala kecut garam asin,
 yang cantik dan yang tampan,
 dua-duanya menikmati,
 memiliki maksud yang sama.

Mustika,
 pujaran sama-sama pujaran,
 sama-sama baru,
 Haruman Gunung Haruman,
 berisi kampaan minyak,
 gunung kembar air gunung,
 tembuslah Gunung Haruman.

Berisi mustika sari,
 menemukan toya di bangawan,
 terima kasih Nyai yang cantik,
 Kanda minta maaf,
 karena telah membuka pintu,
 pintu kakak yang harum,
 tempat yang dijunjung tinggi.

Siloka ini diceritakan,
 tak lain adalah kegembiraan,
 dalam dunia pengantin,
 Dewi Soja dengan Ahmad,
 semuanya bergembira,
 keduanya saling menghormati,
 perjaka menghadapi perawan.

*Sami pada majasari,
 maja amis sareng ngeunah,
 silokaning pala ceute,
 pala haseum ceute uyah,
 nu geulis sareng nu kasep,
 sami duanana uruy,
 jadi sarua maksudna.*

*Mustika madulan giri
 pujaran sami pujaran,
 awit sami pada nembe,
 haruman gunung haruman,
 eusina kampaan minyak,
 gunung kembar cai nyusu,
 paratan gunung haruman.*

*Eusina mustika sari,
 mendak toya di bangawan,
 nuhun nyai anu model,
 pun engkang teh neda maap,
 wirehing ngabedah lawang,
 lawang engkang anu harum,
 rurumanan pujining atma.*

*Ieu siloka digurit,
 taya sanes kasukaan,
 di alam dunya panganten,
 dewi Soja sareng Ahmad,
 sami suka sadayana,
 duanana silih ajen,
 bangbangan nyorang parawan.*

Siang malam bersetubuh,
semalam serasa satu jam,
sebulan seperti sehari,
karena kerasan,
ketika dihitung,
Raden lamanya diceritakan,
tujuh bulan di Majeti.

Setelah lama kelihatan,
Raden Putri Dewi Soja,
kejadian putri babad,
hamil lima bulan,
sikap Raden Ahmad,
siang malam termenung,
ingat ke asalnya.

Kembali pada jati dirinya,
ke masa lalu,
Raden ingat kepada saudaranya,
tampak sangat sedih,
teringat ke masa lalu,
Raden Ahmad lalu berkata,
kepada Dewi Soja istrinya.

Duh Nyai pujaan hati,
Kanda ingin memberi tahu,
sekarang Kanda merasa,
dilanda kesedihan,
ingat kepada Kak Muhammad,
saudara Kanda yang ditinggalkan,
yang hilang di dalam hutan.

Di dalam hutan kayu,
mudah-mudahan masih ada umur,
akan disusul oleh Kanda,
siapa tahu ditemukan,

*Siang wengi pada resmi,
sawengi ngaraos sajam,
sabulan asa sapoe,
kadalon-dalon ku betah,
barang diitungan enya,
raden lamina dicatur,
dimajeti tujuh bulan.*

*Ari geus lami katawis,
raden putri dewi Soja,
kajadian putri babad,
bobotna geus lima bulan
lalampahan raden Ahmad,
siang wengi helak-heluk,
emut kapurwadaksina.*

*Basaning purwa saawit,
basa daksina wekasan,
raden emut ka saderek,
sakalangkung nya nalangsa,
urut suka kantun waas,
eta den Ahmad seug nyaur,
ka raina Dewi Soja.*

*Duh nyai pujining ati,
pun engkang hatur unjukan,
ayeuna hatur engkang teh,
kadongkapan ngangluh manah,
emut ka engkang Muhammad,
dulur engkang anu kantun,
nu leungit di jero alas.*

*Dina jero leuweung kai,
sugan masih aya yuswa,
rek dibujeng ku engkang the,
manawi sugan kapendak,*

akan dicari oleh Kanda,
menghilangkan penasaran,
akan dicari oleh Kanda.

Raden Putri Soja berkata,
baiklah beri tahu saja Uwa,
didoakan dengan sesungguhnya,
tetapi jangan sendiri,
harus membawa jin sebagai teman,
Nyai mengizinkan kata Ahmad,
Kanda sendirian saja.

Putri berkata lagi,
Uwa Penghulu Marmaya,
Kanda membawa berita,
bohong juga lumayan,
maklum tetua keramat,
dipercaya raja agung,
hair alaihi salam.

Segera mengutus seorang jin,
penghulu Marmaya memanggil,
yang diutus telah pergi,
Raden Marmaya sudah tahu,
segera menemui raja,
saat itu juga pergi,
telah bertemu Marmaya dengan
Ahmad.

Umar Maya telah duduk,
berhadap-hadapan dengan Ahmad,
berkumpul dengan Raden Putri,
Sadat Putu Sadat Putra,
para penggawa,
sama-sama di kursi berkumpul,
segera saja Raden Ahmad berkata.

*ku engkang rek diteangan,
ngalap panasaran kalbu,
dipetangankeun ku engkang.*

*Matur raden Soja putri,
sumangga wartosan uwa,
ngiring midu'a nu yaktos,
tatapi ulah nyalira,
kedah nyandak ejin rencang,
saur Ahmad nyai rido,
pun engkang bae sorangan.*

*Sang putri ngalahir dewi,
uwa pangulu Marmaya,
ka engkang nyandak wiraos,
bohong oge dalumayan,
bubuhan sepuh karamat,
wantu gandeke ratu agung,
hair alaihi salam.*

*Enggal ngutus hiji ejin,
nyaur panghulu Marmaya,
nu diutus enggeus leos,
raden Marmaya geus terang,
enggal ngadeuheus ka raja,
kebat saharita mundur,
geus patepung Marmaya sinareng
Ahmad.*

*Umar maya enggeus calik,
papayun-payun jeung Ahmad,
ngariung jeung raden putri,
Sadat Putu Sadat Putra,
kumpulan para ponggawa,
sami na korsi ngariung,
enggal bae den Ahmad lajeng
haturan.*

PUPUH PUNGKUR

Prabu Anom Raden Ahmad,
 lalu berkata Uwa saya mohon pamit,
 akan mencari saudara,
 karena ingin bertemu,
 selain itu Ananda sebelum pergi,
 minta diramal,
 karena akan mengembara.

Mudah-mudahan Uwa tidak
 berkebaratan,
 tidak lupa Ananda ingin mendengar,
 mohon petunjuk,
 Marmaya tersenyum dan berkata,
 sudah tentu oleh Uwa dipastikan,
 Raden tidak akan kurang satu apa pun,
 karena peramalnya.

Nenek moyangmu dahulu,
 Bantarjemur menjadi tempat bertanya
 samadayin,
 hanya Uwa yang mendapatkan buku,
 namun kita coba saja,
 kita cari siapa tahu ada dalam buku,
 kalender surat catatan,
 yang telah ditulis oleh nabi.

Tidak lama di dalam surat,
 anak Sam dua orang pria,
 disebutkan Ahmad dan Muhammad,
 yang diberi nama Ahmad,
 berada di Majeti menjadi Prabu,
 kedua yang bernama Muhammad,
 calon raja di negeri Mesir.

*Perbu anom raden Ahmad,
 seug haturan uwa kuring neda
 amit, seja rek neangan dulur,
 sakalangkung hoyong tepang,
 kitu deui tuang putra samemeh
 jung, seja nyuhunkeun piwulang,
 pimargieun putra ngungsi.*

*Muga ku uwa dimanah,
 geus teu hilap tuang putra seja
 nguping, neda lantaran pituduh,
 Marmaya emut haturan,
 eta tangtu ku uwa ditorah kitu,
 raden moal aya kirang,
 karana pun nujum sidik.*

*Tuang buyut baheula mah,
 Bantarjemur panarosan
 samadayin,
 namung uwa nu kenging buk,
 tapi coba susuganan,
 urang teang sugan kapendak dina
 buku,
 almenak surat catetan,
 nu geus ditaroh ku nabi.*

*Teu lami di jero surat,
 putra sam dua lalaki,
 Ahmad Muhammad dicatur,
 ari nu ngaran Ahmad,
 pirajaeun di Majeti jadi perbu,
 dua nu ngaran Muhammad,
 piratueun nagri Mesir.*

Jadi itulah Ananda,
jangan berjalan mencari di negeri
Mesir,
sudah pasti nanti juga,
ditemukan tepat di Mesir,
siapa tahu sesuai dengan buku,
dan Uwa akan memberi wasiat,
memberikan tutup kepala.

Seperti peci wulung,
bila dipakai bisa menghilang seperti
jin,
Raden Ahmad menyembah dan
berterima kasih,
diterima pemberian dari Uwa,
dan Ananda punya usul,
dalam hati menginginkan sekali,
kuda sembrani yang telah hilang.

Ingin pergi dengan menunggang
kuda,
itu mudah sekali Raden kata Uwa,
nanti pada saat akan berangkat,
bunyikan pecut kilatnya,
tentu akan datang dan sekarang
sedang tidak ada,
Raden Ahmad mengucapkan terima
kasih,
tanggal tiga bertanya lagi.

Bila Ananda terlalu lama,
dan Tuan Putri melahirkan,
namanya terserah,
kalau laki-laki oleh Uwa,

*Jadi eta teh kang putra,
ulah leumpang neangan di nagri
Mesir,
tangtu engke ge ka payun,
kapendak di Mesir pisan,
malah mandar sugan cocog jeung
dina buku,
jeung ieu uwa wasiat,
nyangakeun kuluk pinjali.*

*Kopeah wulung rupana,
mun dianggo bisa leungit saperti jin,
raden Ahmad nyembah nuhun,
nampi pasihan ti uwa,
sinarengan kang putra gaduh piunjuk,
mangen pisan dina manah,
leungit kuda samparani.*

*Mios hoyong tunggang kuda,
cek uwa eta raden gampil teuing,
engkena teh dimana rek jung,
sadakeun pecut pun kilat,
tangtu datang nun ayeuna eukeur
suwung,
den Ahmad nuhun dawuhan,
kaping telu naros deui.*

*Bilih putra kalamian,
kari-kari seug ngowo eta den putri,
pinamaeun geus teu langkung,
lamun lalaki ku uwa,*

bila perempuan oleh Nyi Ratu,
Umar Maya lalu berkata,
diberi nama sekarang saja.

Kalau laki-laki,
sudah tentu Den Ganda Ermaya Sari,
Raden Ahmad sangat setuju,
dengan nama tersebut,
senang sekali diberi nama oleh
Marmaya,
kata ganda yaitu bunga,
kata er merupakan nama air.

Kata Maya kejadian,
jadi air kejadiannya harum,
semua gembira,
Raden Ahmad bersalaman,
Uwa sekarang saya akan pergi,
Umar Maya mempersilakan,
Uwa mohon doanya.

Dewi Soja lalu bersalaman,
begitu pula kedua patih kepada Raden,
terima kasih sekali kata Ahmad,
singkat cerita Raden Ahmad,
lalu ke depan membunyikan pecut,
mengelegar suara pecut kilat,
kuda pun segera datang.

Meringkik di depan Ahmad,
Raden Ahmad tampak gembira,
mega mendung pun dipegang,
segera ditunggangi saat itu juga,

*lamun istri teu hilap bae nyi ratu,
Umar Maya seug ngandika,
ayeuna bae dilandih.*

*Mun pameget kakasihna,
enggeus tangtu den ganda Ermaya
Sari, den Ahmad cocog
kalangkung, basaning kakasih tea,
dinamaan ku Marmaya teh
kayungyun,
basa ganda eta kembang,
basa ernamaning cai.*

*Basamaya kajadian,
jadi cai kajadianana seungit,
sami pada suka kalbu,
raden Ahmad pek munjungan,
atuh uwa ayeuna bae dek maju,
Umar Maya ngarancana,
uwa pidu'a sing yakin.*

*Dewi soja seug munjungan,
rawuh patih sami duanana ka
gusti,
cek Ahmad berebu nuhun,
enggalna eta den Ahmad,
seug ka latar pecut ditabuh di
payun, jeger sora pecut kilat,
torojol kuda teh sumping.*

*Hohoang payuneun Ahmad,
raden Ahmad sakalangkung suka
galih,
pek dicekel mega mendung,
enggal dipancal harita,*

lalu duduk di kuda samprani,
semakin jauh dari tempat semula,
samprani berlari kencang.

Meringkik di angkasa,
sumariring akibat berlari kencang,
seperti bangsing menembak timur,
Raden Ahmad sudah tidak tahan,
karena kuda berlari terlalu kencang di
atas,
tidak lama lagi waktunya,
Ahmad sambil melihat.

Dari atas melihat ke bawah,
sudah jelas kelihatan,
dari atas melihat ke bawah,
Prabu Anom gembira,
Raden Ahmad sudah berada di
pelataran,
waktu itu sudah magrib,
pukul tujuh malam.

Kuda disimpan di luar
lalu Raden Ahmad memakai tutup
kepala penjali, masuk ke keraton,
tampak Raden Siti Bagdad,
ditunggu oleh para dayang di depan,
hanya Prabu Anom Ahmad,
tidak terlihat oleh Putri.

Raden Ahmad lalu duduk,
di tempat tersembunyi duduk di atas
kursi gading,
mengintip yang sedang berbicara,
dikisahkan lagi Siti Bagdad,

*seug adean kuda samprani duduk,
beuki anggang tipamenggang,
biyur mabur samparani.*

*Hohoang di awang-awang,
sumariring bawaning ku mabur
tarik,
cara bangsing nembak timur,
raden Ahmad geus teu tahan,
tina tarik lumpatna kuda di luhur,
teu lami deui adean,
bari ret Ahmad ningali.*

*Ti luhur ningal ka handap,
ngembang boled geus pertela,
ti luhur ningal ka handap,
perbu anom suka kalbu,
den Ahmad enggeus di latar,
waktu harita geus magrib,
jam pitu harieum raray.*

*Kuda ditunda di luar,
raden Ahmad seug ngango kulek
penjali, sup lebet ka kadaton,
den siti Bagdad kasampak,
dideuheusan ku emban beres di
payun, amung perbu anom
Ahmad, ku putri teu katingali.*

*Raden Ahmad tuluy lenggah,
dinu singkur lenggah dina korsi
gading,
ngintip anu keur gunem catur,
kocap deui Siti Bagdad,*

sedang berbicara dengan dayang di
dalam keraton,
kata Siti Bagdad,
dayang kenapa saya.

Merasa tidak enak pikiran,
yang paling utama dipikirkan,
yakni Ahmad yang telah hilang,
seorang dayang berkata,
entahlah saya pun berpikiran seperti
itu,
meskipun anak Nyi Randa,
merasa sangat malu.

Kata Putri Siti Bagdad,
saya juga selalu ingat saja,
menyesal dienyahkan,
padahal diperkirakan,
Ahmad tidak akan hidup lagi,
dibuang di tempat berbahaya,
oleh karena itu saya.

Meskipun tampan dan anak rakyat
biasa,
tetap terkenal di Mesir,
banyak wanita tertarik,
ketampanannya diperebutkan,
Karena Ahmad melebihi orang lain,
daripada termasuk orang panas,
lebih baik mati saja.

Terdengar oleh Raden Ahmad,
lalu dibuka tutup kepala penjali,
Raden Ahmad berdehem di depan,
ketika Putri melihat,

*keur nyarios jeung emban jero
kadaton,
kasauran Siti Bagdad,
naha emban ari kami.*

*Sumemblak nya pipikiran,
ari kami nomer hiji nu kapieling,
bet pun Ahmad nu geus pupus,
hiji emban pok haturan,
duka teuing pikir abdi mah bet
kitu,
papada anak nyi randa,
bet isin kaliwat saking.*

*Carek putri Siti Bagdad,
kami oge bati tibelat liwat saking,
kaduhung dipiceun jauh,
tatapi ku panyana mah,
kai Ahmad moal enya deui hirup,
dipiceun dienggon duruwiksa,
nu matak kitu teh kami.*

*Najan kasep tedak somah,
jadi matak sangar di Mesir,
istri loba nu kapincut,
diparebutkeun kasepna,
kai Ahmad sabab ngungkulan ka
batur, jadi kaasup jalma panas,
anggur hade sina mati.*

*Kakuping ku raden Ahmad,
heug dibuka eta teh kuluk penjali,
den Ahmad dehem di payun,
barang ret putri ningali,*

Raden Ahmad sedang duduk di
depannya,
Raden Putri Bagdad terkejut,
lemas malu dan menangis.

Raden Siti Bagdad berkata,
aduh Gusti kenapa saya,
berkata yang tidak baik,
segera dijawab oleh Ahmad,
tolong jangan dijadikan pikiran,
tidak apa-apa mengenai hal itu,
Kanda tidak akan sakit hati.

Hanya Kanda kemari,
ingin mengambil baju dan tempat
telur,
keduanya hendak,
menghaturkan rasa hormat,
karena Raden dulu tidak membuang
jauh,
artinya Kanda dibuang,
sekarang sudah datang lagi.

PUPUH MIJIL

Dan yang kedua Kanda menyampaikan
kabar, telah menjadi prabu anom,
di negeri Majeti,
dan memberitahukan,
telah menikah dengan,
ratu putri ayu.

Anak Kangjeng Nabi Sulaeman,
pemilik keraton,
nama istri Kakanda adalah,
Dewi Soja ing Majeti,

*raden Ahmad aya dipayuneun
keur lungguh,
gebeg putri siti bagdad,
rumpuyuk isin jeung nangis.*

*Sasambat den Siti Bagdad,
aduh gusti naha atuh jisim abdi,
mana kadaton saur,
geuwat ku Ahmad dijawab,
poma ku agan ulah dianggo
ngangluh,
teu sawios hal eta mah,
enggang moal jadi pikir.*

*Ngan ka dieu soteh enggang,
saperkawis dek nyokot kaos jeung
kandi,
kadua perkara maksud,
seja nyanggakeun hurmatan,
sareh agan kapungkur teh miceun
jauh,
hartina enggang dibuang,
ayeuna geus bijil deui.*

*Deui kadua enggang hatur warti,
geus merebu anom,
di nagri Majeti eneng,
sareng hatur warti deui,
geus gaduh rarabi,
raja putri ayu.*

*Putra kangjeng Sulaeman Nabi,
nu gaduh karaton,
jenengan garwa enggang teh,
Dewi Soja ing Majeti,*

mendengar itu Siti Bagdad,
sangat menyesal.

Putri menangis,
menyesal sekali,
perasaan dia sepertinya,
mempermalukan saya,
karena suaminya direbut,
dan oleh putri dari jauh.

Lalu Raden Ahmad berkata lagi,
he Raden Keraton,
Kanda tidak akan lama,
baju dan panah serta tempat telur,
segera berikan kepada saya,
Siti Bagdad berkata.

Aduh Kanda saya beri tahukan,
mengenai telur,
baju dan panah tersebut,
sekarang oleh saya,
disimpan,
kalau Kanda bersedia.

Mau menikahi saya,
tentu telur itu,
dan baju diberikan,
Raden Ahmad berkata,
bila Tuan Putri,
benar-benar tidak berdusta.

Tentu Kanda akan menikahi Tuan
Putri, sekarang telur,
panah serta baju itu,
berikan Gusti,

*Siti Bagdad nguping,
handeueul kalangkung.*

*Datangka segrug bae putri
nangis, handeueul kaboyong,
lamun terus manahna teh,
nawek maneh meureun aing,
sabab karebut salaki,
jeung kaputri jauh.*

*Raden Ahmad seug ngalahir deui,
he agan karaton,
moal lami pun engkang teh,
kaos panah jeung kakandi,
geura pasihkeun ka abdi,
Siti Bagdad matur.*

*Aduh engkang abdi hatur warti,
perkawisna endong,
kaos sinarengan panah teh,
ayeuna ku jisim abdi,
dipake pasang giri,
lamun engkang purun.*

*Kersa ngawin ka diri abdi,
tangtu eta endong,
disanggakeun eta kaos teh,
raden Ahmad ngalahir,
kira agan putri,
bener moal palsu.*

*Tangtu engkang ngawin eneng
putri, cing ayeuna endong,
panah sarawuh kaos teh,
pasiheun heula ka Gusti,*

berikan kepada saya,
Siti Bagdad berkata.

Panah dan tempat telur tidak akan hilang,
bila jodohnya sudah pasti,
tentu semua itu,
diserahkan oleh saya,
kalau tidak menikah,
tak akan diberikan.

Raden Ahmad kesal terhadap Putri,
pecinya dipakai,
lalu menghilang dan Raden Ahmad,
terus mengambil tempat telur,
panah juga baju,
semuanya telah ditemukan.

Ditemukan di atas kantil,
telur diselendangkan,
sedangkan panah dan baju,
disimpan di dalam tempat telur,
tiba-tiba ada di hadapan Putri,
pecinya tidak dibuka.

Sedangkan Raden Putri Siti Bagdad,
tercengang pada saat itu,
karena Raden Ahmad menghilang,
putri berkata dalam hati,
Raden Ahmad yang lebih
sakti sekali.

Dapat menghilang dan muncul
kembali,

*parinkeun ka abdi,
Siti Bagdad matur.*

*Moal leungit panah sareng
kakandi,
mun geus puguh jodo,
tangtu eta sakabeh,
disanggakeun ku sim kuring,
lamun tacan kawin,
geus mowal kahatur.*

*Raden Ahmad karenjeung ka
putri,
kulukma dianggo,
las leungit den Ahmad teh,
tuluy dicandak kakandi,
panah kaos deui,
kabeh geus katimu.*

*Kapendakna tina luhur kantil,
disorendang endong,
ari panah jeung kaos teh,
disimpen di jero kandi,
jol-jol di payuneun putri,
teu dilaan kuluk.*

*Ari agan Siti Bagdad putri,
harita olohok,
wireh leungit den Ahmad teh,
putri nyaur jero galih,
pun Ahmad nya leuwih,
digjaya pinunjul.*

*Jasa leungit sok mancala putri,
teu lami beh tembong,*

tidak lama kemudian terlihat,
 masih tetap di hadapan Putri,
 karena menyimpan peci tersembunyi
 sekali,
 Raden Ahmad berkata,
 he Nyi Putri berbohong.

Barang-barang ini telah diambil
 kembali,
 oleh saya berikut telurnya,
 bagaimana sikapmu sekarang,
 sementara saya,
 tidak takut dituduh,
 kurang ajar oleh orang gila.

Kalau ingin dihargai,
 jangan sombong,
 kamu memang cantik,
 hanya sifatmu yang tampak,
 berhati musyrik,
 kamu tidak cantik.

Kalau memang cantik tentu telah
 terbukti,
 kamu tidak akan menjadi perawan tua,
 begitu pula saya,
 jelas sekali saya,
 sama sekali tidak menginginkan,
 Putri amburadul.

Putri yang menyebalkan pria,
 meskipun keturunan keraton,
 bergaya seperti lonte,
 sekarang telah terbukti,

*hareupeun putri keneh bae,
 sabab nyimpen kuluk buni,
 den Ahmad ngalahir,
 he Nyi Putri palsu.*

*Ieu barang geus dicokot deui,
 ku kami teh endong,
 ayeuna kumaha karep teh,
 ari mungguh diri kami,
 teu sieun dituding,
 ngunghak kanu burung.*

*Mun hayang ge diajenan diri,
 moal olo-olo,
 bener geulis diri maneh,
 ngan sipatna nu katawis,
 atina mah musrik,
 maneh goreng patut.*

*Mun geulis ge meureun geus
 kabukti,
 maneh moal jomblo,
 sumawona diri kami teh,
 saterangna diri kami,
 teu hayang teh teuing,
 putri amburadul.*

*Putri muntah turujun lalaki,
 najan turunan karaton,
 ari legeg niron lonte,
 tah ayeuna geus kabukti,*

menurut kakek nenek,
menurut peribahasa nenek moyang.

Meskipun cantik dan sintal serta rapi,
melenceng sifatnya, jelas kamu
sekarang, cantik tetapi jahat,
senang meracun orang,
akan memperpendek umur.

Mentang-mentang keturunan Gusti,
bersikap sombong,
bergunjing saja di belakang,
menyepelkan tukang sabit,
menghina saya,
selain itu.

Ningrat dan saya,
tidaklah berbeda yakni manusia,
meskipun terhadap binatang,
tidak baik menghina,
kalau kamu tidak paham,
sama-sama makhluk Tuhan.

Begitu pula menurut Allah tidak ada
yang mustahil, banyak contoh,
batu turun pasir naik,
ada ningrat menjadi rakyat biasa,
begitu pula dengan rakyat biasa,
ada yang menjadi raja.

*cek cacandran nini aki,
paribasa cek karuhun.*

*Najan geulis montok konang luis,
sipatna moncorong, ayeuna sidik
diri maneh, najan geulis da
werejit, tukang ngabaruang
badis,
sok motongkeun umur.*

*Abong enya maneh teh turunan
gusti,
pelekik olo-olo,
ngupat bae tukangeun mah,
nyapirakeun kapangarit,
ngahina ka aing,
tur mah lain kitu.*

*Najan menak reujeung kuring,
hanteu beda ewong,
sanajan jeung sato oge,
teu hade ngahina teuing,
maneh mun teu harti,
eta tunggal mahluk.*

*Kitu dewi aloh teu mustahil,
loba-loba conto,
batu turun keusik naek,
aya menak jadi kuring,
kitu dewi kuring,
aya anu jadi ratu.*

Seperti saya,
sudah dianggap,
tidak sepadan dengan kamu,
memang benar saya,
ibu saya,
adalah buruh.

Tetapi tidak berani,
karena merasa orang biasa,
tidak sombong seperti kamu,
saya juga anak bupati,
keturunan negeri Sam,
tidak menjadikannya sombong.

Sementara kamu keterlaluan sekali,
hanya mengumpat,
mengumpat saya terus,
demikian kata Ahmad,
sambil pergi Ahmad,
meninggalkan Siti Bagdad.

Raden Ahmad telah sampai di
pelataran,
pergi menunggang kuda,
telah keluar dari keputren,
telah tiba di Nyi Randa,
tidak diceritakan kerinduannya,
sudah tinggal di ibunya.

Diceritakan Putri Siti Bagdad,
mendapat malu besar,

*Seperti ieu diri kami,
tunggul mah tangtos,
lain babad diri maneh,
bener onaman da kami,
eta indung kami,
tukang buburuh.*

*Tatapi henteu kumawani,
da geus somah awon,
teu gumedé cara maneh,
aing ge anak bupati,
turunan Sam nagri,
hanteu nyieun luhur.*

*Ari maneh bet kumaki teuing,
nya kalahka omong,
ka aing teh ngupat bae,
sakitu Ahmad ngalahir,
Ahmad bari indit,
Siti Bagdad kantun.*

*Raden Ahmad ka latar geus
sumping,
tungguang kuda leos,
geus ka luar ti kaputren,
ka nyi randa enggeus sumping,
sono teu digurit,
geus tetep di ibu.*

*Kacarios Siti Bagdad putri,
meunang wirang angot,*

kepalanya berkunang-kunang,
berkeringat besar dan kecil,
merasa berat untuk pergi,
betapa sedih hatinya.

PUPUH MASKUMAMBANG

Siang malam Nyi Putri menangis
terus, berkata kepada dayang,
duh dayang bagaimana dengan saya,
sekarang mendapat malu.

betapa sakitnya saya,
sekarang mengalami,
saya mendapat murka,
sekarang saya telah cacat.

Siang malam Siti Bagdad hanya
menangis,
jelasnya nelangsa,
malu dan sakit hati,
Tuan Putri menjadi tontonan.

Nyai Putri sedih siang malam,
tega sekali dayang,
Putri tidak makan dan minum,
bicara pun melantur.

Para dayang siang malam,
berjaga-jaga,
takut Putri nekat,
atau mengambil senjata.

*pangkon pinuh cika sier,
kesang badag kesang leutik,
bareurat rek indit,
kumambang nya kalbu.*

*Nyai putri beurang peuting tuluy
nangis,
sasambat ka emban,
duh emban kumaha kami,
ayeuna meuang wiwirang.*

*Diri kami mana nyeri-nyeri
teuing,
ayeuna kasorang,
yen meunang bebendu kami,
ayeuna diri teh cacad.*

*Siang wengi Siti Bagdad teh ngan
nangis,
tegesna sangsara,
lara wirang nyeri ati,
neng putri jadi tongtonan.*

*Beurang peuting sangsarana nyai
putri,
teungteuingeun emban,
teu tuang teu leueut putri,
carios kamana losna.*

*Para emban kabeh sabeurang
sapeuting,
pasang darigama,
bilih kalepasan putri,
boh bilih nyandak pakarang.*

Makanan disediakan siang dan malam,
oleh para dayang,
Tuan Putri dibujuk,
Gusti makanlah.

Janganlah dipikirkan karena akan jadi
penyakit,
yang jelas hati,
jangan bersedih,
pembalasan harus diterima.

Kalau kita meminjam uang,
lalu datang yang membayar,
salah sekali kalau dibuat sakit,
seharusnya berbahagia.

Siapa tahu,
kepedihan Ahmad lebih dari itu,
silakan diingat oleh Gusti,
ketika sedang di saluran air.

Disiksa dan dimasukkan ke dalam
sungai,
hanyut di sungai,
tetapi tidak membuat dia sakit hati,
bahkan diterima dengan tabah.

Mudah-mudahan sekarang Raden,
akan jatuh cinta,
Raden Ahmad itu Gusti,
bukan pria sembarangan.

*Katuangan beurang peuting geus
sayagi,
ku sadaya emban,
diririhan agan putri,
gusti anggur barang tuang.*

*Tong dimanah kawuwuh jadi
panyakit,
cindekna nya manah,
ulah dianggo kapeurih,
kedah ditampi pamayar.*

*Silokana mungguh urang nganjuk
duit,
mun datang pamayar,
salah mun dianggo nyeri,
memang oge kudu suka.*

*Biheung teuing,
Ahmad mah leuwih ti kitu
kanyerianana,
sumangga emutkeun ku gusti,
basa dina bongborotan.*

*Diraruksak digebruskeun kana
cai,
palid ka bangawan,
tapi henteu dipinyeri,
anggur ditampa kawelas.
Anggur agan ayeuna teh mugi-
mugi,
masing kapiduriat,
raden Ahmad tea gusti,
pameget teu samanea.*

Memang betul anak janda yang
seorang kuli,
tetapi,
dipilih pun tidak akan menemukan,
karena pria keturunan raja.

Tadi dia menyebutkan keturunan
negeri Syam,
percaya sekali,
sudah tampan juga sangat sakti,
jelas keturunan raja.

Coba perhatikan dengan saksama,
begitu bercahayanya,
tampan dan gagah,
bodoh bila tidak tercapai.

Tuan Putri mendengarkan dayang
dengan cermat,
nasihatnya memang benar,
lalu sadar dan kesedihan,
berganti menjadi tergila-gila.

PUPUH KINANTI

Lalu Raden Putri sadar,
dan bernyanyi-nyanyi,
benar sekali dayang,
Raden Ahmad kekasih saya,
sambil sindir-sindiran Putri,
menyanyikan lagu kinanti.

Pikiran kemenyan gunung,
tinggalkan rasa malu saya,

*Bener pisan anak randa tukang
kuli,
tatapi sumangga,
pilih tanding moal manggih,
sabab pameget kusumah.*

*Kapan tadi nyebatkeun bekas Sam
nagri,
percaya pisan,
keur kasep digjaya pasti,
teges rembesing kusumah.*

*Geura mangga coba tilik masing
sidik,
sakitu cahyana,
katon tumekaning becik,
bodo lamun teu kasorang.*

*Agan putri nguping emban nu
utami,
bener nasehatna,
ras eling waras kapeurih,
ganti manah kaedanan.*

*Den putri seug tuluy emut,
sareng bari ngahariring,
enya bener emban eta,
den Ahmad kabogoh kami,
putri bari sisindiran,
hariring lagu kinanti.*

*Nya pikir ngamenyan gunung,
kantun wirang diri kuring,*

daun tuhur di atas pohon,
ketika saya jatuh cinta,
kacang pendek diberi sayur,
tinggal hati yang geregetan.

Penghalus keris dipanggil,
menyesal tidak pernah terlambat,
tempat senjata berekor kencana,
Kangmas ditemukan lagi,
timbangan ningrat di gudang,
mudah-mudahan seimbang dengan
saya.

Menghitung bulan dan tahun,
akan selalu menanti,
daun pulus digulung,
menghaluskan jati diri,
kalau jadi perlahan-lahan,
mengasihi diri saya.

Tanaman merambat mengikuti kayu,
menjadi satu dengan kulit dan daging,
aduh seandainya tak kesampaian,
terbayangkan siang dan malam,
celakalah saya,
saya tidak berbahagia.

Rampadan diisi madu,
salilip diisi petis,
gambaran kemarahan menjadi sadar,
saya mimpi menikah,
balandongan penggugatan,
mudah-mudahan menjadi kenyataan.

*daun tuhur ditangkalan,
ari ras kancep kami.
kacang pendek disayuran,
kantun ngageremet pikir.*

*Panglemes keris disebut,
kaduhung tara pandeuri,
sarangka bontot kancana,
kang emas kapendak deui.
taraju menak di gudang,
sugan nimbang ka jisim abdi.*

*Milang bulan milang taun,
moal weleh nganti-nganti,
daun pulus dilulunan,
hampelas raraga jati,
sugan tulus lalaunan,
kawelas ka diri abdi.*

*Areuy nurut kana kayu,
jadi sakulit sadaging,
aduh lamun teu kasorang,
kumapalang saban wengi,
diri kuring teh cilaka,
taya bagja diri kuring.*

*Rampadan dieusi madu,
salilip dieusi petis,
gambaran bendu sing waras,
kuring ngimpi jodo tulis,
balandongan panggugatan,
muga lulus sareng bukti.*

Tunda dahulu Putri yang sedang
bersehid,
Putri di dalam keraton,
berganti yang diceritakan,
diceritakan Sultan Mesir,
Seri Maha Sultan,
pada saat itu sedang duduk.

Ditemui para raja,
sama-sama duduk di kursi,
Raja Madinah dan Mekah,
Rum Sam Bagdad dan Turki,
Raja Kudis dan Yaman,
bupati semuanya berbaris.

Raja Kemar dan Kanjung,
disambung oleh para ponggawa dan
menteri,
begitu pula Danuk Bandara,
yakni penghulu Mesir,
duduk di keraton,
seluruh ponggawa dan menteri.

Seluruh prabu sepuh,
dikisahkan Sultan Mesir,
wajahnya muram tidak bergembira,
menangis berlinang air mata,
hatinya merasa prihatin.

Ingat kepada adik yang ditinggalkan,
Danukbandara berkata,
Paman punya usul,
Gusti Raja janggan bersehid,

*Sok tunda putri keur nganglu,
di jero kaputren putri,
ganti anu kacarita,
kacarios sultan Mesir,
seri mah sultan Muhammad,
mangsa harita keur linggih.*

*Dideuheusan palaratu,
sami linggih dina korsi,
raja Madinah jeung Mekah,
Erum Sam Bagdad jeung Turki,
Raja Kudis raja Yaman,
bupati kabeh ngabaris.*

*Raja Kemar raja kanjung,
ditema ku ponggawa mantri,
sumawona danukbandara,
nya eta panghulu Mesir,
magelaran di pamengkang,
sadaya ponggawa mantri.*

*Sadayana perbu sepuh,
kocapkeun jeung sulton Mesir,
pasemon mesem teu bear,
curucud cisoca nangis,
ngaraos galih prihatin.*

*Emut ka rai nu kantun,
Danukbandara ngalahir,
pun mamang gaduh unjukan,
gusti ulah keueung galih,*

lebih baik segera beristri,
dan tidak akan susah lagi.

Syukur andaikan setuju,
calon istri sudah ada,
Siti Bagdad anak Paman,
pantas untuk dijadikan istri Gusti Raja,
Raja Mesir lalu berkata,
terima kasih saya telah ditanya.

Kalau terkabul keinginan,
saya bernazar,
sebelum beristri,
terlebih dahulu saya ingin bertemu,
dengan saudara yang terpisahkan,
Ahmad di hutan Mesir.

Ketika sedang berkata demikian,
penghulu dan Raja Mesir,
ada seseorang yang datang,
utusan dari negeri Habsi,
Wiramaya Wirasantika,
prajurit Habsi.

Membungkuk berjalan mendekati Raja,
menyembah sambil duduk,
Kanjeng Sultan lalu bertanya,
ini tamu dari mana,
Wiramaya Wirasantika,
benar pertanyaan Gusti.

Gusti saya adalah,
utusan negeri Habsi,
ingin menyerahkan surat,
kepada Gusti Raja,
segera diambil suratnya,
yakni untuk Sultan Mesir.

*enggur geura gaduh garwa,
sareng moal hese deui.*

*Sukur-sukur lamun panduk,
pigarwaeun geus sayagi,
Siti Bagdad anak mamang,
pantes oge gerwa gusti,
raja Mesir seug unjukan,
nun parios jisim abdi.*

*Manawi pareng nya maksud,
panadaran jisim abdi,
papada kagungan garwa,
hayang tepung heula abdi,
jeung dulur anu papisah,
pun Ahmad di leuweung Mesir.*

*Barang eukeur nyaur kitu,
panghulu jeung sulton Mesir,
torojol aya anu dongkap,
utusan ti nagri Habsi,
Wiramaya Wirasantika,
lalang perjurit Habsi.*

*Sampoyong marek ka ratu,
cedok nyembah bari calik,
kangjeng sulton seug mariksa,
ieu tatamu ti mendi,
Wiramaya Wirasantika,
sumuhun parios gusti.*

*Abdi gusti kaulanun,
utusan ti nagri Habsi,
sumangga nyanggakeun serat,
silakan Den Putri,

*kantenan naros pasti,
nu ngabelaan ka abdi,
raden Ahmad lajeng nyaur,
pek bae ku nyai dijawab,
tatapi sing hade nyai,
kiyeu bae pikeun unjukan teh
agan.*

*Abdi teh duka kumaha,
geus kitu kersa yang widi,
kawas aya anu mawa,
bet ras eling di Mesir,
kitu bae hatur nyai,
ulah sulaya ti kitu,
Siti Bagdad matur mangga,
ngiring sakersana gusti,
hayu atuh urang pada
pileuleuyan.*

*Daun tuhur ditangkalan,
masing ras ka diri abdi,
sawangsulna diri engkang,
hareueus manjangan deui,
tegesna hayangna diri,
paseuk beusi dina kayu,
tatapi lamun akuan,
nya piring pangebah ucing,
mun teu isin rek neundeun
panajogean.*

*Nyiruan genteng cangkengna,
masing mendeng pulang anting,
ti dayeuh ka kebon kembang,
unjuk sumangga den putri,*

Nyai Putri pun pergi,
 begitu pula Raden Ahmad,
 pulang ke kebun bunga,
 bersama Wirasantika,
 ketiga-tiganya telah sampai di kebun
 bunga.

Berganti lagi yang diceritakan,
 menceritakan Sultan Mesir,
 Seri Maha Sultan Muhammad,
 berkumpul para menteri,
 sedangkan penghulu Mesir,
 Danukbandara sedang bersedih,
 menunggu para penggawa,
 yang akan menolong Putri,
 para penggawa tidak ada yang berani.

Maha Sultan lalu berkata,
 kepada penghulu Mesir itu,
 sekarang Paman Bandara,
 masalah Raden Ayu,
 bila di Mesir,
 tidak ada yang menyanggupi,
 lebih baik disayembarakan,
 umumkan ke negeri lain,
 siapa saja yang berhasil mendapatkan
 Putri.

Dialah calon suaminya,
 kata penghulu Mesir,
 baiklah terserah Tuan,

*kebat mios nyai putri,
 raden Ahmad deui nyakit,
 mulihna ka kebon kembang,
 jeung Wirasantika deui,
 enggeus sumping tiluan ka kebon
 kembang.*

*Ganti deui anu kocap,
 nyarioskeun sulton Mesir,
 Seri maha sulton Muhammad,
 baderek para meswari,
 sarengna pangulu Mesir,
 Danukbandara keur nganglu,
 ngantosan para ponggawa,
 anu rek bela ka putri,
 hanteu aya nu wantun para
 ponggawa.*

*Maha sulton seug ngandika,
 ka eta panghulu Mesir,
 ayeuna mamang Bandara,
 perkawisna raden Ayu,
 lamunna ieu di Mesir,
 geus taya jago nu sangggup,
 leuwih hade saembara,
 bewara ka sanes nagri,
 saha-saha anu bisa meunangkeun
 agan.*

*Eta pikeun carogena,
 piunjuk panghulu Mesir,
 sumangga ngiring dawuhan,*

penggawa yang mendengarkan,
berdebar hatinya,
bercampur malu oleh raja,
ketika sedang berembuk begitu,
Raden Putri datang,
menemui mereka yang sedang
berkumpul.

Semua orang melihat,
bengong dan berdatangan melihat,
Raja Mesir kaget melihat,
ternyata ini Nyai Putri,
ketika penghulu Mesir melihat,
merangkul dan memeluk Raden Putri,
ananda sayang ayahanda sangat cemas,
syukurlah nyai yang cantik,
ayah dapat bertemu lagi dengan putri.

Ayolah Gusti kita tanyakan,
paman ingin segera mendengar,
yang menolong Tuan Putri,
singkat cerita sang Raja,
he Nyi Raden Putri,
saudara kakanda,
sekarang Kanda akan bertanya,
siapa yang menolong Nyai,
orang mana raja atakah penggawa.

Siti Bagdad menyembah,
berkata kepada paduka Gusti,
terima kasih tuan telah bertanya,
yang menolong saya,
hingga saya bisa pulang,
kehendak Allah Yang Agung,

*ponggawa anu ngaruping,
sumedot rasaning ati,
campur jeung isin ku ratu,
barangna eukeur guneman,
torojol den putri sumping,
ngadeuheusan kanu eukeur
garuneman.*

*Jalma kabeh pada ningal,
bengong rajol naringali,
raja Mesir kaget ningal,
geuning ieu nyai putri,
barang ret panghulu Mesir,
ngarontok ka putri gabrug,
bapa emas anak mama,
sukur nyai anu geulis,
mama patepung deui jeung anak.*

*Mangga gusti geura parios,
mamang hoyong geura nguping,
nu ngabelaan ka agan,
enggalna sang raja Mesir,
he nyai agan putri,
dulur engkang buah kalbu,
ayeuna engkang rek nanya,
saha nu bela ka nyai, urang mana
ratu atawa ponggawa.*

*Cedok nyembah Siti Bagdad,
matur ka paduka gusti,
sumuhun parios tuan,
nu ngabelaan ka abdi,
marga abdi bisa balik,
kersaning Alloh Nu Agung,*

saya tidak kerasan,
tinggal di Habsi,
siang malam memohon kepada Allah.

Pada suatu ketika,
waktu saya sedang tidur,
saya terbangun,
sadar berada di Mesir,
Raja Mesir tersenyum,
kenapa bisa begitu,
kata Danukbandara,
dibawa jin barangkali,
memang benar begitu.

Siapa pun seperti Kanda,
penggawa menteri mendengar,
merasa kecewa tiada duanya,
dalam hati penggawa dan menteri,
kalau saja saya tadi pergi,
tentu di jalan bertemu,
sama dengan menolong,
tdian dari Habsi,
sayang bukan milik saya.

Karena penakut,
penuh dengan rasa penyesalan,
diceritakan lagi Kangjeng Raja,
berkata kepada penghulu Mesir,
Paman sekarang Raden Putri,
syukurlah mendapat anugerah,
rayakan di keraton,
baiklah kata penghulu Mesir,
menghormati leluhur kita.

*tina banget henteu betah,
jisim abdi teh di Habsi,
siang wengi abdi neda ka
pangeran.*

*Ari dina hiji mangsa,
eukeur sare jisim abdi,
ras jisim abdi teh gugah,
bet ras eling di Mesir,
gumujeng sang ratu Mesir,
kumaha mamang bet kitu,
unjukan danuk bandara,
panginten dibawa ku jin,
leres mamang kitu pisan.*

*Sakur nu darajat engkang,
ponggowo mantri ngaruping,
bet kaduhung hanteu ilang,
manahna ponggawa mantri,
lamun aing tadi indit,
di jalan meureun patepung,
sarua jeung ngabelaan,
tunggal keneh ti Habsi,
ku hanjakal aya milik teu daulat.*

*Lantaran nu kecing manah,
pinuh ku kaduhung pikir,
kocap deui kangjeng raja,
matur ka panghulu Mesir,
mamang ayeuna den putri,
pakaulan rehing rahayu,
pestakeun di padaleman,
ngiring cek panghulu Mesir,
salametan arwah kapada kaula.*

PUPUH DANGDANGGULA

Tidak lama berdatangan para wanita,
yang melayat Siti Bagdad,
Nyi Patih, Nyi Demang semua,
para istri berkumpul banyak,
setelah semua istri lengkap,
ibu Raden Siti Bagdad,
semua yang berkumpul,
Nyi Menteri juga Nyi Jaksa,
cepat bahagiakan Nyai Putri,
bersama para penggawa.

Makan-makan bergembira ria,
setelah malam para raja,
berpesta makan semuanya,
musik telah bergemuruh,
diselingi suara senapan,
meriam berdentum,
begitu karesmen,
berhamburan kembang buhan,
kalau sekarang disebut kembang api,
dan banyak sekali minuman.

Anggur beremat sirop dan bir,
begitu pula beraneka macam
makanan,
kata Siti Bagdad,
sangat gerah sekali,
keringat pun keluar,
Siti Bagdad ingin mandi,
pergi dari keraton, diikuti para istri,
para Nyai Menteri dan dayang,
yang ikut menemani mandi.

*Hanteu lila burudul para istri,
nu ngalayad ka Siti Bagdad,
nyai patih nyi demang kabeh,
bangsa para istri ngaliud,
geus lengkep sadaya istri,
ibuna den Siti Bagdad,
sadayana kumpulan,
nyai mantri dawuh nyi jaksa,
enggal bae disukakeun nyai putri,
baderek para ponggawa.*

*Barang tuang sami suka ati,
enggeus wengi sadayana para raja,
pesta barang tuang kabeh,
tatabeuhan geus ngaguruh,
dibarung jeung sora bedil,
tinggeleger mariyemna,
karesmenan pon nyakitu,
tingbaliyur kembang buhan,
mun ayeuna disebutkeun kembang
api,
jeung rame tuang minuman.*

*Anggur beremat sirop sinareng bir,
kitu deui warna-warna katuangan,
ocap Siti Bagdad,
hareudang kaliwat langkung,
bayeungyang karinget bijil,
Siti Bagdad hoyong siram,
mios ti kadaton,
diiring ku para garwa,
para nyai para emban para mantri,
anu ngiring darek siram.*

Setelah datang ke tempat mandi Raden Putri,
 lalu mandi dengan pengiringnya,
 yang ikut mandi pada muntah
 semuanya,
 tidak lama kemudian selesai mandi,
 segera Putri berpakaian lagi,
 pakaiannya telah tersedia,
 yang ikut di belakang,
 pergi lagi bersama-sama dari tempat
 mandi.
 ketika akan pulang,
 timbul masalah.

Yang ikut semuanya muntah,
 berbau tidak sedap,
 geger semua nyai,
 ketika sedang heboh seperti itu,
 datang buta,
 semuanya kaget,
 berjatuhan,
 buta menangkap Siti Bagdad,
 Raden Putri menjerit setelah diambil,
 para istri pun berteriak-teriak pula.

Buta telah kabur membawa Putri,
 seluruh menteri sangat kaget,
 terdengar semua istri,
 oleh semuanya terdengar,
 jeritan-jeritan di tempat mandi,
 berdatangan menghampiri,
 begitu pula Raden Penghulu,
 menanyakan kepada para istri,

*Enggeus sumping ka jamban den
 putri,
 lajeng ngebak sareng para
 geureuha,
 nu ngiring arongkek kabeh,
 teu lami siram geus tutup,
 engal putri nganggo deui,
 nganggona enggeus sadia,
 anu ngiring ti pungkur,
 bral deui angkat ti jamban,
 sadayana barang eukeur pada
 mulih,
 datang aya gara-gara.*

*Ting arohek sadaya nu ngiring,
 bau hapeuk jeung bau babatang,
 gehger para nyai kabeh,
 barang eukeur gehger kitu,
 torojol buta ngawingking,
 pada kaget sadayana,
 tinggareblug labuh,
 buta newak Siti Bagdad,
 geus dibawa den putri jerit
 jumerit,
 para garwa tingkoceak.*

*Enggeus mabur buta mawa putri,
 mantri kabeh bengong pisan,
 ngadangu para garwa kabeh,
 ku sadya geus kadangu,
 di jamban pating jarerit,
 rabul pada ngalayad,
 sumawona gan panghulu,
 mariksa ka para garwa,*

ada apa ada apa sampai geger begini,
para nyai memberi tahu.

Celaka Raden Putri,
Siti Bagdad dibawa oleh buta,
pergi ke angkasa,
mendengar itu Danukbandara,
jatuh pingsan,
dikerumuni oleh semuanya,
Raja Mesir berkata,
Paman sadarlah,
mau diapakan lagi mungkin sudah
nasib Raden Putri.

Mari kita berembuk,
Danukbandara siuman dan bangun,
tak putusnya membaca istigfar,
segera semuanya berkumpul,
para raja penggawa menteri,
berikut istri-istrinya,
sambil disertai isak tangis,
apalagi ibunya,
menangis terus dan semua menteri,
singkatnya sultan berkata.

Sudahlah jangan menangis,
lebih baik memohon kepada Tuhan,
mudah-mudahan Yang Mahakuasa,
mudah-mudahan diberi keselamatan,
mohon agar kembali lagi,
seperti yang lalu,
pertolongan Yang Agung,
datang sendiri dari Habsi,

*aya naon aya noan ieu mana
gehger teuing,
para nyai kabeh unjukan.*

*Nun sumuhan tiwas raden putri,
Siti Bagdad dibawa ku buta,
ka awang-awang ngaleos,
danukbandara ngadangu,
rumpuyuk labuh teu eling,
kusadaya remponan,
raja Mesir nyaaur,
masing eling bae mamang,
dikumaha da geus milik nyai
putri,
numbuk dipaling naasna.*

*Mangga bae urang baradami,
danukbandara ras eling gugah,
maca istigfar teu weleh,
enggal sadayana kumpul,
para ratu ponggowa mantri,
sarawuh para geurwa,
jeung nangis tingsalegrug,
geus puguh ibuna aga, nangis bae
jeung sadaya pala mantri,
gancangna sulton mariksa.*

*Meunggeus ieu ulah narangis,
anggur kabeh neda kapangeran,
muga-muga ka yang manon,
muga-muga sing rahayu,
neda muga dongkap deui,
cara anu geus katukang,
pitulangna agung,
ti Hamsi dongkap sorangan,*

sejak itu semuanya berhenti menangis,
mendengarkan nasihat Sultan.

Raja Mesir berkata lagi,
kepada semua menteri dan penggawa,
para kesatria,
tidak pilih-pilih,
baik ningrat maupun rakyat biasa,
pendeknya tidak pilih-pilih orang,
siapa saja yang mampu,
sekarang saya mengadakan sayembara,
siapa saja yang mampu mendapatkan
Putri,
yang diculik buta.

Sudah pasti itulah jodohnya,
serta menjadi wakil saya,
senapati keraton,
demikianlah sayembaranya,
berani atau tidak sekarang,
berikan jawaban,
para penggawa berkata,
terima kasih Tuan,
terserah bagaimana Kangjeng Gusti,
minta doa restu dari Sultan.

Semuanya menjadi berani sekarang,
semua menteri dan penggawa,
segera saja memukul gong,
panggilan mengumpulkan orang,
singkat cerita,
sudah berkumpul semuanya,
serta semua prajurit,

*sadayana ti dinya hanteu
narangis,
ngupingkeun piwuruk sulton.*

*Ratu Mesir ngadawuhan deui,
kasadaya mantri ponggowa,
para satria sakabeh,
hanteu pilih nu disebut,
bangsa emas sumawona kuring,
pendekna teu pilih jalma,
saha-saha anu sanggup,
ayeuna kula saembara,
saha-saha anu bisa meunangkeun
putri,
eta nu dipaling buta.*

*Enggeus pasti eta jodona pasti.
kasartaan eta jadi wakil kula,
senapatina kadaton,
tah saembara sakitu,
ayeuna wani teu wani,
marentah jawaban,
ponggawa malatur, nuhun
satimbangan tuan, ngiring pisan
satimbangan kangjeng gusti,
nyuhunkeun hibar jeung sulton.*

*Ayeuna mah kabeh pada wani,
rempugjukung mantri jeung
ponggawa, enggal bae nabeuh
bende, tetenger ngumpulkeun
batur, enggalna anu digurit,
geus kumpul wadia balad,
reujeung kabeh seredadu,*

seluruh peralatan perang,
senjata tombak dan senapan serta
panah,
peluru rantai dan peluru baja.

Tidak ketinggalan para ningrat dari
Mesir,
berniat mengepung buta,
berdentum meriam terompet,
turuktuk bunyi pemukul tambur,
menuju Gunung Mesir,
semuanya sudah pergi,
telah sampai di gunung,
gunung tersebut dijelajah,
siang malam bertahan di Gunung
Mesir,
tunda dahulu yang mencari buta.

Diceritakan Kanjeng Raja Mesir,
berkumpul dengan raja-raja,
Danukbandara berkata,
Paman punya usul,
kalau Nyi Putri didapatkan,
berikut butanya,
Paman akan kaulan,
kalaulah menjadi rebutan,
memperebutkan Raden Putri.

Paman pun akan turut serta,
tidak akan menyesal mati di medan
tempur,
apalagi paman sudah tua,
Danukbandara lalu pamit,
dari sana terus ke mesjid,
lalu tirakat meminta,

*sadaya parabot perang,
pakarangna tumbak bedil jeung
jamparing,
pelor rante pelor waja.*

*Para menak ti Mesir teu kari,
pada niat ngepung buta,
jegur meriem torompet,
turuktuk pamukul tambur,
ngajugjug ka gunung Mesir,
sadayana geus ariang,
ka gunung geus cunduk,
disraksrak di gunung eta,
beurang peuting mangkalan di
gunung Mesir,
tunda nu neangan buta.*

*Kacaturkeun kangjeng raja Mesir,
magelaran jeung raja-raja,
danukbandara nyarios,
pun mamang gaduh piunjuk,
upama nyi putri kenging,
kenging sarta beunang,
pun mamang teh bade kaul,
upama jadi rebutan,
marebutkeun ti eneng putri.*

*Pakaulan mamang maju jurit,
moal nyaah kasambut di medan,
kapalang mamang geus kolot,
sang danukbandara mundur,
ti dinya lajeng ka masjid,
seug tirakat neda-neda,*

agar anaknya ditemukan lagi,
siang malam Bandara,
tidak pulang dan tetap tirakat di
mesjid,
tidak makan dan minum.

Berminggu-minggu lamanya di masjid,
tampak semakin bersedih,
suatu waktu lalu tergolek,
terserang kantuk di masjid,
terus tidur dan bermimpi,
yang dimimpikan Siti Bagdad,
ditemukan sedang keluar rumah,
yakni di Karang Kamulyan,
di Nyi Randa diikuti oleh para
dayang,
beserta Randa dan Sumingkar.

Ketika penghulu Mesir sadar,
segera saja penghulu pergi,
menuju istrinya dan berkata,
dengan istrinya telah bertemu,
didapati istrinya sedang menangis,
menangisi Siti Bagdad,
penghulu berkata,
janganlah menangis istriku,
lebih baik kita menghibur diri,
tamasya ke kebun bunga.

Dan ketika tadi Kanda bermimpi,
Siti Bagdad ada di Nyi Randa,
ayo kita ke sana saja,
istrinya segera berkata,
baiklah Kanda saya ikut,

*pun anak masing katimu,
siang wengi sang bandara,
hanteu mulih tirakat bae di
masjid,
hanteu leueut hanteu tuang.*

*Tepung minggu lamina di masjid,
sakalangkung tambah nalangsana,
hiji mangsa seug nyangkere,
di masjid narajang tunduh,
dug kulem lajengna ngimpi,
nu kaimpen Siti Bagdad,
kapendak eukeur ngalayung,
eta di karang kamulyan,
di nyiranda diiring ku para nyai,
sarawuh randa sumingkar.*

*Barang eling sangpanghulu Mesir,
enggal bae sangpanghulu angkat,
ka geurwana nyarios,
jeung geurwana enggeus tepung,
kasampak geurwana nangis,
nangisan neng Siti Bagdad,
sang panghulu nyaur,
montong nangis geurwa engkang,
anggur hayu urang ngalilipur
pikir,
pelesir ka kebon kembang.*

*Sareng engkang waktu tadi
ngimpi, Siti Bagdad aya di nyi
randa, coba urang teang bae,
geurwana ngorejat matur,
mangga atuh engkang ngiring,*

tidak lama dari sana,
sudah pergi dari kaum,
menuju kebun bunga,
dengan istrinya telah sampai di tempat
tujuan,
yang indah dan menyenangkan.

PUPUH ASMARANDANA

Diceritakan Nyi Randa melihat,
terkejut melihat ayah raden,
segera mengambil alas duduk,
alketip sudah dipasang,
Danukbandara telah duduk,
dengan istrinya,
Wiramaya dan Wirasantika.

Saat itu segera menemui,
Danukbandara,
duduk sambil menyembah,
hanya Ahmad yang tidak ada,
waktu itu sedang ke kamar mandi,
Nyi Randa menyerahkan jamuan,
untuk menginang dan merokok.

Setelah perlengkapan menginang
diletakkan, menemui Sumingkar,
semuanya menyembah,
penghulu berlinang air mata,
begitu pula istrinya,
melihat Sumingkar datang,
teringat kepada Siti Bagdad.

Nyi Randa menyembah dan berkata,
Duh Gusti saya,

*teu lami deui harita,
geus mios ti kaum,
ngabujeng ka kebon kembang,
jeung geurwana ka kalangenan
sumping,
kasmaran nu susukaan.*

*Kocap nyi randa ningali,
kaget ningal rama agan,
geuwat amparan dicokot,
alketip enggeus dipasang,
danukbandara geus lenggah,
jeung gerwana nyi panghulu,
Wiramaya Wirasantika.*

*Harita mayunan gasik,
eta ka danukbandara,
calik barina mando,
ngan Ahamad hanteu aya,
harita eukeur ka jamban,
nyi randa jeung hatur suguh,
lemareun jeung sesepeun.*

*Enggeus bakti lemareun calik,
ngadeuheusan jeung sumingkar,
dina sakabeh marando,
panghulu turun cisoca,
sarawuh eta geurwana,
ningali sumingkar rawuh,
kasuat ku Siti Bagdad.*

*Nyi randa nyembah ngalahir,
duh gusti abdi juragan,*

saya ingin bertanya,
saya kaget melihat,
raut muka tuan,
seperti yang sedang bersedih sekali,
sedih karena apakah.

Saya ikut prihatin,
ada apa gerangan,
yang membuat sudi datang,
beri tahulah hamba,
Danukbandara segera,
berkata kepada Nyai Randa,
eh Nyi Randa pedagang bunga.

Yang membuat kami datang,
kalau-kalau ada Siti Bagdad,
terbawa mimpi oleh kami,
jelas sekali berada di sini,
sedangkan Siti Bagdad,
disusul,
karena diculik buta.

Kami sangat bingung,
hingga saat ini,
ketika Nyi Randa mendengar,
kaget menepuk-nepuk dada,
aduh Gusti,
dikira tidak begitu,
ternyata diculik buta.

Kapankah hilangnya Gusti,
Gusti sudah lama atau belum,
Danukbandara menjawab,
sudah sebelas hari lamanya,
Rarasumingkar berkata,

*sim abdi gaduh panaros,
abdi kaget titingalan,
eta pasemon gamparan,
kawas anu banget ngangluh,
ngangluh ku naon margina.*

*Sakalangkung ngiring kingkin,
kumaha marga lantaran,
nu mawawi kersa lumios,
sim abdi pasihan terang,
enggalna sang danukbandara,
ka nyai randa ngadawuh,
eh nyi randa tukang kembang.*

*Nu matak datang teh kami,
sugan aya Siti Bagdad,
ku kami teh geus kaimpen,
ayana di dieu pisan,
ari eta Siti Bagdad,
nu matak eta disusul,
sababna dipaling buta.*

*Kami teh kalanjur pikir,
ieu teh danget ayeuna,
nyi randa barang nguping the,
ngaranjug nepakan dada,
aduh gusti kerah agan,
sugan tea hanteu kitu,
kutan teh dipaling buta.*

*Iraha leungitna gusti,
gusti lami atawa tacan,
danukbandara ngawalon,
geus sabelas poe lilana,
rarasumingkar unjukan,*

kalau Gusti setuju,
barangkali disusul lagi saja.

Mungkin saja ada di Habsi,
ternyata bisa didapatkan,
disusul oleh Kang Ahmad,
mudah-mudahan sekarang Tuan,
susul lagi oleh Kang Ahmad
Kak Ahmad dapat menyusulnya,
karena Kakak sakti.

Lalu penghulu menghibur diri,
Danukbandara kaget,
mendengar ucapan Sumingkar,
setuju saja,
kalau memang Ahmad sanggup,
Bapak sangat berterima kasih.

Raden Ahmad berkata dengan hormat,
baiklah Raden Ahmad,
setelah penghulu mendengar itu,
gembira dengan istrinya,
sekarang Bapak akan pulang,
akan memberi tahu Raja,
Bapak menunggu di negara.

Segera penghulu Mesir,
bersalaman dengan Ahmad,
Bapak pamit,
sambil memberikan doa,
Danukbandara telah pergi,
diceritakan Ahmad yang ditinggalkan,
kemudian berkata kepada Wiramaya.

*duh gusti manawi sapuk,
sugan susul deui agan.*

*Papalayeun basa di Habsi,
geuning bet teu burung beunang,
disusul ku kang Ahmad teh,
sugan ayeuna ge agan,
susul deui ku kang Ahmad,
kang Ahmad sok bisa nyusul,
kawantu engkang binengkas.*

*Seug panghulu lejar galih,
ngagebeg danukbandara,
nguping omong sumingkar teh,
cing hempek geura sanggupan,
lamun enya Ahmad sanggup,
mama nganuhunkeun pisan.*

*Raden Ahmad matur takdim,
unjuk sumangga den Ahmad,
sanggeus nguping panghulu teh,
suka manah sareng garwa,
ayeuna mama rek mulang,
bade unjukan ka ratu,
mama ngantos di nagara.*

*Enggal panghulu Mesir,
seug tangkep tangann jeung
Ahmad,
mama amit,
sinarengan sambung du'a,
geus jengkar danukbandara,
kocapkeun Ahmad anu kantun,
seug nyaur ka Wiramaya.*

Kakak mari kita berembuk,
di mana tempat buta itu,
lalu Wiramaya menjawab,
baiklah Tuan,
perihal tempat buta itu,
menurut pengalaman saya dahulu,
setahu saya.

Berada di hutan Habsi,
silakan saja sekarang,
dilihat ke tempatnya,
ada lagi tempat buta,
seandainya tidak ada di sana,
mari kita susul,
kasihan Siti Bagdad.

Singkat cerita,
Raden Ahmad berdandan,
membawa peci dan telur,
Wiramaya dan Wirasantika,
keduanya mengenakan baju,
membawa kuda mega mendung,
setelah siap Raden pergi.

PUPUH KINANTI

Kita lanjutkan cerita ini,
dikisahkan telah turun perang,
Wiramaya dan Wirasantika,
memukul kuda semprani,
pergi mengembara di angkasa,
beriringan dengan angin.

Yang pergi terburu-buru,
dikisahkan telah sampai,

*Cing kakang urang badami,
dimana enggonna buta,
Wiramaya seug ngawalon,
sumuhun dawuh gamparan,
perkawis enggonna buta,
keur luang abdi kapungkur,
jisim abdi anu terang.*

*Ayana di leuweung Habsi,
mangga bae ayeuna mah,
teang ka enggonna bae,
aya deui tempat buta,
upami teu aya di dinya,
mangga bae urang susul,
hawatos ka Siti Bagdad.*

*Gancangna anu digurit,
rap dangdan raden Ahmad,
nyandak kuluk sareng endong,
Wiramaya Wirasantika,
nganggo kaos duanana,
nyandak kuda mega mendung,
tarapti raden jung angkat.*

*Sumangga lajengkeun catur,
dimargakeun terah jurit,
Wiramaya Wirasantika,
ngebug kuda semperani,
angkat ngambah media gantang,
sumariring bareng jeung angin.*

*Dibujeng angkat nu rusuh,
kacaturkeun enggeus sumping,*

Wiramaya dan Wirasantika,
beserta Ahmad Raspati,
telah sampai di Gunung Habsah,
akan mencari Raden Putri.

Ditinggalkan Raden di gunung,
yang mencari putri,
berganti yang diceritakan,
di dalam gua Gunung Habsi, ada
sebuah gua, berisi dua orang putri.

Sedang terisak-isak menangis,
memanggil-manggil,
itulah Siti Bagdad,
anak penghulu Mesir,
dan seseorang bernama Ratna Komala,
dari negeri Sumantapuri.

Anak Raja Kusumah,
putri satu-satunya,
diculik buta berada dalam satu tempat,
dikisahkan Siti Bagdad,
pekerjaannya hanya memanggil-
manggil, Raden Ahmad Raspati.

Memohon kepada Allah Yang Agung,
yang bersifat rahman rahim,
agar hati Raden Ahmad,
punya niat menyusul saya,
ini saya sedang sengsara,
berada di Gunung Habsi.

Tak ada lagi yang diingat,
yang dapat menyusul saya,
selain Kanda Ahmad,

*Wiramaya Wirasantika,
sarawuh Ahmad raspati,
geus sumping ka gunung Habsah,
rek milari raden putri.*

*Katunda raden di gunung,
anu neangan ka putri,
ganti deui anu kocap,
dina guha gunung Habsi, eta aya
hiji guha, eusina teh dua putri,*

*Eukeur nangis tingsalegruk,
sasambat jeung melas melis,
enya eta Siti Bagdad,
putrana panghulu Mesir,
jeung ngaran Ratna Komala,
ti nagri Sumantapuri.*

*Putrana kusumah ratu,
putra kakasih ngan sahiji,
saruang dipaling buta,
kocap Siti Bagdad putri,
damelna ukur sasambat,
ka raden Ahmad raspati.*

*Neda ka Alloh nu agung,
anu sifat rahman rahim,
eta manah raden Ahmad,
aya manah nyusul abdi,
ieu abdi keur sangsara,
dina guha gunung Habsi.*

*Taya deui nu kaemut,
nu tiasa nyusul ka abdi,
kalintang si engkang Ahmad,*

Ratna Komala berkata,
masih mending Adik,
ada yang ditunggu-tunggu.

Yang diperkirakan bisa menyusul,
dari negeri Mesir,
sementara kakak pribadi,
tidak ada lagi yang diharapkan ,
dari negara Sumantapura,
ada seorang kesatria yang pandai.

Hanya Kakak punya permintaan,
andaikan saja datang menyusul,
yang akan menolong Adik nanti,
dari negeri Mesir,
Kakak harus diajak,
ikut serta untuk menjadi pembantu.

Lumayan untuk membantu Adik,
sekadar mengambil air,
calon dayang Dik Bagdad,
Kakak akan gembira,
Siti Bagdad tambah gembira,
mendengar Raden Komala Putri.

Yang sangat bersedih,
kasihan Ratna Putri,
he Kakak Ratna Komala,
kasihan sekali, bantulah berdoa,
kalau Adik sudah selamat.

Ada kehendak dari Yang Agung,
tidak akan meninggalkan kakak putri,
karena sama-sama sengsara,
mengalami pahit dan manisnya,

*Ratna komala ngalahir,
geuraheun teuing rai mah,
aya pakeun nganti-nganti.*

*Nu kauntup bisa nyusul,
ti dayeuh nagara Mesir,
ari seug diri aceuk mah,
geus taya untupeun teuing,
ti dayeuh Sumantapura,
aya satria nu lantip.*

*Ngan aceuk ganuh pihatur,
boh bilih sumping nu nyusul,
nu nulungan rai tea,
ti dayeuh nagara Mesir,
pun aceuk kedah dicandak,
pikeun rencang bade ngiring.*

*Lumayan keur gandeuk enung,
purah-purah ngala cai,
piembaneun ayi Bagdad,
diri aceuk suka ati,
Siti Bagdad tambah suka,
nguping den Komala putri.*

*Keur nganglu ketir kawawa,
hawatos ka ratna putri,
he aceuk Ratna Komala, kang rai
hawatos teuing, bantuan bae nya
neda, mun rai enggeus lastari.*

*Aya kadarkeun agung,
moal kantun aceuk putri,
karana pada sangsara,
sapapait samamanis,*

terima kasih kata Ratna Komala,
mudah-mudahan saja Adik Putri.

Cepat-cepat ada yang menyusul,
ketika sedang berbincang-bincang
seperti itu, muncul Raden Ahmad,
dengan Wirasantika,
ketiganya Wiramaya,
lalu melihat gua.

Raden Siti Bagdad terkejut,
menangis gembira,
duh Gusti kekasih hamba,
cepat ini saya,
sudah tidak kerasan,
cepatlah bawa pergi saya.

Raden Ahmad tersenyum sambil
berkata, syukurlah bertemu lagi
dengan Nyai,
hanya Kanda heran,
yang hilang hanya putri seorang,
tetapi ternyata ada dua,
dari manakah adik ini.

Siti Bagdad menyembah dan berkata,
memang betul ini putri,
sama-sama diculik buta,
harus diajak ke Mesir,
jangan ditinggal oleh Kanda,
kasihanilah kakak putri.

Namanya Raden Ayu,
Raden Ratna Komala Putri,
Raden tersenyum dan menjawab,

*nuhun cek Ratna Komala,
muga-muga ayi putri.*

*Masing enggal anu nyusul,
barang eukeur gunem warti,
torojol raden Ahmad teh,
jeung Wirasantika deui,
katiluna Wiramaya,
tuluy ka guha ningali.*

*Den Siti Bagdad ngaranjug,
nangis bari suka ati,
duh gusti abdi panutan,
geuwat ieu rai,
sakalangkung ku teu betah,
mangga geura candak abdi.*

*Raden Ahmad mesem nyaur,
sukur nyai nepung deui,
ngan ieu pun engkang heran,
nu leungit ngan putri hiji,
kari-kari aya dua,
nu timana ieu Eulis.*

*Siti Bagdad nyembah matur,
sumuhun ieu teh putri,
sarua dipaling buta,
kedah dicandak ka Mesir,
ku engkang ulah ditilar,
hawatos ka aceuk putri.*

*Jenenganana den ayu,
den Ratna Komala putri,
raden mesem jawab,*

bersyukur kepada Tuhan Yang Maha-
kuasa,
jadi sama-sama tertolong,
harus jadi orang Mesir.

Dan tempat ini kosong,
Raden ke manakah butanya,
yang menculik putri
Raden Putri memberi tahu,
sekarang buta sedang bepergian,
masuk ke dalam negeri.

Kalau datang membawa segala
macam,
bawaannya macam-macam,
makanan berupa ikan mentah,
tidak lama lagi akan datang,
buta itu sebentar lagi datang,
cepatlah bawa saya.

Takut buta keburu datang,
Kanda jangan berlama-lama,
segera Raden Ahmad,
masuk ke dalam gua mengambil putri,
dan aroma tidak sedap,
terasa di dalam gua Habsi.

Kedua putri telah digendong,
Wiramaya dan Wirasantika,
menerima putri dari gua,
kedua putri telah keluar,
dinaikkan ke atas kuda,
kuda hijau semprani.

Wiramaya di sebelah kanan,
Wirasantika di sebelah kiri,

*sukur ka gusti yang widi,
jadi sami katulungan,
kudu jadi urang Mesir.*

*Jeung deui ieu teh suwung,
mana butana teh eulis,
anu maling agan tea,
den putri unjukan deui,
ayeuna buta keur nyaba,
ngereh ka jero nagari.*

*Ana datang angkaribung,
bawana teh warna-warni,
kadaharan lauk atah,
moal lami deui dongkap,
eta buta tereh datang,
mangga geura candak abdi,*

*Bisi sedek buta nunduk,
enggang ulah lami-lami,
enggal bae raden Ahmad,
asup ka guha nyandak putri,
jeung hapeuk babauan,
sajeroning guha Habsi.*

*Dua putri enggeus dipangku,
Wiramaya jeung Wirasantika deui,
nampanan putri ti guha,
dua putri enggeus bijil,
ditunggangkeun kana kuda,
kuda hejo samprani.*

*Wiramaya ti katuhu,
Wirasantika ti kiri,*

diikuti Raden Ahmad,
sudah menjauh dari gua,
kuda samprani tidak menginjak,
pada tanah.

Selamanya di atas,
kedua putri itu gembira,
menunggang kuda hastubaya,
singkat cerita,
telah jauh dari tempat buta,
tembang pangkur buta muncul.

PUPUH PANGKUR

Dikisahkan buta sudah datang,
pulang dari bepergian ke setiap negeri,
datang membawa segala macam,
yang dibawa adalah makanan,
ketika buta tiba di gua,
kedua putri tidak ada,
buta sangatlah murka,

Melihat ke arah barat dan timur,
ke utara dan selatan tetap tidak
ditemukan,
disusul ke utara,
buta mengambil tutup gua,
mengambil batu yang kecil lalu
menyusul, tidak lama waktunya,
dari belakang Ahmad terkejar.

Buta memanggil-manggil,
orang mana kamu mencuri putri,
maling mati kamu nanti,
lihatlah aku,

*diiring ku raden Ahmad,
geus mios ti guha tebih,
kuda hanteu napak lemah,
antarana tina bumi.*

*Sapalanggangna ka luhur,
dua putri suka ati,
tunggang kuda hastubaya,
enggal carios nu gasik,
enggeus jauh ti tempat buta,
tembang pangkur buta bijil.*

*Kocap buta enggeus datang,
pulang nyaba ti unggal nagari,
dongkap mani angkaribung,
nu dibawa kahakanan,
barang dongkap buta ka guha,
dua putri hanteu aya,
buta ambek jeung ngagidir.*

*Rurut reret ngulon ngetan,
ngidul ngaler weleh putri teu
kapanggih,
di susul ambeuna ngidul,
buta nyokot tutup guha,
batu ramping geus beunang biyur
disusul, teu lami deui waktuna,
Ahmad kasusul pandeuri.*

*Buta ngagereng nyalukan,
orang mana lukue mencuri putri,
bangsat lanyap nanti eluh,
coba liat ini gue,*

akan mengambil batu dan
memukulmu,
jangan lari kamu maling,
kembalikan putri itu.

Raden Ahmad melihat buta,
tubuh buta sangat menakutkan,
tetapi Raden Ahmad tidak mundur,
buta mendekati Ahmad,
Raden Ahmad bersiap-siap,
batu telah dilemparkan,
ketika sampai ditangkis oleh Ahmad.

Batu melesat ke belakang,
lalu Raden Ahmad membentangkan
panah,
busur panah melesat dan tepat
mengenai, dada buta,
oleng dan terjungkal mati.

Ketika jatuh ke tanah,
buta berkata sambil menangis,
ayo pukul lagi,
ditambah lagi oleh Ahmad,
buta pun dipukul lagi ,
lalu menarik pecut kilat,
buk dipukul dengan pecut.

Buta bangun dan menjadi dua,
Raden Ahmad kaget sambil melihat,
segera menarik pecut,
dihantamkan lagi untuk
membunuhnya,

*ambil batu sekarang kue dipukul,
jangan lari kue bangsat,
kasih lagi itu putri.*

*Den Ahmad ningal ka buta,
awak buta matak gila liwat
saking,
tanggoah den Ahmad teu mundur,
buta enggeus deukeut Ahmad,
raden Ahmad taki-taki,
batu geus biyur dibalang,
barang jedak kuraden Ahmad
ditakis.*

*Batu milepas ka pungkur,
raden Ahmad seug mentang
panah,
enggeus biyur jamparing mener
kalangkung, jebrood kana dada
buta, koleang jumpalik mati.*

*Barang gebut kana lemah,
buta ngomong bari lengas-lengis
nangis, coba lagi kue pukul,
disusul deui ku Ahmad,
eta buta dipindo deui dipukul,
seug narik pecut pun kilat,
jebet dibabuk cameti.*

*Buta hudang jadi dua,
raden Ahmad kaget barina
ningali,
enggal narik pecut,
dibabuk deui dibunuh,*

terjungkal dan minta dibunuh,
ayo pukul lagi aku,
sampai mati.

Segera Raden Ahmad,
memecut buta yang kedua kalinya
hingga terjungkal,
kembali lagi buta hidup,
dua buta menjadi empat,
Raden Ahmad kaget sambil mundur,
terlihat oleh Wiramaya,
aduh nanti celaka Dik.

Tidak melihat Raden Ahmad,
menunjuknya,
Dik kalau berperang dengan buta,
buta dipukul terus,
dari satu buta menjadi empat,
Dik sekarang Kakak akan memburu,
bawalah putri,
baiklah kata adiknya.

Segera Raden Wiramaya pergi,
setelah sampai di belakang adik
Raspati,
Wiramaya lalu berkata,
Gusti kalau berperang dengan buta,
jangan sampai memukul dua kali,
bila terus-terusan akan menjadi
banyak,
jangan sampai dua kali.

*ngajumpalik ngegerung menta
dibunuh, coba pukul lagi kue,
sampai sekarang mati.*

*Enggal deui raden Ahmad,
mindu mecut buta ngajumpalik
deui, jangelek buta harirup,
buta dua jadi opat,
raden Ahmad kaget barina jeung
mundur,
katingal ku Wiramaya,
aduh tiwas mangke rai.*

*Teu ningal raden Ahmad,
kurang duduh,
perang jeung buta mah rai,
dihaben bae dipukul,
buta hiji opat,
coba rai ayeuna engkang rek
muru,
ieu putri geura candak,
mangga saksi ka rai,*

*Sebrut raden Wiramaya,
enggeus dongkap kana
pungkureun rai raspati,
Wiramaya seug miunjuk,
gusti mun perang jeung buta,
poma-poma ulah sok dipindo
mukul,
mun dipindo jadi loba,
ulah sok ngadua kali.*

Dari satu buta menjadi empat,
 sekali itu pun tidak akan mati,
 mendengar itu Raden Ahmad kaget,
 ketika sedang berbicara,
 keempat buta membuka mulut dan
 memburu,
 segera oleh Wiramaya,
 Wiramaya mencabut keris.

Ketika akan menggigit Ahmad,
 ditusuk dengan keris oleh Wiramaya,
 buta itu pun mati,
 datang lagi tiga buta,
 oleh Raden Ahmad dipukul dengan
 pucut,
 ketiganya terjungkal,
 yang keempat tertusuk keris.

Keempat buta itu berbicara,
 minta dipukul lagi,
 ayo pukul lagi kami,
 dijawab oleh Wiramaya,
 kamu tidak akan dipukul lagi,
 sekali saja kamu pasti mati,
 tidak akan dipukul lagi oleh saya.

Tidak lama waktunya,
 keempat buta tadi sekarat dan mati,
 Raden Ahmad tersenyum sambil
 berkata,
 bagaimanakah ini Kakak,
 setelah semua buta mati,
 Adik minta nasihat kakak,
 Wiramaya berkata lagi.

*Buta hiji jadi opat,
 sakali eta moal burung mati,
 den Ahmad kaget ngadangu,
 barang eukeur sasauran,
 opat buta calangap buta rek
 muru,
 seug enggal ku wiramaya,
 Wiramaya nyabut keris.*

*Barang rek ngegel ka Ahmad,
 jos ditawek ku Wiramaya ku keris,
 eta buta enggeus mati,
 datang deui tilu buta,
 ku den Ahmad dibabuk deui ku
 pecut,
 jungkel tiluanana,
 kaopat anu ku keris.*

*Pada ngomong opat buta,
 pada menta deui dipindo digitik,
 lekas kue kasih pukul,
 ku Wiramaya dijawab,
 moal enya sia teh dipindo pukul,
 sakali ge sia modar,
 moal dipindo ku aing.*

*Teu lami deui waktuna,
 opat buta sakarat pada marati,
 raden Ahmad imut nyaur,
 cing kumaha ieu kakang,
 sareh ayeuna ieu buta geus
 mampus,
 kang rai neda pirempug,
 Wiramaya matur deui.*

Menurut kakak buta ini,
 harus dibawa kepalanya sebagai bukti,
 hanya kepalanya saja yang dibawa,
 benar kata Raden Ahmad,
 Wiramaya segera membunuh,
 leher buta dipenggal,
 Wiramaya berkata lagi.

Baiklah sekarang Raden,
 pergi membawa putri,
 Kakak akan memikul kepala,
 dan itu Wirasantika,
 kemarikan mayatnya kakak akan
 memikul kepala,
 baik kata Ahmad,
 akan pergi membawa putri.

Waktunya tidak lama,
 Wirasantika pergi sambil membawa
 tali,
 lalu mengemas kepala,
 Wiramaya dan Wirasantika,
 setelah siap semuanya,
 kepala tersebut digotong berdua,
 Wiramaya dan Wirasantika.
 sama-sama mengenakan baju.

Telah berada di angkasa,
 menggotong kepala dan Raden Ahmad
 membawa putri,
 tinggalkan dulu yang membawa
 kepala,
 yang sedang di perjalanan,
 berganti menceritakan Prabu Mesir,

*Raos akang ieu buta,
 kedah bantun huluna pikeun bukti,
 amung hulu anu dibantun,
 leres saur raden Ahmad,
 enggal bae Wiramaya seug
 ngabunuh,
 janggana buta ditigas,
 Wiramaya matur deui.*

*Ayeuna raden sumangga,
 geura angkat ngubeng bae nyai
 putri,
 pun kakang rek nanggung hulu,
 jeung itu Wirasantika,
 sina ka dieu layon kakang
 nanggung hulu,
 dawuh den Ahmad sumangga,
 mios rek ngubeng den putri.*

*Teu lami deui waktuna,
 Wirasantika angkat bari nyandak
 tali,
 enggal ngadandanan hulu,
 Wiramaya Wirasantika,
 barangna enggeus sadia,
 rap digotong eta hulu,
 Wiramaya Wirasantika,
 pada tunggang kaos sami.*

*Enggeus ngambah media gantang,
 nanggung hulu raden Ahmad
 ngubeng putri,
 sinigeug nu nanggung hulu,
 mangsana eukeur di jalan,
 ganti catur nyarioskeun Mesir
 Perbu,*

saat itu sedang berkumpul,
Seri Maha Sultan Mesir.

Dengan seluruh raja,
begitu pula Danuk Bendara Mesir,
menteri dan penggawa bergemuruh,
semua prajurit,
baru datang memimpin dari setiap
gunung,
para penggawa,
penggawa berikut menteri.

Ternyata buta tidak ada,
begitu juga tuan putri tidak
ditemukan,
baik di setiap gunung,
hutan belantara,
sudah ditelusuri semuanya,
oleh karena itu cepat kembali,
agar gusti tahu.

Prabu Maha Sultan segera,
memberi waktu kepada penggawa
berikut menteri,
Raja melamun sebentar,
merasa kasihan terhadap Siti Bagdad,
dan ketika melihat wajah raja yang
melamun, Danuk Bandara melihat,
kesedihan raja Mesir.

Danuk Bandara berkata,
aduh Gusti perlihatkanlah kepada
ayahanda,

*harita keur berhimpunan,
Seri Maha Sulton Mesir.*

*Sareng sadayana raja,
sumawon sang Danuk Bendara
Mesir,
mantri pongggawa ngaguruh,
sakabeh wadia balad,
karek dongkap ngereh ti unggal
gunung,
sadaya para ponggawa,
ponggawa sarawuh mantri.*

*Rehna buta hanteu aya,
sumawona eneng putri teu
kapanggih,
geus weleh ka unggal gunung,
leuweung alas bandawasa,
geus disraksrak beak lamping
lebak luhur,
nu mawi enggal marulang,
supados gusti tingali.*

*Gancang perbu maha Sulton,
geus midanget ponggawa sarawuh
mantri, sakedap ratu melenguk,
hawatos ka Siti Bagdad,
sareng ningal pasemon ratu
melenguk,
Danuk Bendara ningalan,
kana nganglu raja Mesir.*

*Danuk Bendara unjukan,
aduh gusti ka rama hatur tingali,*

mengenai kesedihan Gusti,
sekarang ayah tuan,
karena Tuan, Paman mendapat
pertolongan,
ayah yang penuh kasih,
menolong yang sedang susah.

Mengenai Siti Bagdad,
sudah pasti ada yang menolong,
kesatria tampan yang sakti,
bernama Ahmad,
tetapi anak tersebut anak pungut,
bahkan beberapa waktu yang lalu,
ketika diculik oleh Habsi.

Dialah yang menolong,
memang tidak menemui Gusti,
maklum orang gunung,
tidak mengenal sayembara,
hanya mengenal putri saja,
menolong karena,
diminta ibunya yang disayangi.

Karena majikannya,
Raja Mesir terkejut hatinya
mendengar,
Ahmad disebut-sebut,
teringat pada saudaranya,
Raja menangis dan berkata,
ingin sekali ananda mengetahui,
anaknya Nyi Randa Mesir.

*perkawis Gusti nu nganglu,
ayeuna teh tuang rama,
berkah tuan paman teh kenging
pitulung,
kang rama aya nu nyaah,
pitulung teteg nya pikir.*

*Perkawis Siti Bagdad,
geus tinangtu aya nu nulungan
pasti,
satria lantip nya punjul,
jenenganana den Ahmad,
tatapina eta budak anak pulung,
samalah waktu ka tukang,
basa dipaling ku Habsi.*

*Nya eta anu nulungan,
hanteu soteh kebat ngaduheus ka
Gusti,
malum wantu urang gunung,
hanteu terang saembara,
kanyahona bubuhan ka putri
wungkul, lantaranana teh bela,
jurungan indungna asih.*

*Wantuning juraganana,
raja Mesir ngadangu ngagebeg
galih,
nyebut nyebut Ahmad kitu,
kasuat ku saderekna,
cisocana nurubut ratu jeung
nyaur,
hoyong temen putra terang,
putrana nyi Randa Mesir.*

Mudah-mudahan segera datang,
seperti apakah orang Mesir yang
bernama Ahmad,
ingin sekali serupa,
dengan saudara yang terpisahkan,
kalau sama akan dijadikan saudara,
kata Danuk Bandara,
bagaimana nanti saja Gusti.

Seandainya tahu datang,
para menteri penggawa mendengar,
yang mendengar bengong,
para penggawa saling berbisik,
sungguh aneh mendengarnya,
jadi ingin tahu kenyataannya,
para menteri belum pergi.

PUPUH SINOM

Sultan telah berbahagia,
menyambut para bupati,
dan kepada Raden Ahmad,
serta ke seluruh negeri Syam,
para bupati,
semakin bergembira,
sudah siap semuanya,
lalu semuanya duduk,
dengan gembira.

Makan-makan bergembira,
dikisahkan Raden Ahmad,
diladeni oleh adiknya,
makan sesuka hati,
Raden dengan Kuraesin,

*Muga-muga geura datang,
jiga kumaha ngaran Ahmad urang
Mesir,
hoyong teh kitu sapatut,
jeung dulur putra nu pisah,
mun sapatut ku putra diaku dulur,
piunjuk Danuk Bendara,
kuma engke bae gusti.*

*Uninga upama dongkap,
para ponggawa para mantri pada
nguping,
hookeun nu ngadarangu,
tingharewos para ponggawa,
saayana aneh ngupingkeun dangu,
sok hayang nyaho buktina,
tacan mundur pala mantri.*

*Parantos timah sulton,
mapat ka para bopati,
lajengna ka raden Ahmad,
sarawuh ka Esam nagri,
sadayana para bopati,
tambah pada suka kalbu,
geus parantos sadayana,
lajeng sadayana linggih,
sami pada sukan.*

*Barang tuang suka bungah,
kocap raden Ahmad dewi,
diladenan ku raina,
barang tuang suka galih,
raden sareng Kuraesin,*

lahap sekali,
maklum baru saja berperang,
begitu pula prajurit Mesir,
semuanya makan bersama.

Singkat cerita,
seluruh bupati,
sudah selesai makan,
Dewi Soja berkata dengan penuh
hormat, Adik yang terhormat,
kepada semua raja,
begitu juga para sesepuh,
sekarang Raja Habsi,
telah pulang semuanya.

Semoga tidak marah,
sekarang saya, akan kembali ke
negeri, tidak akan ikut ke Mesir,
Kanda yang lebih tahu,
Adik mohon diri,
hanya putra Raden Ermaya,
terimalah dia tinggal di Mesir,
Kuraesin pun akan kembali.

Dimohon kebesaran jiwanya,
semoga tidak kecewa,
ketika terdengar oleh Sultan,
kaget dan kecewa hatinya,
duh adik Majeti, Kakak sangat kaget,
tetapi Kakak akan memaksa,
Nyai pun sudah maklum,
sama-sama seorang pemimpin,
memimpin negara.

*ponyona kaliwat langkung,
mamayu nu entas perang,
kitu deu balad Mesir,
pada recok barang tuang
sadayana,*

*Carios bujeng enggalna,
sadayana para bupati,
enggeus tutup barang tuang,
Dewi Soja matur takdim,
agung piunjuk kang rai,
ka sadaya palaratu,
sumawona ka para sepuh,
reh ayeuna raja Habsi,
enggeus bubar sadayana.*

*Muga ulah bendu manah,
ayeuna teh jisim abdi,
emut melang ka nagara,
moal ngiringan ka Mesir,
enggang nu langkung tingali,
tuang rai amit wangsul,
mung putra Raden Ermaya,
nyanggageun kantun di Mesir,
wilam anu Kuraesin bade mulang.*

*Diteda ngalaga murga, muga ulah
rengat galih, barang ka kuping ku
sulton, ngajenghok handeueul
galih, duh nyai rai majeti,
enggang hookeun kalangkung,
tapi enggang arek maksa, geus ka
maklum ku nyai oge, sami
nyepeng nyakrawati, boga
nagara.*

Kepada semua prajurit,
kendaraan sudah tersedia,
lalu Dewi Soja bersalaman,
kepada Sultan Mesir kakaknya,
Adik mohon pamit,
sekarang akan pulang,
maha sultan berkata,
Kakak mengizinkan,
didoakan agar selamat nanti.

Selamat tinggal Kakak,
juga Kakak Aji,
jangan lupa,
sering-seringlah kemari,
jangan karena ingin pulang,
jadi tidak ingat,
jawab Dewi Soja,
singkatnya di tengah-tengah,
insya Allah kalau tidak ada halangan.

Singkat cerita,
semua bupati,
sama-sama minta izin pulang,
dan sultan mengizinkan,
sering-seringlah kemari,
katanya kepada para raja,
singkatnya semua pulang,
ke negara masing-masing.

Cerita Ahmad Muhammad ini,
selesai tidak ada yang dikarang,
selamat yang diceritakan,
begitu pula yang mendengarkan,

*Kasadaya wadia balad,
titihan enggeus sayagi,
Dewi soja seug munjungan,
ka rakana Sulton Mesir,
kang rai neda piidin,
ayeuna amit rek wangsul,
sang maha sulton ngandika,
saenya engkang idi,
sambung dua muga salamet
kapayun.*

*Atuh Aceuk pileuleuyan,
sarawuh ka raka aji,
nyiruan genteng cangkengna,
masing mindeng pulang anting,
ulah kena hoyong mulih,
mucuk kalapa teu emut,
Dewi Soja jawab,
gancangna di tengah margi,
insyaalloh manawi teu aya
pamengan.*

*Enggalna ieu carios,
sadaya para bopati,
sami unjukan rek mulih,
jeng sultan mamarin idin, masing
mindeng pulang anting, saur
sadaya ratu, enggalna sadaya
mulang, ka nagara masing-
masing.*

*Ieu layang Ahmad Muhammad,
seep taya nu didangding,
salamet nu dicarita,
sumawona anu nguping,*

tidak terganggu hatinya,
 kepada siapa saja yang mendengar,
 yang membaca juga yang menanggapi,
 begitu pula yang menulis,
 sudah selesai hanya sampai di sini
 ceritanya.

Tetapi tulisan ini,
 selesainya yang ditulis ini,
 di bulan Muharam pisan,
 tanggal sembilan,
 hari Sabtu yang disebut,
 terima kasih kepada pendengar,
 semoga semuanya,
 mau memaklumi penulis,
 kepada yang membaca kalau ada
 kekurangan.

Terima kasih dan mohon maklum,
 karena saya merasa,
 sudah tentu banyak kesalahan,
 oleh karena itu saya,
 merasa belum mampu,
 sambil belajar,
 belum sampai menjadi pujangga,
 oleh karena itu semuanya,
 Walahu alam bisawab.

Amin

*teu aya sawios galih,
 ka sakur anu ngadarangu,
 nu maca rawuh nu nanggap,
 sumawona anu nulis,
 enggeus tamat ngan sakieu
 papakemna.*

*Tatapi ieu nyeratna,
 tamatna ieu di tulis,
 di bulan Muharam pisan,
 tanggal salapan pasti,
 dinten Saptu nu kasebat,
 panuhun kanu ngadangu,
 muga bae ka sadaya,
 kedah di malum nu nulis,
 kanu ngaos margina kirang utami.*

*Panuhun kedah ngamalum,
 sababna raos sim abdi,
 tinangtos seueur lepatna,
 ku kituna jisim abdi,
 rumaos teu acan bisa,
 bari diajar kulanun,
 tacan sampe bujanggalna,
 nu mawi sadaya-daya,
 Walahu alam bisawab.*

Amin.

07 - 3314

PAN			
0	0	-	313

89
I